Мохьмад Мамакаев

Дайнехкан накъаш

МОХЬМАД МАМАКАЕВ

МОХЬМАД МАМАКАЕВ

Даймехкан некъаш

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
1960

ДИЙЦАРШ

ШАТОЙСК
ЦЕНТРАЛЬНАЯ
РАЙОННАЯ
БИБЛИ ОТЕ КА

Девзаний хьуна, доттагIа, Даймехкан некъаш,
Леллий хьо кхаьрца, алахьа, бIаьрг тоха соьцуш?
И ховха зиэзагаш санна кол, баI а хиэташ,
ДогIанна кIелвисча, арахь, ирс кхаьчна виэккаш?

ЦХЬАНА БУСА

I

Сарахь, лимон санна можа малх дIабузуш, шийла мох хьаькхира. Буьйса юккъе яхча къаьсттина кхин тIе а шелъелира, ткъа сатосуш гIотанашна хьалхарчу кегийрачу Iаьмнаш тIе, ахкарган пардо санна, буткъа ша озийра. ГIеххьа хьоькхуш лаьттина мох тIеттIа чIагIлуш хIинца дарце болуш лаьттара. Цкъацкъа и кIоргга лаьттах тоьхна хьоккхий схьа а даьхна, массо а эрзан цIов цхьацца боккхуш, мохо и бун кху йист йоцчу арахула дIасхьа хьур ю, аьлла, хоьтуьйтура.

— Ой, шайтIано эккхийна лиэла техьа хIара, — олура ИбрахIима, ша шега луьйш санна. Онда, лекхачу дегIахь, тIе хьаьжча и дарц санна буьрса юьхь-сибат а долуш стаг вара къена жаIу.

ДIо, буьнан соннехь, йоккхачу кетарх а хьаьрчина, чан цIевна тIехь агIорваьлла Iуьллура Ахьмад. Цуьнан, беран санна, ховха стомме балдаш а долуш, сийначу бIаьргашца горга юьхь, оцу боккхачу кетаран коча юккъера, боданера цхьа къуьда санна, схьахьоьжуш яра. Хьерабаьллачу мохе ла а доьгIна,

шен сингаттаме даьлла дог а таIош, ша-м шек а хьо ваха вацара, аьлла хоьтуьйтуш:

— Иза-м, ИбрахIим, шен цIингаш а биттина соцур бара, — элира Ахьмада.

ХIинца а ткъоьсна шо а ца дуьзнера Ахьмадан, делахь а шен ницкъ ма кхоччу оцу шен хенал воккха хила гIерташ холчахь вара иза. Собар-сацам болуш, гIиллакхашца Iалашлуш, шен дешан да хила гIерташ холчахь вара Ахьмад. Шайн эвларчу уггаре а тоьлуш болчу нахера: къамел дар, велавалар, хьовха, волавалар а схьаэца гIерташ даима церан тидам бен ву иза, олура наха Ахьмадана.

— Воккха стаг, хIумма а дац хьуна, воха ма вохалахь, — элира цо, шен хийла хан хьалха кхелхина ненда санна, цхьана балдашца вела а къежна.

Ша Iечуьра айвелла, буьнара ара а хьаьжна:

— Кхин шек-м дера вацара со, уьстагIех къахета-кх, — жоп делира ИбрахIима.

Гена доцуш, дIанехьа регIаца, вовшах а гIоьртина гулделла лаьттара уьстагIий; стиглахь яссаеллачу кIайчу морхех тарлуш и аре дIалаьцнера цара. Мохо царна тIера и беха, кIайн исхарин тIаргIа керчош, уьш хи тIехь айелла цхьа кегийра кIай-дато тултIеш ю моьттура.

— ГIотош чу лаьхкича муха хир дара техьа уьш?.. — эккхийтира ИбрахIима, кIеззиг ойла а йина.

— Вайшиъ йовхачу пеша хьалха а хууш бахий ахь? — аьлла, бегаш бечуха, вела а къежна, тIетуьйхира Ахьмада. ХьалагIаьттина, куьйгаш пхьуьйшаш чу а доьхкина и шен еха кIтар а такхийна, буьнан

берте веара иза. — Хьовса вай кху арахь хIун ду,— аьлла, аравелира Ахьмад.

Ахьмад ара ма велли цу сихачу дарцо, бумбарий санна, юьйсина кетар а айина, бIаьргаш чу ло а детташ, вадийна дIо лаха Iинчу ваькхира иза.

— Ой, дела хила хьо хIаллак! — аьлла, оьгIазвахана мохь а тухуш, эккхийтира Ахьмада.

БIаьргашна хIума ца гойтуш гIаьттинчу дарцо ло айдина ца Iеш, шок а тоьхна ша карзах даьлча, айбой и кегийра жагIа тухий, Ахьмадан кетар вота санна екайора.

— У-у-вай. ХIара-м далатохар ду! — аьлла, цецвелира Ахьмад. БIаьргашна хIума ца гойтуш, лаьттахула текхина, и ерриге а стигала дIа а лачкъийна йогIуш цхьа инзаре ирча Iаьржа мархаш яра; цу кIуьро бахьачу кхерамо, ластийна хIума тоьхча санна, дог лаза даькхира Ахьмадан.

Охьа а таьIна, халла текхаш, дарцах букъ а тоьхна, вуха буьнчу веара иза.

— ХIара-м къаьхьа де ду, ло ма диллахьара, — элира цо ИбрахIиме, шен дахьийна куьйгаш а хьекхош.

— ТIаккха хир ду хьуна, Ахьмад, далатохар, и ду хьуна уггаре а доьхнарг,— аьлла, шен кIайлуш лаьттачу можах ка хьаькхира ИбрахIима. — Къухала тесна хIу санна довш, уьстагIий даьржар ду, я схьа а гуллур дац вайша валарх,— аьлла, йиш йоьхна висира ИбрахIим.

Кетаран тIам а айбина вехха ваьллира къена стаг шен бумазин хечин киснара кисет схьаяккха гIерташ. ЧIогIачу томкеч цигаьрка а йина, халла и латийна, шен буткъа-бехачу мерехула, цхьа кIай-Iожа-

чу басахь, чкъургашца кIур хийцира цо. ИбрахIиман гезган маша санна гондахьа сизаш а хIиттина долу боьмаша бIаьргаш, наб озийнчу цициган бIаьргаш санна горгделлера.

Чувеана Ахьмад, шена тIера кетар дIа а яькккхина, охъахиира. Цунна тIехь доIаха басахь аьхна гIовтал а, иштта йина хеча а, когахь Iаьржа бIоржамаш а бара.

— Цхьа жимма хIума кхалла вайша, ИбрахIим, тIаккха хьовсур вай кхунах хIун хуьлу... Иштта доьхна хир даций хIара-м,— аьлла, паргIато вист а хилла, схьаэцна, кхехкийна жижиггий, шийла галнашший чохь йолу яй хьалха а хIоттийна, тIоьрмигара схьабаькккхина и боккха цIен хох, буйн тоьхна боха а бина, кечвелира Ахьмад.

ИбрахIим Iадийча санна арарчу дарце ладоьгIуш Iара. Герггахь берзалой угIуш санна хийтира цуьнан гIелделлачу лергашна. И чуьра къуона цIе яйна бIаьргаш кхин а горгдеш, къеначу стеган хьаж тIе шад гулбеллера.

— Ахьмад, гIой хьажал, уьстагIий шайн меттахь дуй техьа?

— Царна-м хIумма а хир дацара.

— Валол, валол! Кху дарцо уьш дIа-схьа даржорна кхоьру со.

Шена тIе цхьа йоца кетар а юьйхина шозлагIа а аравелира Ахьмад.

— Топ хьуо хьайца! — мохь туьйхира цунна таьхьа ИбрахIима.

Амма, мох сов чIогIа хоькхуш хиларна, Ахьмадана ца хезира иза.

Ницкъ ма кхоччу гIоьртина цу дарцах агIу а тоьх-

на, уьстагIашна го боккхуш вара Ахьмад. Вовшашна чуччадоьлхуш кортош дIа а ловчкъийна тийна дийшина Iохкуш дара уьстагIий. Церан таьIина—кIайн исхарин тIаргIа а кегош, тохар санна царна тIехь гочбоккхуш дарц а лиэлара. УьстагIашна гонаха Iохку жIаьлеш а гIийлла цIийзара.

ЖIаьлешка луьйчу Ахьмадан аз а хезаш, ша висна ИбрахIим ойланаш еш вара. Иштта ша висча, куьзгана хьожуш санна, ойланашца шен кийра хьожжура воккха стаг. Дуккха а хан ю ИбрахIим жиэ лиэла. Хийла шеллуш арахь буьйса яькхина цо кхузахь, хийла бовхачу малха кIел, эзарна юккъехь шен тидам бан безаш берг лоьхуш, кху арахь олхазарийн эшаршка ладегIна цо. Амма тахана санна и гIелвеш ойла ца йина ИбрахIима цкъа а; оццул ладогIарх кхин аьтто болуш дан хIумма а дага ца деара цунна, цундела: «Деллахьа, къанвелла техьа со? Сайн дерг дина а ваьлла, нацкъар вала веза хан тIекхаьчна техьа суна?» — бохуш, тIегIертачу хеттарша хьаьшнера къена стаг.

* * *

УьстагIашна го а баькхкхина вухавирзинчу Ахьмадана, цхьа къоро тата а долуш, тогIий чохь жIаьлеш леташ хезира.

Дарцо охьа а ветташ вуха воьдучу цунна берзалойх тасаделла доллуш шен цIагара кIай жIаьла а, дIахарцийна элан рагI санна, чучча а гIоьртина басахь дохкуш уьстагIий а гира. Дукха чевнаш хилла цIагара жIаьла цIела кирчича санна дара. Кхин карахь хIумма а йоцуш, бIарзвеллачу Ахьмада воьддушехь схьаяькхкхина шена тIера кетар кхоьсси-

ра берзалошна юккъе. Царех схьайирзинчу цхьаммо Ахьмадана ирча къажийна цергаш гайтар бен кхин шек а йоцуш уьстагIашна тIегIерташ яра арданг.

Катоьхна шен карайогIу юша-яр а лахьийна цу цIевнах сирник Iоьттира Ахьмада, тIуьнчу ярех цIе ца летира; тIаккха шена тIера схьаяьккхинчу гIовталх сихха ятIийна ши дакъа а дина, шина а кесках сирник Iоьттира цо. Бекъа бамба, цхьа ира-муьста хьожа а йолуш, бага болабелча и ши кийсик цхьацца буйна а йоьллина лестош берзалошна чугIоьртира Ахьмад.

...Шена хьалха и тохара санна кхераме къажийна берзан кIомсарш гина йовлалий, кхоьссинчу хIуманах таръелла тIекхеттачу барзо некхе ка а тоьхна тIекIел эккхийтира Ахьмад. Оцу минотехь, гIенах санна шена юххехь ваьштта шозза топ йолуш хезира цунна.

ШЕДАН КХАЖ

Тхешан да дагавагIац суна, нана кхелхина хан билгалъя а хаац, хIунда аьлча сан даго и кхалхар цкъа а тIе ца эцна дела.

Делахь а, дог Iийжош, гIенах санна, хIинца а сан ойланца лиэла: Iаьржачу вертана кIел, тхов санна айбинчу барамахь сан нана а эцна, гIийла узам а беш, тезетан тоба тхан эвлах ялар а, воьлхуш со тхешан учахь, матар а боьлла лаьттачу, шийлачу бIогIамах хьаьрчинчохь висар а...

Цул тIаьхьа дукха хан ялале со тхан девашас ша волчу дIавигира.

Тхан деваша Салман, аса-м Ваша олура цунах, бераш а доцуш, шен къуоначу нускалца Мазлак-гIалина гена йоцчу кIэтарахь Iеш вара; цигахь цаьрца Iеш тхан дейиша Бано а яра, цунах ас Деца олура.

Салман ша, чардакх санна лекха, куц долуш, империалистически хьалхарчу тIамехь и къаьсттина ка йолуш майра хиларна Георгин кхо жIар а елла вара. Цуьнан хаъал морзгалмоьнаша йохийнчу юьхь тIехь, лерга юххера чIенига кIел кхочуш, цу

тІамехь хиллачу чевнийн кІорга мо бара. Вашас дийцарехь, валарний, висарний юккъехь чо биллал меттиг йоцуш Іиллинера иза кхузза.

— Цкъа, вайчара байинчарна юккъехь а витина, мостагІчун санитарни отрядо дІавехьира со, — олий дуьйцура цо. — И хилира 1915-чу шарахь Перемышль-гІали юххехь; юкъакара даханчохь чІогІа чов хилла со воьжначохь а вуьсуш вайн эскар духаделира. Дийна ву-вац хьажа, мостагІчун салтичо суна чІенига кІел мийра тоьхча, халла бІаьргаш схьабиллира ас.

— Оьрси вуй хьо? — хаьттира соьга австрин салтичо.

— Вац,— элира ас.

— ГІалгІазкхи?

— Нохчо.

— А-а! Нохчо, нохчо, — бохуш, цецбевлла, вовшашца цхьа гІурт а бетташ, барми тІе а виллина, дІавехьира со мостагІчун салташа.

Йийсарехь дахар тІех ирча дара. Лазартнехь сан чевнаш ма йирзинехь вигина, цхьана хьалдолчу немцочун кертара кхо-пхьаж дІабоккхуьйтуш, ялхо вина вацийра со. Сайн аьтто ма белли цигара вада а ведда, вуха а тІам тІе вахара со, юха а чов хилира, амма кхин церан кара-м ца вахара.

— ЦІа-м хьаха веара хьан Ваша, мустйина котам санна, беркъа а ваьлла, кочахь цхьана тишчу чоьин каччий, оццул эрча воккхуш юьхь тІе хІоттийна и мой бен кхин деа хІума доцуш,— олий, цхьана челакхчу хІуманах санна, майрачух бІаьрг а тухий, даша юккъе эккхара Кулсам.

— ГІовгІа ма е, хьуна мичара хаьа арахь наха

хIун лиэладо? — олий, тIечовхара Ваша шен зудчунна.— Махках а ца лун болу дин ца балийра ас, цуьнан меха хIара шед а цигара ца еара ас? — цу хеттаршца хьала а эккхий, лун маIаш тIехь, герзашна юккъехь баьрччехь кхозучуьра схьа а оьций, шурул кIайчу, пийлан даьIахкан, дешица кхелина мукъ болу и нисъелла шед гойтура цо тхуна. — Кху йозане хьовсал, йозане! ЛадогIал: «Арахь дина, цIахь зудчунна!» — олий юх-юха а доьшура цо цу шедан кхожа тIера и диъ дош.

Кулсам, сихха шен майра волчухьа бIаьрг а кхуссий, арайолура. ТIаккха Бано йистхуьлура:

— Цу тIе яздинарг хIун ду-м дера ца хаьара тхуна, изза бен дацахь башха хьекъал долуш хIума а дац хьуна иза-м. Деллахьа цу йозанца хьайна йиталахь и! — олий, аз айдой йистхуьлура Бано шен жимачу вешига.

ТIаккха кхин цкъа а сутар хьажа а хьожий, тохарлеррачу дIауллура Вашас шен хьоме шед.

II

Ваша, къаьсттина со дукхавезаш, дика вара соьца. Амма, дайн тIаьхьенца, церан гIиллакхашца, терго еш, со каде, тIахъаьлла Iамо гIерташ чIогIа къахьоьгура цо.

— Ма хаавелахь и цу говра, мегар дац хьуна,— бохуш, децас, гIаггIинехь, мохь хьоькхушехь, сан ворхI шо кхаьчхьана дуьйна со тIе а хаавой, и шен уггаре а челакх дин дIахоьцура цо. Масала, ас, кхера а велла, говран кхес лаьцча: — ДIахеца, кIилло, и кхес, нийса Iе! — олий, мохь а тухий, тIечевхара суна Ваша.

Вашина луург дан гIерташ, кхес дIа а хоьций, хийла говрара Iункар чувужура со. ТIаккха, водий тIевогIий, со хьала а айвой: «Схьахьажал соьга, лазийний хьо? — олий, хаттар а дой, со вистхилла валале, — схьавоьл кхин цкъа а, кхера ма кхера, тIаккха охьавужур вац хьо», — олий, вуха а говра хаавора цо со.

Иштта сох бере ван гIерташ, со а, говр а хьийзош, хIор денна бохург санна, къахьоьгура Вашас.

Тхан луларчу Iумхас цхьана дийнахь шега:

— Салман, и кIант лазавайта гIерта хьо, витахьа иза а, и говр а,— аьлча.

— Иштта ма ала, ва Iумха,— элира Вашас. — «Серах ца бина хIоз, хьокхах балур бац»,— олу вайн дайн кица хезний хьуна? Бакъду хьуна иза, Iумха. И санна берахь ца кхиинчух дезар кхуьур дац хьуна.

— Иза а бакъ ма ду, Салман,— олий, Iумха цуьнгахьа а волий, со вицвора цу шимма.

Цхьана дийнахь арабаькхина, оцу ша тIам тIера балийнчу, оха «Бораниг» цIе тиллинчу, шен дикачу динна нуьйр а тиллина, дацдинчу луьйтанийн локхарш чу когаш а нисбеш говра хаийра со Вашас. ТIаккха цо и шен кхелина маьIа кхаж болу шед, цу кхожа тIерчу бахтарх пхьарс чекх а боккхуш, сан буйна йоьллира.

Леррина хьожуш, говра тIехь со дIанисвина ша ваьлча:

— ХIинца ладогIал соьга,— элира Вашас. — Ваша Азамат волчу Бена-юьрта гIур ву хьо хIинца. Дагадогiий хьуна ас хьуо цаьрга вигина?

— ДогIу.

— Хьай борз яI...

— УьйтIахь цхьа доккха комарийн дитт а долуш дуй церан цIеношI?

— Ду те. И дага догIу хьуна?

— ДогIу. Со цу тIера, комарш юуш воллуш охьа муха вуьйжира?..

— Хьай борз яI. Иза а ца дицделла. Вуьззина къуонаха ву-кх хьо, — аьлла, пхьарс а лаьцна, говра тIехь вегийра Вашас со.— Ас данйтина алий хIара кехат цуьнга дIа а лой, цIа вола.

Доьазза тIе-кIел а йиллина цхьа кехатан цуьрг йоьллира цо сан кIайчу кучан хьалхарчу кисана.

— Вахалур вуй хьо?

— Вахалур ву.

— Стенга хьежадо ахь и бер? Хьерваьлла стаг ву-кха хьо,—аьлла, ши куьг а ластийна, дов деш чуьра араелира Бано.— Вахалур вац хьуна и, эвлах валале цу эмалке охьа а тохийтина и бер лазадайта воллу хьо.

— ДIаяла, гIовгIа ма е, Бано, зударийн гIуллакх дац оха лелочуьнца. Тхо-м къуонахий дай, тхаьш хIун лиэладо а хууш,— элира цуьнга Вашас, виэла къежжинчохь соьгахьа а воьрзуш.

— Деца, вахалур ву хьуна со,— аьлла, хьаставелира со Банона, цуьнга ла а доьгIна, Вашас суо товрара охьавоссорна кхеравелла. Нагахь охьавоьссича а Вашас хьийзор вара, къуонаха вац, Бена-юьрта вахa а ца ваьхьира, хьо бохуш.

— ЛадогIал, хезий хьуна? Тхо-м къуонахий дай.— Воккхавеш, верриге а велавелла, соьга схьа а хьаьжна, хаьттира цо:

— Бакълуьй со, Мозак?

ШАТОЙСК АЯ
ЦЕНТРАЛЬНАЯ
РАЙОННАЯ

— Бакълуьй, Ваша, — элира ас.

Диллинчу ке тІе а ерзийна, сан говран урх дІахийцира Вашас. Со генна ваьлча:

— Варе, шед чІогІа ларъелахь!— аьлла, тІаьхьа мохь туьйхира соьга цо.

III

Суо эвлах араваьлча, кІеззиг шед а айеш, говран урх малйира ас. Суна кІелхьара говр, мацъеллачу барзо даьІахк санна гаьллаш а Іаьвшина, шена цхьаммо чов йича санна дІаккхира. Со, тІулг хилла нуьйра тІе а вижина, дІатийра. Дехха садиттира ас сан Бораниг ша кхетамчу а еъна, соцур ю моьттуш, амма ц тІеттІа сихлуш, мохо айбина лаьхьа санна, сихъелла йоьдура. Сайн ницкъ маббу ас урх юхаозарх и кІеззиг а лахъян ницкъ ца кхечира сан. ТІаккха сайн ма-хуьллу цхьа урх а озийна, халла новкъара а яьккхина хьаьжкІаш юккъе ялийра ас Бораниг. Кхузахь а, тохара санна, сиха йоьдура сан говр. Тх-тх, тх-тх, тх-тх, — бохуш, цу къоначу хьаьжкІийн лоьдгаш цоьстуш, говро когашца ден тата бен схьахезаш хІумма а дацара. ТІаккха а, сайн урхах катоьхна, ма хуьллу озийна къух-колл йолчу шу юххе ялийра ас говр.

Кхин гІор доцуш кІелвисна суо собарх ваьлча, меллаша айлуш, сайн когаш луьйтаннийн бахтарш чуьра схьа а бохуш, нуьйра тІехь горгвелира со. ТІаккха хахкаелла йоьдучу говра тІера, кхоссавелла цу кІедачу баца тІехула, буьрка санна, дІавахара со.

Ца хІара ю аьлла, суна хаьлуш лазийна хІума

йоцуш со хьалагIаьттича, цхьа итт гIулч бен суна тена йоцуш, цхьана хIуманна ша бехкала яхча санна корта охьа а бахийтина, лаьттара Бораниг. Лерриа соьга схьахьоьжучу цуьнан Iаьржа баккхийчу бIаьргаша хIинца: «Хьашт доцуш едира со, кхин йодур яц, схьавола суна тIехаа», — бохуш санна хетара.

Бораниг бехке йолуш кху арахь со валаза хIинцца ваьллехь а, хIокху сохьта кхин а чIогIа дукхаезаелира суна сайн говр. ХIинца соьга хаьттича массо а вочунна бехке ерг Вашас соьга елла шед яра.

Меллаша Борачунна тIе а вахана, цуьнан вортанах а хьаьрчина, нанна бер санна хьаставелира со цунна. Тохара санна, меттах ца йолуш, шен и йовха ворта сох схьа а тоьхна, лаьттара Бораниг. Оццул йоккхачу эрна арахь суо висинчу сан хIинца дуьненаъь цул гергара хIумма а дацара.

Говран гоьла тIе когаш а гIертош, цуьнан кхес а лаьцна, вортан тIехула текхна нуьйра тIе а ваьлла, тохара санна нислуш, говра хиира со. Ас дирста схьалаьцча, меллаша корта хьала а айбина, новкъа а яьлла Бена-Юьртахьа дIайолаелира Бораниг. ХIинца цо мел боккху ког а шен хьоме бер Iалашдеш нанас санна, лерина боккхура.

Кхин новкъахь цхьа а бохам ца хуьлуш Бена-Юьрта а веана, Вашас сайга делла кехат цуьнан доттагIчуьнга Азамате дIаделира ас.

— Хьай, дукха ваха хьо, ма нисвелла бере а ву.— аьлла, цхьа тIам лаьцна со говра тIера охьа а ваьккхина, шен хаза, куц долуш йолчу хIусам-нене ша дIалуш,— вузавелахь хIара,— элира Азамата.

IV

Вуханехьа новкъа со Азаматца цхьаьнний велира. Цуьнан и лекхачу дегIахь куц долу, хьаргIа санна Iаьржа дин, гIургIезах ворта а саттийна, даиманна а разбуьйлуш, некъ ца тоьуш, ловзуш богIура. Цо шен цIарца меттахбоккхий сан Бораниг а, ворта а саттайой, ша лаьттачохь бергаш а тухий дIа-схьа разхьовзара. Азамата и шен челакх дин ас урамехь ловзош йолчу сайн чкъургал атта лиэлабора; шена ма лиъинехь урхаш а тухий, тайниг санна, «гIарчI» олий, кIегар хаабора цо и. ТIаккха соьгахьа а воьрзий:

— Бере, муха ду хьан гIуллакх, ларавой хьо динца? — олий, хаттар дора.

— Лараво.

— Хьай борз яI. Урхаш а ца хьееш ша пергIат йита ахь, цхьанхьа а гIур яц хьуна и; хаьа хьуна цунна хьо жима вуйла, — олий, говрахь Iеш дирста муха лиэло еза Iамадора суна Азамата.

Тхойшиъ кIотархойн бошмашка кхочуш, цIеххьана яьхкинчу морхаша чубуза бирзина малх къайлабаьккхира. РаьгIнаш а, хи тоьхча санна, макх а елла дIахIиттира. Делахь а хала дара хIаваэхь хилларчу хийцамаша хIун дахьур ду аьа...

ГIехь чан йожош догIа а тоьхна, езза айаелла, некъ хадош, таьллаш тIехула а евлла, морхаш а дIаяхара. Стиглахь а, лаьттахь а тохара санна тийна, йовха дIахIоьттира. ХIинцца тхойшинна гIехьа йисинчу хьеран гIовгIа а хезаш яцара, соьга Азамата ден къамел а, говраша мерех етта шакарш а

хIинца, аз хIаваах чекх ца долуш санна, инзаре тийна кIеда хезара. РаьгIнаш а паргIатъевлла йийшича санна хаза Iохкура.

V

ЦIа кхаьчча тхойшинна дуьхьал Ваша уьйтIа велира. Меллаша со говра тIера охьа а ваькkхина, ас бинчу некъан хьокъехь хеттарш дан волавелира и соьга. Ас къамел чIогIа дог ца догIуш дора; сайга цо шед хьахаярна кхоьруш. Суна хьалхара дукха хьолахь жоп луш верг Азамат вара; ас мел цадинарг а дина бохуш, шен ма хуьллу со хеставеш.

Мухха делахь а я, сан охьадаханчу бIаьргех шекваьлла, я ас дечу къамелах тешам байна, охьа а лахвелла леррина соьга хьаьжира Ваша.

— Сан бере, хьан шед мичхьа ю? — топ яьлча санна со Iада а веш, хаттар дира Вашас.

Со вист а ца хилира.

— Шед цо тхоьгахь йитина, — элира Азамата, воьхна со кIелхьара ваккха ойла хилла.

— И хIун ду? Ткъа иштта тидам боцуш хуьлу бере? — аьлла, суна тIе а чевхина, цу сохьта со шед ян вухавахийта и воллуш, тIеанчу Банос:

— ХIун де бах ахь цу бере? Витахьа и садаIа мукъане а, — аьлла, цуьнгара схьа а ваькkхина, дIавигира со.

Децига со говра тIера охьавожар а, цигахь сайн яйна шед а — дерриге а ма дарра дIадийцира ас.

— Хьажахьа, хьажахьа... Дала гIо дина виснакха хьо дийна, — аьлла, ластийна ши куьг шен

екъачу голаш тІе туьйхира децас. — Делан къинхетам бу-кх хилларг... Сийначу стигала ялахьара и шед, цу тІе яздинчу сел Іовдалчу йозанца. — Аз лах а дина элира децас, ваша волчу агІор куьг а ластош. — Вашига ма алалахь хьайн шед яйна. Кхин шек а воцуш лаха-м дера вохуьйтур ву. Хьераваьлла стаг ву хьан деваша: ша а цу говрахь кхиъна, хІинца хьо а хьийзаво цунна тІера охьа ца вуссуьйтуш. Дера, кхи-м хаор ма вац хьуна цо хьо цу хьеръяьллачу говра, — аьлла, хадийра децас.

Цхьа тийна, лерина Банос хаза дийцарш дуьйцуш, цуьнан екъачу юьхьа тІехь чуэгна Іохкучу бІаьргашка а хьоьжуш хийла наб кхетта суна. Чот яцара цунна хуучу тамашийна дийцарийн: «Шийтта саьрмак», «Цхьа бІаьрг болу дожал». «ШайтІий, ешаппий», «ВорхІ вешин цхьа йиша», «Наьрт-аьрстхой», «Сутара жоьра-баба», иштта дІа кхин долу а деха нохчийн инзаре туьйранаш, цхьана дашна гал ца йолуш, со набаро Іехаваллац дуьйцура цо.

Децас юххе охьа а вижийна, хаза туьйра а дуьйцуш, хІор чо цхьацца боккхуш сайна коьртах шен довха куьг хьаькхча со сайн нанна юххехь волуш санна хеталора суна. Делахь а цу хазчу ойлано витина суо пергІатваьлча хаьара со нанна юххехь воцийла а, суна мел хала делахь а, кхин сайн ненах со кхетар воцийла а, децех, и мел дика елахь а, сайна нана хир йоцийла а. Децин дог а лозура сох, со дукха а везара цунна, делахь а ненан кхачамца дош ца алалора цуьнга сан гІуллакх хадочохь. Цундела Вашас шозлагІчу дийнахь оццу говра ханйра со, амма кхин охьа-м ца вуьйжира со говрара.

Шед яйна ши-кхо шо даьлча вуха а Бена-Юьрта воьдуш вара со. ХІинца новкъа ваьлларг со суо вацара; базара даха даьлла Ваша а, деца а дара, цаьрца цхьаьна со а вара.

Тхо тогІех дехьа а девлла, «ЦІонтаройн дукъ» олу йоккха ирхо а яькккхина, шерачу акъаре тІе девлира.

Хазачу гуьйренан сирлачу дийнахь кхузара дІахьаьжча куьйган кераюккъехь санна гуш, тийна Терк ду, цунна тІера дІаІуьллуш йист йоцу шера НогІийн аре а ю. Аьтто агІор дІахьаьжча, ишта тийна гуьйренан можачу духарца, лаьтташ лекха раьгІнаш ю.

Цхьана гомхачу саьнгарца яьлла юькъа кол а йолуш, шу йистехь суо охьавоьжна меттиг, бІаьрг ма кхиттинехь, евзира суна.

— Ваша, кхузахь... хІоккхузахь, Ваша... — иккхира соьгара, цІеххьана, айса хІун олу а ца хууш.

— ХІун ду кхузахь? — хаьттира соьга Вашас.

Іадийча санна, хІинца айса хІун ала деза ца хууш, Іара со. Цец а даьлла соьга хьаьжжинчохь дисира Ваший, дений.

— ХІун бах ахь кІант? Схьаалал.

— Кхузахь яйъира аса хьан шед,— аьлла, дуьхьара даре дира ас Вашина.

ХІокху шина-кхаа шарахь цкъа бен ас шен яйъина шед ца хьахийнера соьга Вашас. Иза а ас со цхьанхьа вахийта аьлча: «ДІавала, кІилло, вахийтахь хьо хІинца цигахь дин а битина вогІур ву-кха. Иштта хуьлий иза-м цкъа шед йойу, тІаккха дин»,—

эккхийтира цо бегашина санна. Суна хетарехь, ас и шед билггал Азамат волчохь йитина, ткъа Азамата шена безамна схьа ца йоуьйтуш иза латтайо моьттуш волу таро яра Ваша.

ХIинца, ас даре дича, цецваьлла кхин цкъа соьга а хьаьжна:

— Т-р-р, — аьлла, говраш совца а йина, хIургонара охьавоьссира Ваша.

— Схьавоьл, схьавоьл, мичахь яйъира ахь иза? Схьайоьл хьо а, Бано, лахал шимма а, лахал, — аьлла, охьа а таьIна, шен бехачу шедан кхожаца, матарйоьлла буц а кегош, дIа-схьа хьаьвзира Ваша.

— ХIун лаха бах ахь? — цецъяьлла хаьттира децас.

— Шед лаха, — элира Вашас, кхин хьала а ца таьIаш.

— Ой, хьераваьлла-кха хьо.

— Ца ваьлла, Бано, лахахьа, ас бохург дехьа.

— Лурчаха дехкаша йиъна бахтар мичахь карор ю хьуна?

— Кхаж, кхаж ца биъна, и каро беза.

— Ваша, хьажал, хIара гой хьуна? — аьлла, мохь белира соьга, макх а белла, нисса ах лаьттах баханчуьра кхелана маьIан шедан кхаж схьа а баькхина.

Воккхавеш тIевеана, соьгара шедан кхаж дIа а эцна, леррина шозза—кхузза шен Iаьржачу исхарин чоьин тIам а хьаькхна цIанбира цо иза. КIайн маIа хаъал макхъеллехь а, кхожа тIера дашо йоза, тохара санна, къегина дIахIоьттира.

Тхо хIургона а хевшина, ас говраш дIалаьхкича,

кхин цкъа а чоьин тІам хьаькхна цІан а бина, децига дІабелира Вашас шедан кхаж.

— Бано, — элира цо, — хІинца хІара ларбар хьуна тІедуьллу ас. Кхин цкъа а бовр боцуш, тІорказ чу дІабиллалахь хІара.

— ХІинца хІун до ахь кхунах? — хоттуш ела а елла, Вашига хьаьжира деца.

Дера ас цкъа дийца-м ма дийцинера шуна, Бано, хІара шед суна Ишорерчу Алексей Поповс совгІатана елла ю, бохуш. ХІокху шедаца ваьлла-кх, Япон паччахьций, Германан паччахьций бинчу шина а тІамах чекх Алексей. Тхойшиъ Германан тІам тІера цІа вогІуш:

— Салман, хІара сайна уггаре а дукхаеза хІума лур ю ас хьуна, кест-кеста кхуьнга а хьожуш, суо хьуна дагаваийта, — аьлла, цо суна совгІатана елла яй хІара-м, яйа йиш йолуш яций.— Ткъа хІара йоза, йоза, — элира Вашас кхин цкъа а, шен лекха Іаьржа холхазан куй макхделлачу цІоцкъамаш тІера хьала а теттина, леррина шедан кхожа тІе яздинчу деа даше а хьаьжна, — дешица яздинехь а, дан а дац хІорш башха хьекъалехь дешнаш. — Цхьана хІумане ладугІуш санна, кІеззиг тийна сецира Ваша, тІаккха ша-шега олуш санна: — Стагана мичхьа дезар дара хІорш, дикачу говрана а ца дезаш хилча, — элира Вашас.

ЦIЕНА ДОГ

Шен пицкъ маббу, белш а тоьхна, дIатеттира Ахьмада неI. НеI меттах а ца елира. ТIаккха доггах гIоьртина кIеззиг и хер а йина, халла уча велира иза.

...Цхьана кIирнах сов лаьттира арахь дарц. Меца борз санна, угIуш хьекхначу шийлачу мохо гулйинчу лайн раьгIнашна юккъехь къайлаялаза лаьтташ яра ГIиргIазерчу жаIуйн хIусам а, гIотош а...

Цхьана минотехь учахь соцу Ахьмад.

Цунна тIехь, тIеуззуш нохчийн доьхкарца юкъйихкина, можачу басахь дерматдина, йоца кетар ю, когахь, кхоччуш лелийна, вертанан бIоржамаш бу. Ахьмадан, къаж санна, дукъа даьлла, даккхий цIоцкъамаш IаьржачУ куйнаца дIаиэлуш ду, холхазкуйнан еха кIинжа гIийла хьоькхучу мохо луьсту. Цуьнан IаьржА бIаьргаш, лон цу раьгIнашна юккъехь яйна хIума лоьхуш санна, лерина хьоьжуш бу.

Учара схьа а ваьлла, вуха а, саца а сецна, дIа геннахь Ишам схьадолучу дукъал тIехьа кхин гIотош лаьттачу хьоьжура иза леррина.

«IумАр дика жаIу ву, — аЭлла, ойла йира Ахьма-

да,— цо шен уьстагIий цхьа а ца бойтуш дика Iалаш а дина, берзалойх лар а дина. Делахь а балха тIехь кIоргга кхиъна вац Iумар, цундела цуьнан устагIаша арахь тIаргIа дукха бойу».

ТIаккха корехь чуоьзна чиркх богучу вуха а хьаьжна, шена жаIуьнан говзалла Iамийна воккхах волу доттагIа Сирсакбе баркаллица дагавеара Ахьмадна.

Чуьра йиша-вошалла шен цуьнца дацахь а, кIантана да санна, чIогIа дукхавеза цунна Сирсакбе. Ахьмад нохчо ву, Сирсакбе казах ву, делахь а цхьаьна бечу хьаналчу балхо чIагIдина цу шинна юккъера гергарло.

Массарал воккха а, говза а жаIу вара Сирсакбе районехь. Ахьмадна линира и санна хила. Школан ворхI класс чекх а яьккхина Сирсакбеца жа дажо вахара иза. Амма дукха хан ялале колхозан жа алсамдаккха Сирсакбен цхьа говзалла кIезиг юйла хиира цунна. Колхозан зоотехникца гергарло а тесна, шен ма хуьллу книгашна тIевирзира Ахьмад. Пхи шо хан ялале районехь тоьлаш болчу жаIуйн коьрте велира иза. ТIаккха артело Сирсакбега элира: «Хьайн белхан рагI яьккхина вели хьо, хIинца ахь садаIа мегар ду» — аьлла, амма цу дашна реза а ца хилла, Ахьмадан рогIца жа тIехь висира иза. ХIетахь дуьйна Ахьмад — гIотошкахь коьрта жаIу ву, цуьнан бригадехь воккха стаг Сирсакбе велахь а, бригадан цIе — комсомольски олий бен а ца йоккху.

Киснара даьккхинчу кIайчу йовлакхца ша лайца йилина юьхь а якъийна, вухавирзина сени чуьра баьхьа а эцна, гIотанашка вахара Ахьмад, ло дIахьаькхна паргIатъяьккхинчу неIаран зайл катоьхна дIа а

баьккхина, гIоте чу велира иза. УьстагIий, барзо кхерийча санна къахкаделла цхьана маьIе гулделира. Фонарь а латийна, чу ма велли лаьттачу гIопастана тIе охьахиира Ахьмад. Шен болх диканца чекхбер буйла хууш, тешна вара иза. «Тахана я кхана тIаьхьабисна ши жий бехкир бу, тIаккха айса тIелаьцна декхар кхочушдина аса аьлла, артелан куьйгалле хаам бан юьрта гIур ву со» — бохуш, ша Iаччохь ойла йора Ахьмада. Кхузахь вуха а дагавеара цунна Iумар.

«ХIун деш ву техьа и цигахь, балха тIехь ларавой техьа и? ГIо дан дезара ас цунна». ХIинццалц ша цунна гIо цадарна шена резавоцуш хилира Ахьмад.

«БIаьста сайн жий а боьхкина велосипед оьцур ю ас, — аьлла, сацийра цо шен дагахь. И тIех дика хир ду, нагахь юьрта я районе ваха дезчахь, со сихха дIа-схьа вахалур ву».

ГIотан сонехь хала бечу узарша меттахваккхалц, ишитта ша Iечохь ойланаш еш ши сахьт зама яьккхира цо.

«И муьлха бу?! ДIарниг — аьлла, хьаьдда гIотан Iаьржачу сонехь, озабелла гаъ охьа а тесна лаьттачу сирчу жийна тIевахара Ахьмад.— Шала бехкина! ХIара гIуллакх ду!»

Леррина схьаэцна и ши Iахар бIегIаган тIоьрмиг чу а биллина, кIарий чу дIабахьа хьалагIаьттира Ахьмад. Амма цу минотехь орцадаьккхина важа жий Iаьхира. ТIоьрмиг охьа а биллина, хьаьдда вахана кхин ши Iахар схьаийцира Ахьмада. ТIаккха вухавеана, лерина айбина Iахаршца шен тIоьрмиг а эцна, гIоти чуьра аравелира Ахьмад. Вуха ца воьрзуш мийра тоьхна тIететтира цо нех, цIевзина гурах а

кхетта, юха а цIевзира неI. НеI юхахеръяларх кхийтира Ахьмад. Кхин цкъа а ластийна, неIарх мийра а тоьхна, каде когбоккхуш кIарий чу вахара иза.

Iахарий кIедачу ча тIе оха а дехкина, хьаьвди тIера хьалаайбалуш воллу Ахьмад шен лаамера ваьлла цIеххьана, хорша еача санна, вегавелира; гIоте чохь орцадаькккхина Iоьхуш, уьстагIаша, уьдуш ден татанаш хезира цунна.

Кхоьссина хIума санна, сиха кIарий чуьра араикккхина Ахьмад, вахьийча санна, ша лаьттачохь висира: гIотанан неI шуьйрра йиллина лаьттара. Буьзна кад Iанорна кхоьруш санна, гIийла когбоккхуш гIотанан неIсагIел чоьхьа а ваьлла, кхерамо таIийна, цхьана маьIIе гулделла лаьттачу уьстагIашка ира бIаьрг туьйхира Ахьмада. Шозза дагардира цо устагIий, шоззе а цхьа жий оьшуш а карийна, гIоте чуьра вуха аравелира иза.

Хиллачо сов чIогIа вохийна, ца хууш цхьана минотехь лаьттира иза. Цул тIаьхьа кIеззиг кхетам чу веана, кхоссавелла кертал дехьа а иккхина, хьаьжинчу Ахьмадна, ло тIехула ехха гIулч а тосуш яханчу берзан лар гира. Хил дехьа, хьуьн чу, яханера берзан лар.

— Дала хIаллакйойла хьо,— аьлла, татанца цергаш а хьакхийна ша лаьттачохь ло тIе охьахиира Ахьмад.— ХIун дийр ду хIинца? Топ эцна лорах вахча а, хIинца муха боккхур бу цуьнгара дийна жий?

ДIа геннахь, дукъца охьайогIучу нилхачу хьуьнна тIехьа, Iумаран гIотанаш лаьттачу дIахьаьжначу Ахьмадна шен букъа тIехь зингатий лиэлаш санна

хийтира: «Кху сай таронца Iумар Iамо а гIертара. Мх... Тентак!»

Цхьана минотехь ша волчуьра меттах ца волуш Iийра Ахьмад. ТIаккха цхьа хIума дагатесна, вухавирзина гIотанан неIаран чIуг дIа а тесна, цIа вирзира иза. Учахь кIеззиг сецна, са а даьIна чувахара Ахьмад. Сирсакбе набкхетта волчух тера дара.

Меллаша, пеша юххехь кхозу архаш а эцна, сиха вухааравелира Ахьмад. Цул тIаьхьа сахьт даьлча ца кхоош говр лаьллина салазахь деттачу лона тIехула хаьхкина воьдуш вара иза.

Йоьттина элан варда а йохьуш, Iуьйрре юьртара вухавеара Ахьмад.

Сиха бIаьрг тоьхна гондIахьа а хьаьжна, вардан тIера охьабаькхира цо алана юккъехь Iуьллуш болу писбелла жий. НеI херйина жий гIоти чу а тесна, тIаккха вухавирзина катоьхна говр дIа а хецна, ша динчуьнна резахилла, чуволавелира иза.

Учахь Сирсакбе кхийтира Ахьмадна дуьхьал.

— Маца кхиъна хьо йол ян ваха? — хаьттира цуьнга Сирсакбес. — ГIоти чохь кIезиг дара техьа гIуллакх?

— Бисина ши жий селхана сарахь бехкира...— аьлла, геннара лаьцна жоп делира цо Сирсакбена.

— Йол-м ишта а шорта ма яра вайн кхузахь.

Ахьмад воьхна хьаьвзира.

— ГIотанашкахь сов йол хиларх новкъа дац,— элира цо Сирсакбена юьхьа дуьхьал ца хьожуш.

— Иза а ду бакъ, — аьлла, резахилира воккха стаг, чувоьдучу Ахьмадна тIаьхьа кхин цкъа а вела а къежна. Цхьана минотехь иза волчохь а лаьтти-

на, цул тIаьхьа гIоти чу а вахна, шозза дагардира цо уьстагIий.

Ахьмадна дагахь а дацара и юьрта ваха кечлуш, цо мел боккху ког а ларбеш Сирсакбе вижаза хилар. Ахьмад хIунда вахана ца хууш вехха лийлира иза, цхьацца ойланаш еш, гIотанашкахула волавелла. Ло тIехь берзан лар а гича, гIоте чохь цхьа жий оьшуш а карийча, кхин а чIогIа цецвелира Сирсакбе.

«Стенга, хIун эцна вахна Ахьмад буса? — бохуш, хоьттура Сирсакбес ша-шега .— Нагахь и экхан лар эцна ваханехь, топ хIунда ца ехьна цо?» — Сагатдеш, сахиларе сатуьйсуш лийлира иза. Iуьйранна малх кхеташ, гIотанашка йоьттина элан варда еача, кхоччуш ойлаюьйхира Сирсакбен. Амма Ахьмада вардан тIера охьабоккхуш боккха жий гича, цу сохьта гIуллакхах ма дарра кхийтира иза.

Чу а веана, цхьалха ца волуш, маьнги тIе дIавижира Ахьмад. Амма, ши бIаьрг а хьаббина мел чIогIа и дIатерах, наб кхета ца туьгура. ГIотанашкахь хиллачуьнга ладоьгIуш коьртехь хезаш масийтта ойла яра. Ша колхозан жа юккъе хецначу шен жийх беа кхоам ца хетара цунна. БIаьста и жи а боьхкина, ша велосипед эца кечлуш хилар а дишделлера Ахьмадна. Кхин дара цуьнан сагатдеш дерг. КIорггера дог Iийжош хьийзачу ойланаша байъинера цуьнан синтем.

«Айса колхозан уьстагI цаIалашбарна сайниг бели ас, ткъа харцахьа ду и? Сайн ледарлонна накъосташа даре а ца хьоьжуш ас-айса ди сайна таIзар»,— ойланаш йора Ахьмада.

Кхузахь дагадеара цунна ша цхьана комсомольски собранехь эхьдеш Iумар хьовзавар, уьстагIана тIера тIаргIа алсамбаькккхина ша аьлла, и накъостий Iехаба гIортар бахьана долуш.

— Мел кIезигчу хIуманна тIехь а, накъосташна хьалха, хьанал хила веза,— элира Ахьмада хIетахь.— Харцо цIеначу герзана тIейиллина мекха ю. И шен хеннахь дIа ца якхахь, цо деза герз хIаллакдийр ду. — Гкъа хIинца со ца гIерта сайн накъостий Iехо? — хоьттура Ахьмада ша-шега.

Цхьа сахьт даьллачул тIаьхьа Сирсакбе веара чу. Шад а, топ а эцна, неIара тIехь вуха а сецира иза.

— УстагIий аралахка воллу со,— элира цо Ахьмадна хазийта чIоггIа.

Ша набарха ваькккхинчуха бIаьргаш а биллина воккхачу стаге хьаьжира Ахьмад:

— Цхьана дийнахь собарда мегар дацара техьа?.. — элира цо гIийлачу озаца.

Резавоцуш корта ластийра Сирсакбес, тIаккха шен луьлла а латийна, цахуучуха дош кхоьссира:

— Сийсара вайн гIотанашкахь борз хилла, цуьнан лар гира суна. УстагIашна юкъаяха гIиртина таро ю. Амма мичахь яхалур яра и вайн гIотанашна чу. Яцара дера, и ялархм. ГондIахьа а хьийзина яьсса дIаяхана-кха.

Мохо макхйинчу Ахьмадан ' юьхь тIе цIен бос тесира, буха а бIаьргаш а хьабдина воьхна вистхилира иза:

— Хилла... Суна а гира цуьнан лар...— аьлла, вуха а пенехьа вирзира иза.

КIеззиг неIарехь а лаьттина, вела а къежна аравелира Сирсакбе.

— Вухаверзаве ас и, ма дарра дIадийца ас воккхачу стаге,— дагатесна, Сирсакбега кхайкха, хьалаайавелира Ахьмад, амма вуха а дегIана вазвелла метта охьавуьйжира. — ХIан-хIа, сихвала хьашт дац. Хаза чIоггIа, хьалха айса ойлаер ас цуьнан, — аьлла, сацийра Ахьмада.

Ледара хIоттийначу коран гура кIелхула, пешан туьнкалгехула санна, хьоькхучу мохо лоькхуш сингаттаме шок а яра. Цу шакаро аййича санна, Ахьмадна тIегIерташ наб а яра. Ахьмадан ойланаш гIеллуш, хедаш йовш яра...

ЦIеххьана учара аннаш меттахдевллачул тIаьхьа схьайиллинчу неIарал чоьхьа пхиъ комсомолец велира.

— Вижина ву хьо? — хаьттира царна хьалхалаьттачу шуьйррачу белшашца, лекхачу дегIахь волчу Дауда — юьртан комсомольски комитетан секретаро.— Тхо хьо волчу даьхкина хьоьгара каркара лун цIен байракх схьаэца. Комитето сацийна и Iумаре яла.

— Iумаре? — цецвелира Ахьмад.— Иза маца ваьлла сол хьалха?

— Iумара цхьа устагI ца бойуш жа Iалашдина, хьан дараш хилла, — элира Дауда.

— Цкъа хьалха ?Iоте чу гIой, дерриге а уьстагIий а, Iахарий а дагарде.

Лекхачу дегIахь кIеззиг уккал а таьIна волчу, Даудана юххехь лаьтта Iумар, тешам боцуш Ахьмаде а хьаьжна, цIеххьана велавелира.

— ХIунда дагардо уьш? Тхуна-м ишта а хаьа. уьстагIий, Iахарий хьан дерриге а дуйла, амма жа

юккъера цхьа жий нехан бу, дукха хан йоцуш ахь суна тIехбиттина тешнабехк бу и, Ахьмад. Хаза дац и.

— Дика дац и, Ахьмад, дика дац,— аьлла, чIагIдира, Ахьмадан бригадана планал совдоккхуш жа Iалашдарна, тIаргIа алсамбаккхарна елла байракх пена тIера схьайоккхуш воллучу Дауда.

— Ткъа и шух лачкъо гIертара со? — хаьттира Ахьмада.

Жоп ца делира Дауда. Пена тIера схьа а яьккхина байракх Iумаре дIаелира цо. Хаза хьарчийна цIен байракх а эцна , Iумар аравелира. Цунна тIаьххье бисина комсомольцаш а арабевлира. Дауд цхьана минотана чохь сецира. Ахьмадна тIевахана цуьнан белш тIе шен доккха куьг а тоьхна, элира цо:

— Цхьана а хенахь накъосташна тешнабехк ма белахь, Ахьмад, и чIогIа дика дац хьуна. Массо а хIуман тIехь хьанал хила, тIаккха накъосташна везаш а, сийдеш а хир ву хьо.

Дауд дIавахара. Шена легашка хIоьттина къаьхьа къурд сецабеш, мохь туьйхира Ахьмада цунна тIаьхьа:

— Дика ду, Дауд, дIахьо байракх, амма и юха а соьгахь-м хир ю хьуна! — Цу шен цIогIано самаваьккхира иза. Меттара хьала а иккхина, уггаре а хьалха пенаца кхозучу байракхе хьаьжира иза. Тохара санна, ша йоллучохь яьржина кхозуш яра цIен байракх.

Шена гинарг гIан хиларх воккхавеш, дайн са а даьккхина, бIоржамаш тIебухуш воллура Ахьмад.— «Воккха стаг устагIашца арахь воллушехь,

юьрта а вахана, ма дарра и Дауде дIадуьйцур ас», — аьлла, дагадеанера цунна. — Амма цу минотехь ша Iаччохь вегавелира иза. Учахь, гIенах а доцуш, хезаш Даудан, Iумаран, артелан председателан Саидовн къамелаш дара.

— Хьо стенга ваха кечлуш ву? — хаьттира месалчу куйна тIера ло охьа а дегош, шен буьрса мекхаш тодеш лаьттачу Саидовс.

— Юьрта.

— Тхо хьо волчу даьхкина. Схьадийца, муха ду гIуллакхаш, хIун ду керла? — Ахьмад воьхна хьаьвзича, тIетуьйхира цо, — вохий ма хила, кIант, тхо доккха гIуллакх дахьаш даьхкина хьо волчу.

«Со Iехо гIерта председатель, — моьттура Ахьмадна, — хIун таро ю, ткъа хIинца соьга даре дайта гIерта», — хезаш элира:

— Хаставала деа хIума дац сан!

Яханчу буса гIотанашкахь хилларг ма дарра дIадийца кечвелира Ахьмад, амма председатель юкъаиккхира.

— Дика ду, хьайн гIуллакх тIаьхьа дуьйцур ахь, хIинца ас бохучуьнга ладогIал. Уьста-гIийн ферман заведующи юьртан бахаман школе деша вахийта, хьо цуьнан метте хIотто сацийна артело. Ларор вуй хьо?

— Со, ферме? — цецваьлла, духахаьттира, гIуллакх иштта дIадоьрзур ду аьлла дагахь а доцчу Ахьмада.

— Иштта бу тхан сацам,— чIагIдира Саидовс.— Комсомольцаш а бу хьох юкъара хуьлуш. Хьан гIотанашкахь Iумар вуьтур ву.

— Хlан-хlа, ларор вац со! — хадийра Ахьмада.

— Комсомольски комитетана хьоьга и болх балур бу аьлла хета. Нагахь хала хилахь, гlо дийр ду, — аьлла, дуьхьалвелира Дауда.

—Артелан массо а членаш и хеташ бу,—тlетуьйхира Iумара. ЧугIоьрттина Iумаран дашна юкъаникхира Ахьмад:

— Комитетана а, артелан членашна а дерриге а ца хаьа... Царна ас... — Сихвелла, яханчу буса барзо жий бахьар а, ша цlера шен жий бар а дlадийцира Ахьмада.

Доцо, стаммийчу, пlелгашца ша хьийзочу Iаьржачу мекхашна кlелхьара вела а къежна, элира Сайдовс Ахьмаде:

— Ахь хьайн гlалат хlинцале нисдина.

— Амма и ца дан таро а яра сан,— элира Ахьмада, леррина Саидови бlаьра а хьаьжна.

— Иза а бакъ ду,— вистхилира вуха а председатель. — Амма шен гlалат нисда хуучо шолгlа гlалат дийр дац. Нийса бохий ас и? — Дауде хьаьжира председатель.

— Бакъду и, — тlечIагIдира Дауда.

Ахьмад цlехьана юьхь тlехь хийцавелира, тlеттIадаханчу цIоцкъамашна юккъе готто ши харш хIоьттира, балдаш кlеззиг деладелира. Мекха санна, шен дага тlехь кийра багош лаьттина къаьхьа кховр охьадужуш хааделира цунна, цхьана халчу язонна кlелхьара ша ваьлча санна, вайвелира иза. ПаргIат са а даькхина, накъосташка хьаьжира Ахьмад, цаьрга цаI ала дагахь, амма цу минотехь, цхьа дехо-готтачу гонаш чохь лиэла цхьа Iаьржа бlаьргаш доцург, верриге а и кlайвеш тlе-

диллина ло а долуш, нелсагIи тIехь гучувелира Сирсакбе.

Гуьйриг санна, шен цIиэла кирчина экха охьа а тесна, гIелвелла вистхилира Сирсакбе.

— Жа арадаккхарна ахь ма бохху собар дира ас. Делккъалц кхунна тIаьхьаваьлла лийли со. Iаьмнаш тIехь карийра, хIара ю и вайн жий бехьнарг,— элира цо.

Эр санна, екъана, шуьйра хаза хьаж долчу боккхачу коьртан гIаьттинчу багахь гуш кIайн-мокха цергаш а йолуш, буткъа беха биъ ког дIа а тесна Iуьллура борз Ахьмадна хьалха. Цуьнан цкъа а ца сеттина таьIна-Iожа яьлла ворта кхакханан куйнах тера яра. Экханан ира бIаьргаш хIинца а хьоьжуш ду моьттура. Аьрру бIаьрга кIел леш баьлла хин тIадам хуьйдинчохь Iаьржо томмагIа дара.

«Хьажахьа, Сирсакбена и дерриге а хууш хилла-кх,— ойла йира Ахьмада.—Суна гIо дан гIерташ, сагатдина-кха цо, ткъа со вара сайн даг тIера гIайгIа цунах лачкъо гIерташ».

Майрра ког боккхуш, шен воккхах волчу накъостана тIе а вахна, цуьнан доккха белхан куьг лецира Ахьмада.

БАННА

Къена ГІойсам луларчу эвла воьдуш вара; кхузахь хІара санна цу эвлахь школан хьехархо болх бен шен доттагІ волчу.

Арахь бІаьстенан тІаьххьара денош лаьттара. ЦІен-можа богу и боккха малх, стигалхула шен беха некъ бина а баьлла, гІелбелла дІабуза кечлуш бара. Некъана аьтто агІорхьа гІовгІанца догІуш доккха хи дара, делахь а некъаца цхьанисъелла кхиъначу хьуьна юккъера схьахеза и тайп-тайпана олхазарийн эшарш къарлацара цуьнга. Къорачу хьуьна юккъехь кест-кеста гучуюьйлуш сийначу бецан майданаш а яра, баца тІехь олалла деш санна, шайн шурел кІайн горгачу куйнашца, тобанаш а йина лаьтташ баппанаш а яра.

Новкъара бай тІе а ваьлла, охьакхевдина, уггаре а боккха месала корта болу баппа яьккхира ГІойсама. Леррина зезаге а хьаьжна, селхана шен урокехь дешархошна юккъехь хилла къийсам дагабеара къеначу хьехархочунна. Цхьаболчуша бохура, баппа уггаре а ледара зезаг ду: заза даьлла а да-

лалий дIахьо цуьнан кIайн корта, бай мох баьлча а айдой дIахьо и, ледара зезаг ду баппа. Дукхах болчара бохура: массо а зезаг санна баппа а, овгали санна горга, бай кIедачу куйнаца хаза а, дика а зезаг ду, амма баппа тIех коча, экама зезаг ду, цунна дезац шех куьйгаш Iиттар а, ша хьедар а.

Цхьана дикачу борачу динахь, тIедуьйхина доIахан басахь цIена чоа а долуш, къона берий кхиира ГIойсамна тIаьхьа. Сов сиха говрара охьа а иккхина, говра хаа элира беречо къеначу хьехархочуьнга.

— ХIан-хIа, ирс хуьйла хьац, дукха вехийла. Суна ишшта аренашка бIаьрг а тухуш гIаш воьдуш атта хета.

— Со веа сиха вац, воккхастаг, говр кийча ю, парггIат хьайн гIуллакхе хьажахьа.

— ХIан-хIа, баркалла. Суна ишшта атта хета,— аьлла, ца хиира хьехархо говра.

Говран юьхь а лаьцна, ГIойсамна юххе а хIоьттина бери а гIаш волавелира.

ГIургIезо санна ворта а саттийна, корта тахкош хьоршам туьйхира говро; хьехархочо буйнахь яхьчу баппин кIайн горга куй хIаваэхь дIасхьа баьржира.

Цецваьлла вуха а вирзина говре хьаьжира ГIойсам. «ХIара дукха оцу сан дешархоша сел чIогIа къуьйсуш дийцина, акха ницкъ бар», — аьлла, дарехь вист ца хиллехь а, дагадеара цунна шен буйнахь дисина баппан гIад охьа а кхуссуш.

— Хьуна новкъарло-м ца йин кхо? — аьлла, меран дукъ а лаьцна говр юхатеттира беречо.

— ХIан-хIа, хIум дац, — аьлла, селхана шен ботаникан урокехь хилла къийсам бийцира цо беречунна.

— М-хI... Берийн ойланаш, — аьлла, и кIезга хеташ велакъежира къуона стаг.

— Суна и ца хета, — элира ГIойсама. — Хезний хьуна Узарханан хьокъехь цхьа шира дийцар?.. Ца хезна?... Делахь ладогIал хьайна.

Малх дIабуьзнера, амма цигахьара морхаш хIинца а деши санна йогуш яра. Хьун а, цигара олхазарш а къеначу хьехархочун дийцаре ладогIа кечделча санна дIатийнера.

* * *

Вайн ширчу МIайстахь вехаш цхьа хьалдолу оьзда стаг Узарха хилла, — меллаша волавелира ГIойсам. — Баккхийнаш гулбелла кхеле хевшинчохь, Узарха жима велахь а, цуьнга хаьттина, цуьнан лааме ладоьгIна бен сацам а ца беш, и хьекъал долуш, нийсо езаш хиларна, нахана къаьсттина везаш стаг хилла и.

Узарханан зуда яло хан кхаьчча цу йоккхачу МIайстахь уггаре а хаза, куц долу дикачу ден Пхьежин йоI Зулай ялийна цунна наха. Хи санна дуьттуш чагIарш долуш, кегийчу даьхнел совнаха, шийтта сту а бийна шина кIирнах той а латтийна, дIадерзийна махко, цунна Зулай ялийна ловзар. Кхин а сов хьалдолуш, ницкъ болуш охьахиъна Узарха: хIинца кхин а алсам комаьрша, къинхетам беш хир ву-кх иза аьлла тешна охьахевшина мIайстхоI а.

Амма дукха хан ялали нисса юханехьа хийцавелла Узарха дIахIоьттича шайна тарделларг бакъ доцийла хиира мIайстхошна. Шен хьолах вуьзна, шашех дозалла деш, вевзар воцуш хийцавелла Узарха. Хьалдерг я цхьа цIе яхана верг бен хьошалгIа а

ца оьцуш, нахаца долчу гIиллакхашна воьхна, оьздангалла йицйина, цо уггар-атталла гIийлачуьнгара салам-маршалла схьа а ца оьцуш. ТIаккха цунах чам байна мIайстхойн, хабар тIехь тохар санна цуьнца тIе-каре белахь а, и ца везаш чIагIбелла буьрса дIахIиттина. Шена и тосаделча Узарха гIоьртина пергIат мIайстхой нуцкъала шен кога кIел совцо.

Аьхкенан хьалхарчу дийнахь «Барт хуьлчу лам тIе» кхайкхина цу кIоштахь мел волу стаг схьагулвина Узархана. Массо а хIума патарна дастаделла, гIа-буц хьийкъина, тийначу мохехь шайн горга кортош а техкош тобанаш йина лаьтташ баппанаш а йолуш хазчу дийнахь гулбелла и нах.

Цигахь нахана хьалха а ваьлла къамел дина Узарханан стундас къеначу Пхьежас.

— МIайстхой, ладогIал соьга, — аьлла, волавелла и. — Шуна массарна а ма хаъара бажа цхьа Iу воцуш магац. Iу воцу бажа баьрже а буьсий берзалоший, къуший хIаллакбо. Ткъа адам маггане а мегар дац цхьа Iу ца хилча. Iу воцу бажа а, баьчча воцу адам а цхьабосса ду. Да воцу халкъ вовшийн дууш, вовшашца ца тарлуш хIаллакьхуьлу. Цундела Лакхарчу тхьамдин кхелехь сацам а бина... вайн хьоме, хьекъале Узарха мIайстхойн эла харжар магийна оха. Реза дуй шу, нах, цу сацамна? — хаьттина Пхьежас.

Кошачуьрачул башха цаI вист ца хуьлуш Iадда сецна адам.

Духа а хаттар дина Пхьежас. Цхьа дегI дист ца хилла тIаккха а.

ТІаккха Узарха ша ваьлла нахана хьалха.

«Тхан сийлахь, Пхьежа, — ямарт къежаш къамел долийна цо, — нагахь кху нахах цаІ ахь бохучунна реза вацахьара и ша гучу вервара. Гой хьуна кху наха хІумма а ца боху, ткъа хІорш бист ца хилар, вайн дайша ма аллара: хІорш реза болу маьІна ду хьуна». — ТаІош корта а тоьхна. — «Ас баркалла боху шуна, мІайстхой, сох тешна, шайн лаам аш сайн кара баларна. Со реза ву шун эла хила. ХІинца паргІат ду шу, цІадерза шайна», — аьлла, нах дІа схьа хецна бохуш дуьйцу Узархана.

Нах вовшашка а хьоьжуш, шай-шайн чохь цхьацца велча санна, цІа бахана. «Иштта лело безий Іаьржа бажа-м. Ас чоьин тІам ластийча бужу и баппин горга куй санна, божа безий, суна лиъча шун лаам-м», — бохуш лаьттина боху Узарха царна тІаьхьа а хьоьжуш.

Цу дийнахь волавелла, къинхетамза куьг хьаькхина МІайстара даьхни шен дола а дерзийна, эла хилла охьахиъна Узарха. Хьесап доцу шен шорта даьхни кІезга хеташ, сутаралло бІарзвинчу Узархас цхьана къечу ГІовдигара тІаьххьара а вир схьаяккха аьлла бах. И ца лайна гІайгІа хилла цІа вогІучу ГІовдина, урамехь цуьнан юьртахой дуьхьал кхетта.

— ХІун хилла хьуна, ва ГІовда? — хаьттинчаьрга дІадийцина цо, тІаьххьара вир дІа а яьккхина, Узархана ша араваьккхина хилар.

— Соьгара говр яьккхира хьуна цо иштта, — аьлла цхьаммо.

— Соьгара етт баьккхира, — аьлла вукхо.

— Соьгара латта...

— Соьгара уьстагIа...

— Соьгара!..

— Соьгара!..

— Соьгара!..

ГIовгIанца иккхина эвла, дистина хи санна, айалуш гIаьттина.

— Тоьур ду вай диттина са! Кхин дан амал дац. ГIовтта, гIовтта! — аьлла, цхьа къуона Элса хьалха ваьлла боху нахана.

Ламанца даьлла шийла дарц санна, хьаьлхина оцу къизчу Узархин гIопана го бина цара. ГIап йохош такхийна чуьра ара а ваьккхина, озийна ши дакъа дина боху мIайстхоша «шайн» элах...

ХIетахь дуьйна эла а ца хилла, хила адам а ца гIоьртина МIайстахь бохуш дуьйцу, — аьлла чекхвелира къена хьехархо.

Некъ аьтто агIор бирзина хаъал Iаржъеллачу стиглахь лекхачу акхтаргийн гIалarташ дара гуш. Царна юккъера схьа, тIе хIур биллина дела, аьчкан басахь гуш хьеран тхов а бара, гIийла хьийзачу хьеран беранан гIовгIа а яра.

Шийлачу лаьмнаш тIе кIоргга суьъре йижнера.

— Со дIакхечи-кха хIинца. Чувола, соьца хьаша хир ву хьо, — элира ГIойсама шен некъахочуьнга.

ЦIеххьана дIахьаьжча хьехархочун бIаьрг хьера хьалха цхьана сийна таьIинчу бай тIе буьйжира. Iаьржа елахь а боданера схьагуш баппанин кIайн месала кортош дара ,Уьш доцурш массо а хIума, шайн дезарш дина чекх а даьхна, хIинца са а даьI-

на кханенна духа айдала кечлуш санна дIатийнера. И цхьа баппанин кортош дара-кх мохе: тхо ма хьедахьара ахь, бохуш санна, гIийла лесташ лаьтташ.

— Шайн хенан киртик чекхйоккхуш лаьтта-кх уьш а, — элира гIийлачу озаца хьехархочо. — Кхана хIу а даржош мохо генна дIа-схьа хьур ду уьш, мел гена дахьарх церан хIу доьза довр дац — бIаьстенца керла хаза и дIа стиглара сиэдарчий санна, цIена зезагаш дахьур ду цара.

ХАЗЧУ ЙОЬЛАН ТІУЛГ

Тхойшиннан говраш йоргІа эцна йоьлхуш яра. ТІаьхьаюьсуш, кІунзал баьлла корта санна, буц йоцуш гІамарийн томмагІашца бІаьрго схьа ма лоцу еса аре яра. Цкъа а дІакхочур вуй техьа аьлла, дІахьаьжча йист а ца гуш изза аре хьалха а яра.

Сан накъост, урс хьаькхича иккхина хІума санна, готтуо беха ши бІаьрг а болуш, Іаьржачу аматахь къуона стаг вара. Иза Илесан Іимран вара.

Шен сира-Іожа говр юха а оьзна, Іимрана хаьттира:

— Муха хета хьуна тхан аренаш, хаза юй? — аьлла, шен йоккхачу юьхьца вела а къежна, гондхьа бІаьрг туьйхира цо.

— Хаза ю, делахь а гІа-буц кІезиг ю-кх кхузахь, Іиндагі а дац, бІаьргашна гуш цхьанхьа гІишло а яц, — элира ас, айса и муха олу а ца хууш.

— ГІа-буц яц бохург хІун ду? ДІахьажал! — аьлла, шен шедан кхожаца малхо макхъеш ягийна кондаршший, аренан кІохцалшший гайтира Іимрана, леррина арене шен хьажар духа суна тІе а дерзош.

— Шу Iемина даккхийчу диттийн IиндагIашкахь Iен, кемсийн таьллангаш кIел садеIа, тхуна-м ю хьуна хIара аренаш хаза а, ненал дукхаезаш а, эшначохь дагна IиндагI долуш а.

Деа дагахь йилбазалла доцуш айса аьлларг сайн накъостана чIогIа халахеттийла хиира суна, цундела:

— Iеминарг, дезаш дагах доьлларг, бIаьрго безамца лехнарг муьлххачунна а хаза ду. Шуна биэза хIара мохк, дайх бисна шайн мохк болу дела, тхуна а биэза тхешаниг, — элира ас.

— Иза а бакъ ду, — элира Iимрана, вуха а соьгахьа а вирзина, — дуьне хIоьттичхьана схьайогIуш адаман амал ю и.

Юха а тхойшиннан говраш йоргIахь йоьлхуш яра. Iенна хьалхахь дежаш доккха жа гучуделира. Тхойшиъ тIе а кхачале, лиэташ даккхий жен жIаьлеш даьхкира дуьхьал.

— ДIадовла, йовссарш! — аьлла, шен беха коьжалг а айина, дIачовхийра къеначу жаIуьно жIалеш.

— Ассалам Iалайкум! Де дика хуьлда хьан, воккха стаг!

— Ва Iалайкум салам! Марша догIийла шу! — аьлла, тхойшиннан рогIехь куьйгаш лецира, малхой, мохой чахчийна Iаьржа, замано хершнаш тийсина декъано юьхь-сибат а долуш, лекхачу дегIахь, ханна кхузткъа шо хир долуш волчу къеначу стага.

— ХIара ву-кха хьуна вуьйцуш хезна тхан гIараваьлла жаIу Аслан. Тхан кхиамаш тIехь кIезиг меттиг яьккхина-м вац хьуна хIара, ша хестор ца дезаш велахь а, — элира Iимрана, вела а къежна.

— И ма дийцахьа, Iимран, массара а бо дика болх. Ас динарг-м доккха хIума дацара, сайн къеналлина кIел саца ца лууш лиэла-кха, — аьлла, куьг ластийра жаIуьно.

— Аса-м бакъдерг боху, Аслан-ата, кхечуша динчуьнца а ду хьан алсам дакъа, ахь гойтуш, хьоьхуш цара иза дина дела.

— Ас и ца динехь а, со хестош бен хьо Iийра-м вацара, — аьлла, вела а къежна, дIадерзийра къеначу стага къамел.

— Кху аренийн а, тхан совхозан а гIуллакхаш Асланна дика хаьа хьуна. Кхуо дуьйцур ду хьуна мел дезарг а, — аьлла, тхойшиннан Iодика а йина, тIахъаьлла говра хиира Iимран. Кхоссаеллачу говро цхьа иттех гIулч яьккхича, иза юха а озош, тхойшингахьа схьа а вирзина:

— Аслан-ата! Аккболте а, кхечушка а суьйранна хьо волчу гулло ала, со сарахь вухавогIур ву, вайн дан къамелаш ду, — элира Iимрана.

— Мегар ду! — аьлла, корта таIийра къеначу жаIуьно.

— ДIахьажал цуьнга, муха хета хьуна и бере? — аьлла, воккхавеш соьга хаьттира Аслана, чехка йоьдучу говрахь боьгIна хьостам санна, Iечу Iимране а хьаьжна. — Партин стаг ву хьуна иза. Массо а хIума хаа лууш, массанхьа а кхочуш, халаниг уггар а хьалха шена тIеоьцуш, и дан гIерташ стаг ву Iимран. Со хIунда лиэла моьтту хьуна кхузахула? И ву хьуна со айвинарг а.

ТIам тIехь цаI бен воцу кIант а вийна, бер керахь нус а юьсуш, сайн йоккхачу стагаца, суо воцург кхин белхало воцуш висира со. Цхьана сарахь

ван а веана; «Муха веха хьо? ХIун хьал ду хьоьгахь?» — аьлла, хеттарш а дина и дIавахана кходиъ де далале бераца йисинчу несана а, суна а пенсеш хIиттийра, тхан хIусам хояйтира, шурина етт кхио нисделла шинара делира суна. Ткъа иштта Iалашвеш хилча, муха Iийра ву хIумма а ца деш чохь аьлла, Iимрана шен ах къуоналла суна схьаелча санна къуонвелла араваьлла-м дера ву хьуна со,—аьлла, Iимран хастийра, къеначу жаIуьно.

Де делкъал тIаьхьенга даьлла, арахь чIогIа йовха яра.

Бовхачу малхой, мохой якъийна гIа-буц гурахь чудерзийнчу гIодмийн баса яхнера, хIетте а дIахьаьжча бIаьрг ца кхуьуш паргIатчу арахь сов хаза дара. ГIийла хьоькхучу мохо арарчу зиэзагийн, бецийн, дагана там беш йолу, цIена хьожа яхьара. ДIо генна морхаш тIехьахула охьаяьхкина маьлхан зIаьнарш дато хIорд санна регIа басахь ловзуш лаьттара.

— ХIара а яьлла хIонс лаха ара,— элира Аслана реза воцуш стигла а хьаьжна.

Къеггина цIенчу стигалхула йоьдуш таьIина-боьмашчу басахь йоккха дарта яра. Кху арарчу олхазаршна юккъехь уггаре а йоккханиг ю иза. Дарта атта евзар ю цуо шина метре кхоччуш дIа-схьа тесначу тIемех а, цуьнан паргIат лиэларца а.

— Кху-а-кх, кху-а-кх! — бохуш, къоро хезаш бара цо хьоькху мохь. Иза шен дайх йисина аренаш ма хетта талла араяьлла, эр дара дарта гинчо.

— Йистехьо шена карийча, Iахар-м чIешалг санна хьалаоьцуш ю хьуна иза,— элира Аслана, дарта генна яьлча.

Тап, аьлла тийначу арахь, наггахь жах къаьстина юьстахбаьллачу уьстагIан Iехаррий, когех баргол гоьхначу сан говран терсаррий бен хезаш хIумма а дацара.

— Дийцахьа суна, Аслан, я хьайх, я балхах лаций хьайна хазахеташ дерг.

— Ас хIун дуьйцур ду, сан кIант! Болх оха муха бо хьуна — хьайна а хаьа, сан вахар хьуна гучу кху арахь дIадахана. Диканиг берахь кIезиг гина суна; къуона волуш хьоладас вацийра, хIинца, хаза зама тIееача, къанвелла. Амма, къанвелларг а лаамца къуонлуш, гIуллакхда дог догIуш, хаза зама ю хIара. Цунах синтем хилла лиэла-кх,— элира Аслана, соьгахьа а вирзина.

Иштта къамел деш веана цхьана гу тIе кхечира тхойшиъ.

— Охьахаа, — аьлла соьгахьа, гIаж а тесна, мелламаша охьахиира Аслан.

— Хьоьга ма хьаьжжинехь хуур ду хьо кхузара воцийла.

— ХIунда боху ахь?

— Дера боху хьо оцу тIулга тIе хаарна, кхузара стаг цу тIулга тIе ца хуу дела.

Суо муха гIотту ца хууш хьала а гIаьттина, сайна гонаха дIа-схьа хьаьжира со, суна хьалха Iуьллуш бара, ах лаьттах а бахана, замано а, йочанаша а макхбина боккха тIулг.

Воккхачу стага леррина цкъа соьга, тIаккха тIулге а хьаьжина:

— Хазчу йоьIан тIулг олу кхунах,— элира.

— Дийцахьа, хIунда олу кхунах хазчу йоьIан тIулг?

— Дукха хан ю иза хилла, цхьанне а бохург санна дага а дагIац и маца, муха хилла, амма ккузарчу массарна а хаьа къиэчу Жамболтан йоI ПетIамат гуьнахь доцуш хIаллакьярх лаьцна долу дийцар,— аьлла, долийра къеначу стага шен оьзнаяьлла луьлла гIожах тоьхна цIан а еш.

— Ткъа муха дара иза? Дийцахьа.

Къеначу стага дийцира:

— ПетIаматана веза а везаш, цунна тIехьийзаш хиллера цуьнан юьртара иза ша санна къечун Аьстин кIант Абубакар.

— Ма гIолахь. Абубакар, юьртах ма валалахь, даго диканиг ца хьоьху суна вайша вовшахдаларх,— бохуш, ПетIамат йоьлххушехь, шен къоьлла яднйна кIеззиг рицкъа лаха юьртах ваьлла Абубакар.

«Декъазчунна ден цIера а йогIу» — бохург санна, цу хенахь ПетIаматах бIаьрг кхетта хиллера оцу юьртарчу цхьана хьоладен Оралбайн. Хаза йоI езаеллачу цу къеначу маймало къечу Жамболтана тIе шен ялхо вахийтина хиллера, ПетIамат маре яийта шега, аьлла. Воьхна ша хIу дийр ду ца хууш висинчу дас йоIе и дIахаийтина, бохуш дуьйцу. ЙоIа дуьхьало йина боху, гIур яц ша цуьнга, аьлла. ТIаккха оьгIазваханчу Оралбайс нуьцкъах и ялае, аьлла, шен ялхой арабаьхна.

IIIена ца везачу стаге йоьдучул, яла резахилла ПетIамат, цхьанхьара а дала орца доцуш ша кIелйисича шийла дарц хьоькхучу буса, чуьра ара а иккхина, юьртах а яьлла дIаяхана.—Къеначу стага, корта охьа а бахийтина цхьана минотехь ойла йира. ТIаккха лерина тIулге а хьаьжна, дIадийцира жаIуьно.— Цу буса араваьлла шина-кхаа дий-

нахь дас лиэхарх ца карош яйна, бохуш дуьйцу, ПетIамат.

Ши-кхо бутт баьллачул тIаьхьа цIа веанчу Абубакарна цIахь ца карийна шен хьоме ПетIамат. Де-буьйса ца лоруш, массо а маьIIе кхочуш хIокху доккхачу дуьненахь лехна, боху, цо иза. Кхин и кара а ца йина, дикка хан яьллачул тIаьхьа, хIокху арахула схьавогIуш кху гу тIе охьахиъна, бохуш дуьйцу, Абубакар.

Ойлано бIарзвина, цIеххьана дIахьаьжча, ишттта лахахь Iуьллуш цхьа кIайн хIума гина цунна. ТIе а вахана, хьаьжча, иза хилла адаман коьртан туьта. И туьта а эцна, юха кху гу тIе ваьлла, гIайгIане воьжна охьахиинчу Абубакарна шена хьалха Iуьллуш ятIийна яьккхина цхьа кIадийнан кийсик карийна. Шен бIаьрг ма кхийтти хиъна цунна и кийсик ПетIаматан кучах юйла.

Кхо дей, кхо буьйсий Абубакара даькккхина, — бохуш дуьйцу, — гIайгIане воьжна, воьлхуш, кху гу тIера меттах ца волуш. ПетIамат кху гу тIехь берзалоша йийна хилар а сацийна, кхаа дийнахь, кхаа бусий новкъа а вахана, шен белаш тIехь генара схьа а беана, шена езаш хиллачу ПетIаматан безамна цу Абубакара биллина, боху, хIара тIулг, — аьлла, сецира Аслан.

Со леррина хьаьжира тIулге. Цхьана стаге хьалаайбалур бу ала хала долуш боккха бара тIулг. Тапъаьлла шен дийцар саца а дина, къена стаг а хьаьжира со санна лерина тIулге.

— ЛадогIал, хезий хьуна? — аьлла, хаьттира цо соьга, тохар санна, тIулга тIера бIаьрг дIа ца тилабеш... — Цо ден къамел хезий хьуна? — аьлла, духа

ЦIеххьана лакхарчу корах тоьхначу хIуманан тата а хезна корта хьалаайбира Хьамзата. ОьгIазе корах арахьаьжначу моллас, суьяхьанашца цхьана айдинчу куьйган пIелг ластийра цуьнга. Воьхна, ша муха вогIу ца хууш, веана, буйнахь сара а болуш лаьттачу гIазанчийна хьалхахIоьттира иза.

Лерг лаьцна цкъа хьала а озийна, тIаккха гай тIе гIаж а Iоьттина, шена хьалха Iуьллучу тIулга тIе охьахаийра Юсупа Хьамзат. И вистхилале ша дан дезарг хууш, баьццарчу бархатан тIоьрмига чуьра къуорIан схьа а даькккхина, корта охьабахийтира Хьамзата.

...Цхьаболчара «лам» охьауьйзура, вукхара и хьалауьйзура. Цхьаберш мохь тоьхна «водзахьа» доьшуш бара, вуьш аз айдина «еса» шардеш бара. Церан гIовгIано, хьера кIел Iачул башха, ша доьшуш бетта мохь ца хозуьйтура Хьамзатана...

Кхузара йисте а ваьлла ладоьгIначунна гIовгIа яи мел лууш верг кху кертахь, дитташ кIел дехкинчу аннаш тIе охьахиъна ву моьттур дара.

МаIа-Моллин хьуьжарш цхьа ша тайпа гIирсаш бара: хьуьжарш чохь йолу цIенош, дина хан дага ца йогIуш сов шира хиларна, буьйдачу кибарчигех доьттина пенаш замано таIийна цхьаццанхьашхула севсина, баккъаш тIе а девлла лаьттара. Арара дечиган кораш тIечIагIийча кошахь санна Iаьржа яра чохь, уьш дIадиллича, Iай, ша санна шийла хуьлура — корашкахь ах сов тоьхна англи доцу дела. Серех дуьйцина чуьра—юккъера пенаш, кир тохаза, ур-атталла мегарг поппар а хьахаза, цхьайолчу меттигашкахь матарлоьлла серий а гуш дара. ЦIенкъеш а, чохь говраш хьийзича санна аьгна,

лаьтташ яра; уьш тIуьна хиларна чохь даима а матарбоьллачу поппаран хьожа йогIура. Учара чуволучу дехкина, лаьжгаш санна даккхий тIулгаш дара, цIеххьана кхуза нисвеллачунна ша хи йисте кхаьчна а моьттур долуш.

Цундела, йовхачу хенахь оцу Iаьржачу кошара ара а довлий хах олий, самалха долура берийн. УьйтIарчу дитташ кIел Iохкучу тIулгаш тIе ехкина тишчу аннийн кескаш яра; кхуза охьаховшура доьшуш долу бераш, моллина, я цуьнан зудчанна шайн гIовгIа кIордаяллац.

КIеда ког а боккхуш, бад санна техкина, шуьйрачу англин неIарехь раз а йоьрзуш араелира моллин зуда Жовзан. Цхьа цIеххьана хадийна хIума санна и дешархойн йоккха гIовгIа, генахь диэкачу мозийн гIовгIанах таръелира.

— Юсуп! — аьлла, гIазанчин цIе а яьккхина, доккха сийна сирдиллина чийлак уча охьахIоттийра Жовзана.

Нагахь тахана а хи тIе хьажавахь, кхин цкъа а хIокху керта вогIур ма вац ша, аьлла нигат дира Хьамзата шен дагахь, Жовзана охьахIоттийнчу чийликах шен бIаьрг ма кхийттн.

Шен цIе яьккхича, кIажа хьовзийна Жовзанехьа а вирзина, резахилла корта таIийра Юсупа. ТIаккха вухавирзинчу цо пIелг ластийна шена хьалха Iечарна юккъера шиъ хьала а гIаттийна, хи тIе хьажийра. И шиъ кех валале, Хьамзате баьхьа а белла, кIари чу хьажийра гIазанчас.

Юьхь-сибат цIена долуш, тIехьаьжча «масмалик» ду эр долуш Юсуп велахь а, хIинце дуьйна а моллех тарвала гIерташ, тIе чесучай, хьаса баьккхина

кIарх—маьхьсий бен ца духуш, массо а моллин гIиллакх схьаэцна, цунах тарвала гIерташ холчохь вара. Амма массо а лоха стаг санна, догъIаьржий дегалий вара Юсуп, цуьнан даг тIера охьавоьжначух исс эзар дакъа хиллал. Лоха стаг жайнахь ца магийна бохуш, молла ша а башха реза вацара цунна, делахь а цо хамталаш ца ен дела вацавора.

Чохь а, арахь а моллин хIусамна оьшург доьшучу бераша деш дара. Цул совнаха, мерзаниг МаIа-Моллинний, цуьнан и чIиж санна эккха йоллучу Жовзанний бен яа ца хууш санна: кхерзина котамаш а, чIепалгаш а, хингалш а, моз а, хьавла а ца ходуьйтуш латтадора царна бераш долчара.

Дийца оьшуш а дац, атта вехара молла. Моллел а атта ехара цуьнан Жовзан. Моллас ламаз эцна, я ша когаш билина тесара хи дIакхосса а, пеша хьалха кичча Iуьллу дечиг кхе таса а мало йора цо. Иза а, важа а дан дезаш дерш хьуьжарера бераш дара.

* * *

КIари чу хьажийна Хьамзат, охьатесна шен баьхьа а бицбина, Iахаршца сакъераделла воллура. Денна бохург санна, моллас цхьацца буьйш Iахарий дууш делахь а, кIара царех ясса ца лора; тахана цаI бийча, кхана цаI я шиъ наха тIебахьара моллина.

Хьамзатана бIаьрг ма кхийтти бевзира цхьа—ши де хьалха Шалажерачу, тишачу чоьи чухула йихкина йоккха Iаьржа шаьлта йолчу стага беана кIайн Iахар. Цу стеган цомгушчу кIантана моллас хIайкал даькхинера.

ЦIе санна догу, таьIано-можа бIаьргаш Хьамзатана тIе а хIиттийна, цуьнга цаI деха гулбелча санна лаьттара кIайн Iахар.

«Тамашийна доккха хIума ду-кха иза: цхьана куьйггал бен доццу кехат тIе а яздина, кочатесначу цу шина байто цомгуш стаг товар»,— бохуш, ойланаш йора Хьамзата. — «И делан къайле ю, Iахар бахьана ду»,— аьлла, дагадаьхкира цунна моллин дешнаш, букъа тIе куьг а хьокхуш кIайн Iахар хьоьстуш ша Iеш.

Иштта ойланан еш Хьамзат Iеш, цу массарел а боккхах болчу Iаьржачу Iахаро тIехьахула беана кур а тоьхна, хьалагIаттийра иза.

Дуцуш динчу доккхачу божалан маьIIехь лаьттачу кIарин пенаш чекх сагуш дара, цундела Хьамзатана дика гора уьйтIахь дерг.

КIарина гена боццуш боккха кхиъначу хьаьрсачу хьоча кIел, делкъан ламаз эцна а ваьлла Iеш вара молла, гIийло схьахезаш дешархойн гIовгIа а яра.

ЦIеххьана дIахьаьжначу Хьамзатана, моллин керта вогIуш и кIайн Iахар беана, Шалжера стаг гира. Генахьо сецна, салам а делла, моллин де дика дира цо.

Моллас, дог ца догIуш, таьIано вистхилла, салам схьа а эцна:

— Муха ву шун цомгуш верг? — аьлла, хаьттира шалажхочуьнга дIа а ца хьожуш.

— Цомгушчунна гIоли яц, молла. Кхузара вуха со цунна тIекхуьур ву-вац хууш дац, и холчахь витина вогIу со,— аьлла, жоп делира шалажхочо.

— ГIуллакх делан карахь ду, ТIуьйлиг. Цо дин-

чуина резахила веза,— аьлла, жимчу тукарца шен цIазапIелган мIара хадийра моллас.

— Реза ву со, дала мукъ лахь, реза ву. Кхиэл делехь ю,— элира TIуьйлига, Пелвелла корта охьа а бахийтина.

ГIоли ца хилла-кх цуьнан кIантана. Ма беркат доцуш Iахар бу хьо, тоххарехь моллас бийна баа безаш хиллера хьо, — аьлла, дагадеана, леррина оыгIаз а вахана, кIайчу Iахаре хьаьжира Хьамзат.

— МаIа-Молла, со сингаттам алсамбаьлла, доккха гIуллакх дахьаш веана хьо волчу, — элира шалажхочо, лаьтта хьаьжначуьра айа ца луш.

— ХIун ду иза? Схьадийцал.

— Цу кIентан нана юхаерзо дагахь ву со, молла.

КIелхула хьаьжна TIуьйлиге бIаьрг туьйхира моллас, вист а ца хуьлуш.

ГIелъелла алаша санна, кога тIера хийца а велла, корта хьала ца ойбуш:

— Цу кIентан цамгийла чIагIйинарг и ненах вакхар ду моьтту суна, молла... Харц луьйш шен ненан цIе йоху цо,— аьлла, чекхвелира шалажхо.

Тукар охьа а диллина вуха а TIуьйлиге а хьаьжна:

— КIант гIелвинарг делан къайле ю,— кIеззиг собар дира моллас.— ХIусамнана юхаерзо мегар ду шарIо ма баххара гIуллакх дахь,— аьлла, жоп делира моллас.

Хало къурд а бина, юьхьа тIехь кхин а чIогIа сингаттаме хилира TIуьйлиг.

— Кхетий хьо ас бохучух? — аьлла, духа хаьттира моллас.

— Со чIогIа кхета хьуна цунах, МаIа-Молла.

— TIаккха?

— Хlусамнана реза яц шарlо бохург дан, сан молла.

— Ой, ткъа хlун боху цо? — аьлла, ша Iачуьра хьала а айалуш, цецвелира молла.

— Кхечуьнца буьйса а яькkхина соьга юха ца ян, шуьйттазза шен корта боккхуьйтур бу ша бохуш, карзахъяьлла хьийза иза.

Кхузахь, цомгаш волу кIант сиха тоцаваларна бехке муьлха ву ца хууш, воьхна висира Хьамзат: шарlо бохучунна дуьхьалъяьлла нана ю техьа, сихха цIа а вахана цуьнга и кхочуш ца дойту да ву техьа, я шех беркат ца даьлла кIайн Iахар бу техьа бехке? — бохуш, дагахь хеттарш дора Хьамзата.

ОстогIпируллахI, остогIпируллахI... И хIун шайтIа ду? — аьлла, молла кхин а чIогIа цецваьлла хьаьвзича, моллина резахилла, кIентан нана бехкейира Хьамзата.

— ШайтIанах — шайтIа бен хIун хир дара. Амма цу кIентан цамгийло чот йохийна сан... ГIо дахьара ахь сан молла. Хьан гIуллакх аса а, дала а зен дойур дац, дала мукъ лахь, — аьлла, дийхира шалажхочо, шен Iаьржачу кхакханан куйн кIеззиг бIаьргаш тIера хьала а айъина.

— Мегар ду, ТIуьйлиг. И шайтIа ша данйта суна тIе, — аьлла, кIайчу пIелгашца шен кIеда, хьаьрса мекхаш а тодина, хьалаайавелира молла, ТIуьйлиге къамел чекхдаьллийла хоуьйтуш.

Шалажхо ондда гIулч йоккхуш кехволуш велахь а, и тергалвеш лаьттачу Хьамзатан даго: «Сихха баккха ког, тIаьхьавуьсу хьо»,— бохура.

* * *

— ТІуьйлиг вуха хІунда веанера, молла? — аьлла, хаьттира, дешархой дІа а хецна тІевеанчу Юсупа.

— Юсуп, ТІуьйлиган хІусамнана евзий хьуна, муха стаг ю иза?

Юсуп гучуваьлча, ша схьаэцна баьхьа буха охьа а биллина, вуха а кІарин юьйцинчу кертан пенах тасавелира Хьамзат.

— Дукха дика евза,— элира Юсупа,— муха ца евза цІарна а цІеяхана, иллешца йийцина гІойтІархойн Келипат...

— Ой, Келипат элира ахь?

— Элира дера-кха, цуьнан хазалла къуьйсуш, хьогІана вон цІе а яьккхина, ца яьлла яхнера ТІуьйлиге Келипат.

— Келипат... Шен цуьнца цкъа-шозза прахьІар дагадеанчу моллина цІеххьана карлаелира иллешца йийцина Келипатан хазалла: коканаш санна Іаьржа догу бІаьргаш, цІен бархат санна лепаш дуткъа балдаш, иштта цІена, хийцалуш бос керча юьхь-сибат.

— Юсуп, ТІуьйлигана иза юхаерзо дагадеана.

— Тамаша бу-кха и Келипата дахь.

— ГІур ю, суна хаьа гІур юйла, — аьлла, чІагІдира моллас. — Амма и шайтІа шарІан бакъонна дуьхьалдаьлла ду боху. КІентан цамгнйло вохийна ТІуьйлиг хІуъа а дан кийча ву. Ас тІедуьллу хьуна цуьнга ладугІуш хилар а, Келипат суна тІекхачор а.

— Ас иза сайна тІелоцу, — элира Юсупа даг тІе

куьг а диллина.— Амма кхоам бу-кх цуьнан цхьана ялхочуьнан кераяха дезачу...

— Цуьнан ойла еш-м со а вара, делахь а вайн къоман Iадатехь эхь ду оьздачу стагана и зокх хьегар шена тIелаьцча.

— Ас дукха хан йоцуш дешначу жайно и кхочуш ца деш а магайо иштта йитина зуда юха,—элира, кIеззиг собар а дина, Юсупа, Келипат шена тIелаца шен йиш йоцийла хиъча.

Хьамзат, лерг пена тIе а диллина, ладугIуш вара.

— И хIун жайна ду ахь дешнарг? — аьлла, ша Iачуьра хьалаиккхира молла, ши бIаьрг а къаржийна.

— «Жабраилан весеташ»,— элира Юсупа моллига дIа а ца хьожуш.— Цо яздо: «Цу гIуллакхана сутар хиллачу наха шайггара даькхина ду иза»,— бохуш.

— ШериIатехь нийса а долуш цIена гIуллакх и делахьара, Шеларчу кехатех ловзуш, нехан котамаш лечкъош лиэлачу Бискас динарг могуьйтур дацара, — аьлла, тIетуьйхира Юсупа, кхин корта хьала ца айбеш.

— И хIун дара цо динарг?

— Церан юьртарчу ГIуданта ша вехна волуш сих а велла шен зуда йитинера. Ткъа и юхаерзош «хьанал» ян Бискица буьйса яккха яхийтинера. ШозлагIчу дийнахь йита ца лууш сацийнера Бискас ГIудантан зуда.— Ой, мегар дац и, цIе таса оцу нехан зудчун,— шега аьлча:— ХIан-хIа, юьтур яц, иза санна товш зуда хилла яц соьца,— аьлла, дуьхьалваьллера Биска.

Цхьа кIира даьлча, ГIуданта ша кхин тIе туьма

а делла халла йитийтинера цуьнга шен зуда,— аьлла, дийцира Юсупа.

Хьамзат, цIаро вагийча санна, ша лаьттачохь корта хьаьвзина охьалахвелира. Оцу шен йхийтта шарчохь цул инзаре хIума ца хезнера цунна.

— Юсуп! — аьлла, хадош дош айдира моллас,— ас тIаьххьара а боху хьоьга: эвлаяийн къайленаш яккхий ю, ма гIерта царех кхиа!.. АшхIаду аллалахIа иллаллахI, ва ашхIаду анна Мухьаммадар-расуруллахI!.. Дела хьо воккха ву, пайхамар бакъ ву! Ткъа и эвлаяаш дала шайн къайле цIанъярш бу,— аьлла, шуьйрра ши куьг а айина доIа дира моллас. Моллас санна ша ца динчу доIанна, ши куьг юхь тIехула охьадаьхьира Юсупа а.

ГIехь хан елира и шиъ вовшашка вист ца хуьлуш.

КIари чуьра Хьамзат, шена хезначух кхеравелла, акъ а ваьлла Iеш вара. «Пайхамар... къайленаш... эвлаяан... шаьш бакъ бан...» Стелахаьштигаш санна цуьнан коьртехь лиэла и дешнаш бен кхетамца соцуш кхин деа хIума дацара.

— Сан молла бехк ма билла суна, ас делах тоьшалла до хьуна,— айса жайнахь дешнарг бен хьоьга ца аларна.

— Юсуп, со теша хьох, и суна а хууш ду. Амма... амма и жайнаш Iорадаха мегар дац, Юсуп. И мотт хьайна хIунда белла хаа деза хьуна! Иза-м, Юсуп, стагана шен дагахь дерг дIалачкъо хаийта белла бай, — элира моллас, шен сийна ира бIаьргаш мутаIеламна тIехь а совцош.

— Ткъа, бакъ дац иза, сан молла? — аьлла,

хаьттира Юсупа, моллина хьалха бехкалавоьдуш, шен аз а гIелдина.

— Бакъ ду иза,— элира моллас, кIеззиг собар а дина.— Делахь а... И бакъ дерг массарна а хиъча, хIун хир хаьий хьуна? Адам шен лааме дер ду, вайшинна бетта етт хир бац, — аьлла, юха а аз лахдеш, ша жоп делира моллас шен хаттарна.

— Жайнахь и бакъдина дуьйцу дела элира аса-м хьоьга иза, сан молла.

— М-х, бакъдина... И бакъ дерг котам а йина дIахеца мегар дац ца бах ткъа ас хьоьга, цуьнан атта цIога лоцур долу дела. Бакъ дерг ламанан леча а дина дIахеца деза, Юсуп, цхьа а цунна тIаьхьа ца кхиийта.

МаIа-Молла, оцу МоIзар — Хьажин мутаIеламех цхьайтта шо хьалха дешна а ваьлла, наха цIе яьккхина стаг вара. Хьажина везаш, цуьнан хьоме мутаIелам и хиларна дешна ваьллачу шарахь дуьйна хIоттийна жамIатан молла вара иза.

Тахана МаIас, кху шарахь дешна волуш волчу, шен воккхачу мутаIеламе дина къамел цунна керла дацара. Шен хенахь МаIин а хилла шен хьехархочуьнца и санна долу къамел. ДагабогIура цунна шен цуьнца хилла къийсам: IиндагIе а хIоьттина, къечу стагера сов шай даккха гIерташ, аьрша сетточу совдегархочунна ахархошначул кIезиг хIунда диллина закат? МаIас молле аьлча, цо тахана Юсупе аьлларг а аьлла цо сацийра иза.

Чесучан гIовтал тIехула, некха тIе диллинчу киснара схьа а даькккхина, хьолтIам санна долчу дашо сахьта тIе хьаьжира молла, тIаккха стигла а хьаьжна:

— Делкъламазана тIаьхьа вуьсу-кх, со, — элира цо.

— Иза-м сарахь доькхуш дичахьана дIадолура, — аьлла, куьг ластийра Юсупа. — Татас кIант ваийтинера, котамаш кхарзийтина ша, хьо а валош соьга вола, аьлла.

— Иза харцахьа дац, — аьлла, шен сийна басар хьаькхна Iаса а эцна мутаIеламана хьалхавелира МаIа-Молла.

* * *

Воьхна, ша мичахь ву ца хууш, кIарина дуьхьалтоьхначу зIарах тасавелла лаьтта Хьамзат текхна охьахиира. Шена хьалха баккхий можа бIаьргаш а бетташ Iуьллу кIайн Iахар хьаьстира цо, цуьнан довхачу хьаж тIе барташ а бохуш.

Ара а баькхкина и дIахеца дагахь, меллаша хьалаайбира Хьамзата кIайн Iахар. Нагахь цхьанна гахь, хIара лачкъо гIоьртинарг хир ву-кха со аьлла, дагадеана, Iахар буха охьа а биллина, ша муха волу ца хууш чуьра ара а ваьлла, ведда, хьуьжаран керт йитира цо.

Малхбузе гIоьртина де хIинца а тов етташ довха дара, цундела йоккхачу юьртан урамаш тапъаьлла даьсса дара.

Хьуьжаран кех а ваьлла, новкъа охьавогIу Хьамзат, жамIатмаьждиге кхечира. Йиллина лаьттачу неIарах чухьаьжначу Хьамзатана, маьждиган цIенкъа юккъе тесначу можачу истанга тIехь, къурIа доьшуш Iаш воккха стаг гира. Кхузахь бен дага ца деара цунна кIари чу воьдуш тIулга тIе охьадиллинчохь дисина шен къуорIа. Воьхна сецначу Хьамзата ца ваьлла ладуьйгIира воккхачу стага доьшучуьнга: харц-

луьйчушна дан догIу таIзар, жоьжахатахь хиндолу Iазап а, дела воккха хилар, цуьнан пайхамар бакъ хилар а чIагIдеш дара воккхачу стага къуорIана тIера схьадуьйцуш дерш.

Уьш Хьамзатана эзарза а хезнера. Амма тахана цунна кIари чохь Iеш хезнарг Хьамзатан даге лалуш дацара. Тахана мутаIелама моллица дийцинарг хезначу Хьамзатан даг чу шеко йоьжнера, жайнаш тIе яздинарг ма дийццара сийлахь дуй те аьлла. Цу шеконо таро йохийна вара жима стаг.

Кху сохьта стигал тIейоьлхур ю, латта бухдер ду моьттура Хьамзатана. Масийтта аьрха, кхераме ойланаш стелахаьштигаш хуьлий чекхйовлура цуьнан къуоначу дагах. Оццул и тешаш, цунна везаш волу молла ямарт хилча, хIун дийр ду ца хууш воьхна, кхоччуш ойлано гIелвина, гIайгIанца цIа веара Хьамзат.

— Хьамзат, хьо ма гIийла ву, могуш вуй хьо? — аьлла, коьрта тIе куьг а диллина, хаьттира цуьнга нанас.

Ша хIун эр ду ца хууш, корта охьа а бахийтина сецира кIант нанна хьалха. Дукха дара ала лууш, хатта дезаш дерш. Ткъа муха хоттур ду?

Бос байна лаьттачу Хьамзатана леррина бIаьра а хьажина:

— Вистхила, корта лозу хьан? — аьлла, хаттар а деш сингаттаме хилира нана.

— ХIан-хIа, ца лозу, — аьлла, нана теша а йина, кхийрачу кеда шена доьттинчу Iаьржачу чайнах цхьа-ши къурд бира кIанта.

ТIаккха, шена нанас дукха хан йоцуш тишчу исхарех, турс а тухуш, йина мачаш дIаяьхна маьнги

кIел а теттина, шуьйра йист йолу кIайн бIегIаган куй, паднар тIехула пенах тоьхначу хьостамах дIа а оьллина, охьавижира Хьамзат.

Наб кхетатуьгуш яцара: вижа дагахь бIаьргаш цо хьаббича, чот йоцуш ирча, масийтта гайпана гIаннабарш хIуьттура цунна дуьхьал. Вехха Iиллира Хьамзат набаран тар а тесна и ирча сурташ шена тIера дIатуьттуш... Цкъа стиглара охьавужура иза, тIаккха бердах воьдура.

...Латийнчу товхана хьалха а хевшина, техкина лекха кIайн куйнаш а долуш, еха кIайн мажош а йолуш кхелахой бара, Хьамзате а хьоьжуш, харц кхелаш еш...

Iуьйранна Хьамзат ша вижинчу черта тIехь самавелира. Цуьнан гIевлангара кенан гIайба а, цуьнан корта а хиэ башийча санна бара.

Хьамзат уча ваьлча, дуьне ша ма дарра лаьтташ дара, малх а селхана санна хьоьжура. Иштта, кхин гIайгIа йоцуш гуттар а санна, бешахь диэкаш олхазарш а дара.

Дукха хан яцара Хьамзатана и молла дика стаг а хеташ везаш хилла: — «ЧIогIа дика стаг ву молла. Схьадийцарехь и ву-кх уггаре а хьалха ялсамане боьлхучарна юкъахь хинверг», — бохуш, ойла йора Хьамзата, шурел кIайн бедар а юьйхина, Iаса а луьйзуш шайн кетIахула молла рузбанамаьждиге воьдуш гича. Амма тахана мутаIеламца моллас дина къамел духа а дагадеача, хорша еача санна, шен лаамехь воцуш вега а велла, элира Хьамзата шен дагахь: «кIайн ду моллин духар, цIена къиэга цуьнан юьхь-сибат а, амма коьртехь — боьха ойла ю, кийрахь — Iаьржа дог а ду».

МЕСИЙН КIАЙН МОХА

ЦIерпошт Къилбехьа йоьдура. Купе чохь тхойшиъ бен стаг а вацара.

Лидия Андреевна, аьлла шен цIе яьккхина, сан некъахо, лекхочу дегIахь, дуткъа-декъа Iаьржачу аматахь, юьхь-сибат а долуш, зуда яра. Купен кора хьалха, стоьла тIехь, ша хIинцца цIерпошт сецначохь эцна, кхехкийна котам йоькъуш лаьттара иза. Котам екъна а яьлла, хьалаайинчу куьйган харцхьа агIонца, шен коьртара къорза йовлакх тодеш иза йоллуш, цIеххьана бIаьрг кхийтира сан, цуьнан Iаьржачу кIажаршна юккъехь, ло санна кIайчу месийн цхьана мохнах.

Ма дарра дийцича, Лидия Андреевнан хIинца а хаалуш къуоначу юьхьа тIехь иза товш йоцу дела, Iа а ца велла:

— ХIун бахьана долуш кIайелла хьан месаш?— аьлла, хаттар дира ас цуьнга.

Дуьххьара, сан хаттар шена цахезначуха дитина, жоп ца делира суна цо. Делахь а, цкъа а, шозза а бохург санна ас цуьнан тидам барна, я ша цаIаелла тхойшиъ хIума йиъна долуш дийцира цо:

— 1942-чу шераш аьхкенан довха къегина де дара, йоьттина тIехь дархой а болуш тхан санитарни цIерпошт Рыбинск-гIали чу кхаьчча,— аьлла, йолаелира Лидия Андреевна, тIергаш санна, лилул-сийна пхенаш тIе а девлла долчу шен декъачу шина куьйге а хьаьжна. ТаьIно къора хезаш долу цхьа аз доцург, дуьххьара хьаьжча, иза къуона еш хIума дацара.—ЦIерпошта чохь болх беш берш дог-ойла айаслла, балха тIехь кадолуш бара. Дийнахь цкъа-шозза бохург санна бевзинарш буьтуш, цабевзаш берш тIеоьцуш тхо Iемина делахь а, хьайн куьйго динчу гIуллакхаца гIоли хилла кога хIиттинчех къаьсташ халахетара, керланаш са пергIат доцуш тIеоьцура. Вагонаш чохь массо а хIума а деши санна къегина дара: мотт-гIайба ло санна кIайн — цIена яра, лоьраш а царна гIо деш берш а, кIайн халаташ а юьйхина, катоьхна болх беш бара.

Массо а айвелла, дархой тIе а баьхна, царна тIера бедар а хийцина новкъа довла кечделира тхо. Дархошна юккъехь сакъералуш къамелаш доладелира: цхьаболчушна хаьара шайн дайх йисинчу, йиша-ваша долчу меттигашка шаьш кхочурбуйла, вукхарна дагаоьхура хIинцца, дукха хан йоццуш шайца тIамехь хиллачу гIуллакхийн суьрташ. Делкъанна хIума йиъначул тIаьхьа вагонаш чохь сов чIога тийна дара.

Массо а хIуманца новкъа довла тхо кечделлехь, а, тхуна цахуучу цхьана бахьаненна, паровоз бацара схьатосуш.

Де йисте долуш лаьттара...

Шеххьана, малхбузе хенан ю тийна хилар дуохош,

гудокашка маьхьарий девлира. Хlаваъ маьрша дац аьлла орца даьккхира.

Санитарни цlерпоштан начальник полчу майора Анна Сергеевна Танетас команда делира: «Кораш, неlгрш чlогlа тlечlагlаде, цхьа дегl вагонаш чуьра ара ма дала! Уггаре а хьалха — собаре хила!» — аьлла. Тlехьовсуш берш боьхна хилча иза дархошна новкъа хир дуйла хаьара цунна. Цхьа минот ялалий вагонаш чохь массо а хlума низамца дlанисдина, массо а шен-шен меттехь лаьтташ вара. Цхьа а вист хуьлуш ваца ра. Халчу дархоша кlоргга доьlу са доцург вагонаш чохь хезаш хlума дацара.

Гlовгlа кхин а тlе чlагlлуш яра. Корийн англи декаш дара, тхов тlера схьахезаш, лелхачу бомбанийн гаьргаша ден татанаш дара. Мера кlел етташ санна хезара яккхий тоьпаш-зенитка ш. Иккхинчу бомбанан гериг а кхетта цхьана вагонан коран англи дохийра, вукхунна корехула чукхетта гериг, ихьегlаш тlехь лаьттачу стоьла тlе юьйжира.

Вагонаш чохь цхьа дегl дистхуьлуш дацара. Дархошка хьовсуш берш тохара санна шайн гlуллакх деш бара: дархошна хlума яош, царна хи малош, кlелхьара мотт тобеш, церан юьхь-куьг дуьлуш, цlанонга хьовсуш бара. Массо а, хилла хlума доцуш санна, дог пагlат болх беш вара. Амма, ма дарра дийцича берриге а lад санна булабелла-м бара. Хала хlума дара иза, — элира Лидия Андреевнас, кlеззиг а сецна, леррина соьга а хьаьжна.— Дан гlо доцуш, хlора секундехь бохург санна хьо охьавожо кечъелла хьийзачу lожаллина кlелхула, волавелла цхьана а хlуманна тlехь гал ца волуш балхахь латта дезара. Санитарийн дlаловчкъа таро

яра, амма муха гIуртур ву, куьг айбина шен дегIан дола дан таро йоцу дархо кIел а витина шен са кIелхьара даккха?

Иштта ирча лаьтташ чекхъелира буьйса. Сахилча а, цхьа наггахь йоцчу ханна доцург, селхана сарахь санна етташ яра бомбанаш. ШолгIа де а иштта чекхделира. Кхин хийцам боцуш тIееара суьйре а. Адамаш, тохура санна лер доцуш, тийна дара, цхьа а дархо — суна хала ду,— олуш вацара. Жимчу а, воккхачу а — муьлххачун а юьхьа тIехь деша тарлуш дара иза.

Вагонаш чохь тийна дара. Лоьраш а, санитараш а вовшашка шабар-шибарш деш бара, чохь гIовгIа яккхарна кхоьруш санна...

Духа а са хилира, амма чан-къахь хIоьттинчу арахь гуш бацара малх. Вагонаш чу кIур хIоьттинера. Цхьанхьа, генахь а йоцуш карзахъяьлла йогуш цIе яра...

Дийцар саца а дина, корах арахьаьжира Лидия Андреевна. Ехха Iийра иза соьгахьа схьа ца йоьрзуш. Цуьнан юьхь ган лууш, хьалаайавеллачу суна, чукхеттачу цуьнан бесни тIехула охьабогIуш боккха хин тIадам гира.

— ДIадаха ца тарлора шуна? — аьлла, хаьттира ас цуьнан даге хIоьттинарг хийца лууш, цунна даганккхинарг кхоччуш хала хIума дуйла сайна хуъушехь.

— Паровоз тхуна бала тарлуш дацара. Иштта хала кхин цхьа де а даькккхира оха, — аьлла, жоп делира цо, тохура санна соьгахьа а йирзина, хийцаделлачу озанца.

— Цу дийнахь цхьана а дархочо дуучух мотт ца туьйхира.

ГІовгІа лагІлуш яцара. Лерга юххехь, вагонаш а ластош, тата делира. Вагон чохь цхьа дегІ меттах ца делира. Цициган кІорнеш санна вовшах а хьаьрчина, цхьана маьІІе йоьлла лаьтташ яра къуона ши йоІ — санитаркаш. Кхин цкъа а иштта чІогІа тата далахь, массо а хІума хІаллакьхир ду моьттура. Амма мостагІчун хІуьттареннa санна цІерпошт ша йолччохь лаьтташ яра, цунна чохь дехаш адамаш а дара.

Бомбанаш еттар тохура доладаларе хьаьжжина, саца а цІеххьана сецира. Чохь а, арахь а цхьа тамашийна тиэм хІоьттира. Хьалха меттах а ваьлла и тиэм бохо лууш цхьа а вацара: иза бакъ хиларх тиэша хала дара.

Делахь а иза иштта-м дара.

Вагонаш ца хууш санна цІеххьана хаалуш меттахъевлира, хІинца муьлххачунна а хаьара тхан цІерпоштах паровоз теснийла. Юха а вагонаш алсамо меттахъевлира, цІийза юьйлаелира. ЦІерпошт дІайолаелира. ТІаккха, цу кхаа дийнахь дуьххьара, берриге а корта а бихкина волчу, цхьана халчу дархочо гІийла са даькккхира.

ЦІерпошта чохь массо а болх беш берш: лоьраш а, цераш гІоьнчий а поездан начальникан вагон чу кхайкхира. ЦІерпоштан начальника хІун эр ду техьа бохуш ойланаш еш бара берриге а. Гуттаре а сакъераделла, каде лелаш йолу иза тахана гІелъелла, юьхьа тІехь бос боцуш чу а яьлла, гІийла йистхилира:

— Баркалла хуьлда шуна, накъостий! Аш мас-

сара а шайга догlург лелийра. ХIинца дIа-схьа гIой шайн меттигашкахь хила.

Со сайн вагон чу еача, дархой гIийла илли олуш бара:

ХIай Iаьржа хьаргIа, хIай Iаьржа хьаргIа,
Хьо суна тIе хIунда хьийза?
Сох хьуна хIонс хир яц хьуна.
ХIай Iаьржа хьаргIа, со хьан вац хьуна...

Оцу кхаа дийнахь-бусий лаьттина и хало лайначу сан дагна и гIийла узам хезча, собар а ца тоьъна доггах йилхира со. Ханъяьлла йоккха стаг санитарка, тIе а еана со мара а йоьллина, тея гIерташ яра.

...Хьоме сан вежарий, шу духа а кога хIуьттур ду, шу дуккха а дехар ду, аш царна чIир юьтур яц, дерриге а доькхур ду, — бохура ас сайн дагахь тийна Iоххучу дархошка а хьоьжуш, сан корта а лаьцна санитарка лаьтташ.

Тхан цIерпошт гIалех араелира, стиглахь малх кхеттера, суна хетарехь цхьана а заман чохь ца кхеттачу хьесапехь къегина, хаза. Вагонаш чохь хIинца духа а хезаш дара сакъералуш ден къамелаш, даггара беламаш а, вовшашца бен бегаш а. Поезд машаречу махка юккъе йоьдуш яра.

— Сан хьоме Лидинка, хIинццалц суна ма ца гинера хIара хьан коьртехь,— аьлла, куьзганан эхик еара санитаркас суна хьалха. Ши бIаьрг а цIанбина со куьзганна чу хьаьжча гира-кх суна хIара кIайн моха сайн месаш юккъехь,— аьлла, йовлакх кIел дIанисйира Лидия Андреевнас шен месаш. Леррина хьаьжначуьнга дуккха а дийцарш деш дара цуьнан елакъежар. Массо а хIуманна ре-

захилла, дахаран хама хууш, чIиранна кийча волчу стеган бен хила тарлуш яц иштта юьхь.

— Рыбинск-гIалин станцехь айса даькккхина и кхо де-буьйса сайна дагадеача, — аьлла, юха а йистхилира Лидия Андреевна, хаалуш аз а айъина, — мохь тоьххина ала лаьа суна:

— Суна лаац кхин тIом хуьлийла! Дийначушна машар оьшу!

ХIЕТАХЬ ДУЬЙНА

Сой, Бораханан Амхьаддий берахь дуьйна а чIогIа вовшийн везаш ши доттагI вара. Школехь дешна чекхвалар цхьаьна хилира тхойшиннан. Школера ваьлча дIа-схьа къаьстира тхойшиннан некъаш; со университете деша вахара, Амхьад, алсамо алапа догIуш, атта болх а карийна, цIахь сецира.

Цкъа и вевзанчунна вицлур воцуш, дог цIена, оьзда накъост Амхьад волудела цхьана а хенахь и дагара а ваьлла зама йоккхуш вацара со, амма тхойшиъ вовшашна газа дикка хан елира.

...Тахана, цIеххьана дагахь а доцуш, тхойшинне а хийрачу тIалахь, вовшахкхийтира тхойша.

Амхьад, замано хаъал юьхь мажар а йохуьйтуш хийцинера; цуьнан гиччош дато чан тIейиллича санна, шайн тохарлерачу Iаьржачу басах девллера. Делахь а цуьнан дуькъуо даьллачу цIоцкъамаш кIелхьара, сайна хийла дийладелла, хIинца жимма кхоьлина бIаьргаш ма гиннехь и вовза а вевзина, воьддушехь мараиккхира со Амхьадана. Иштта со шена гина хазахийтира ча санна сох схьахьаьрчинчу Амхьадна а.

— Вацара со, Амхьад, вайшиъ дийна а волуш вовшашна гур ву моьттуш. ХIара кIезга хIума дац,— аьлла, цу гIали чохь уггаре а тоьлаш йолчу ресторане озийра аса сайн доттагI.

Цхьана хIуманна ша бехке волуш санна юьхьа тIехь цIий а велла:

— ХIан-хIа, ма гIо вайшиъ цу чу,— аьлла, вухагIоьртира Амхьад.

— Вало, вало, ма дийца иза,— аьлла, со къар а ца велла, ресторана чувахара тхойша.

Вовшашка хеттарш дина тхойшиъ валале даар малар а хIоьттира хьалха.

ЧагIаран кад хьала а айбина:

— Амхьад, вайшиммо вовшийн ца гуш даькъкхинчу хIокху итт шарахь цхьа де хьо вицвина даькъкхина вац со. Вехалда хьо,— аьлла, ас кад дIакховдийча Ахьмадан кад стоьла тIехь лаьтташ бара.

— Баркалла хуьлда хьуна, Iусман. ДIамала ахьа,— аьлла, кедах куьг а ца тухуш, ша Iечуьра хьалаайвелира иза. Цец а ваьлла хьаьжира со Амхьаде:

— Ой, схьа мукъана а тоха кад,— аьлла, аса дехарца сайн кад дIакховдийча:

— Бехк ма билла суна, маллане а и молуш вац со. Суна там хир бара ахь хьайн кад дIамалахьара,— вуха а хьалаайвелира Амхьад.

Сайн кад, ца молуш охьа а хIоттийна:

— Ткъа вайшиъ вовшашна ца гуш оццул хан а яьлла, тахана деанчу кху дийнахь сан кедах кад-м тоха мегар ма ду,— ас аьлча, цIий а велла, воьхна соьга схьахьаьжира, Амхьад.

— Ма ала иштта, Iусман, сан йиш яц хьуна и мала,— элира цо корта а ластийна.

— Дуй биъна ахь?

— ХIан-хIа.

— Дийцахьа ткъа, хIун хилла хьуна?

— Днйцича а хIинца тIаьхьа ду иза, Iусман.

— Дукха хан юй ахь хIара ца молу?

— ХIара ворхIалгIа бутт бу.

— Схьахетарехь, цхьа доккха бахьана доцуш-м дац иза, Амхьад, дийцахьа суна.

Корта ластош, балдашца, синкъераме хIумма а дац хьуна, бохуш санна вела а къежна, тIаккха хаъал юьхь макх а луш сецира и. Со а воьхна и санна сецира.

— ВорхI бутт хьалха дара и,— аьлла, ца лууш, гIоьртина балдаш дега а деш, долийра Амхьада. — Хьуна а вевзаш волчу Iелин Iумара шена кIант вича кхайкхина сакъера вигинера со. «КIант вехалда» — олуш, молуш, «да вехалда» — олуш, молуш, нанна тIера ойуш, йиш-вешийна тIера молуш, гIеххьа кеп а хилла, хан яьллачу хенахь цIа ван новкъа велира со...

— ТIаккха?

ДIа а вирзина, цхьана минотехь, мотт Iевшича санна, сецира Амхьад.

— ...Дарц хьоькхуш шийла яра буьйса. ГIенах санна дагадогIу суна ший куьг а гIортийна суо лай тIера хьалагIатта гIиртина. — ТIаккха а кIеззиг соцунха хилира Амхьад. — ШозлагIчу дийнахь, кхетаме веача больницехь Iуьллуш вара со. Кхо кIира цигахь а даьккхина кху денца цIа валийра со,— аьлла, шина куьйган меттина таьIано-цIечу

басахь пхьаьрсийн ши юьхк стоьла тIе йиллира Амхьада.

Гушдерг дагна тIех Iаьткъина, бIаьргех хи а долуш, суо Iеччохь, ца ваьлла, вегийра со.

— XIетахь дуьйна, кад ойбуш вац со,— элира Амхьада. Цуьнан бесни тIехь, аьтто бIаьрга кIел бега а беш, сиэда санна кхозуш, цIена хин тIадам бара.

ТАТОЛ ТIЕХЬ

Кху доккхачу татол тIехь тахана къаьсттина чIогIа синкъераме дара.

Детин басахь кIайн тулгIеш а хедош сихха дIасхьа лелаш гуора кегийра а, даккхийра а хIордан кеманаш, иштта хьаьвдда хьийзаш сийнан я кIайн басарш а хьаькхина, катерш а дара; церан сихалло тIаьхьа юьту яккхий тулгIеш хьовзийна дIасхьа дахана кIайн мекхаш санна лаьттара. Хьун санна хьала яханчу мачташна тIера бес-бесара байракхаш яра мохо ловзош; кеманийн гудокаш: «сихло!» — бохуш санна екаш хезира...

Дукъойх вовшах тесначу йоккхачу кIепала тIера бердан йисте кхаччалц, марш санна деха ши тIай дара татол тIехь Iуьллуш. Царах — бони олу. Цу шинна юккъехула ца хедаш хи тIехула моггIара охьаоьхуш дара дуьненахь уггаре а тоьлашха долчу Сибиран баганан дукъош, хIораннан буха тIехь дагарца бина кIайн керла зил а болуш.

Хи тIехь текхаш Iохкучу тIешна тIехула паргIат лиэлаш каде мехкарий бара, хIор сецна дукъо, цхьа еххачу гIажаца атта дIа а тоттуш. Арара

цаьрга хьаьжинчунна, цхьа а хало ца Іеткъаш, сов атта бо моьттур дара цара и болх. ГІуллакх иштта дацара; кхузахь дегІехь ницкъ хиларал совнаха, и болх бан шарвелла, Іемина хила веза, гІаж Іотта оза меттиг сихонца карош хила веза.

Цу мехкарех Іаьржа месаш ерг йоллу, паргІаг, ехачу гІожана тІе а таьІина цхьаьний итт дукъо дІатоттуш. ТІаккха цу бонишна юккъе пурх дІасхьа лиэла тиллинчу жимчу тІай тІехь соцу иза. Ткъоьссана шо кхаьчна Надя Крылова ю иза. Комбинатаца договор а дина Игарке богІучу цуьнан доттагІаша-мехкарша хаздира цунна шайца кхуза яр. КІеззиг болх бинчул тІаьхьа Надина дукха йийзира Къилбседе, кху мехкан ша тайпа хозалла. Кхузахь шеца дог цІена, хьоме доттагІий а карийна, Игаркехь ехаш Іен сецна Надя, кураллийца: хІара сан хьоме гІала ю а бохуш.

Хьаьрса-дашо басахь долчу дукъошка лоррий хьожу Крылова. ДІа аьтто агІор хьаьжча, дерриге а дуьне хи дуй техьа аьлла мотталуш, сов шуьйра, техкаш догІу Енисей го Надина. ЙоьІан бІаьрг шуьйрачу ара дІакхерста, цуьнан ойла цхьа гІайгІа а, тІалам а боцуш дІаяханчу беральле йоьду. Надина дага тосу дІо генна лакхахь, и Енисей готта догІучохь, цхьа хьийкъина лекха лаьттачу хьуьнан сурт, цу хьуьна юккъехула охьадогІучу шовданан коьртехь «Красный ключ» олучу шайн юьртан сурт. Красный ключ — цІен шовда бохург ду. Баьццара, цІен бос а лиэпаш шух даьлла охьадогІучу цу шовданан цІе хила а магара юьртана тиллинарг. Стакан чу доьттича, йоьІан бІаьргах долу хи санна, цІена сирла хуьлура шовда, довхачу дий-

нахь делккъехь ахь мелчи а, кийрахь сецина меттиг пIелг Iоьттина карор йолуш а, цергаш лахош а дара цуьнан хи.

Цу шовданан коьртехула а, цунна гондахьарчу хьуьнан хьеханашкахула а лиэлаш сакъералора Надин.

...Хьуьнан готтачу новкъахула боьлхура уьш, баганан хьуьнан гIаддаш, беттан сехь, деши санна къиэгаш лаьттара. Павлика цуьнан куьг а Iуьйдуш, меллаша къамел дора. ЦIечу шовданан хи санна цIена хеташ, аьхна дара цуьнан дешнаш... ТIаккха цо Надя марайоьллира... Цуьнан керара а яьлла, иза едда цIа еара, цул тIаьхьа и шиъ кхин вовшех ца кхийтира.

«Речник Енисея» цIе йолчу газета тIехь Крыловс селхана дийшира Павликан хьокъехь. «Чувашия» теплоходан тIехуле тоеш волчу дечигпхьеро Гобиев Павела хIор денна белхан норма 150—160 процент кхочушйо, бохуш, яздора газето. ХIетахь цунна оьгIазъяхар дайделлера Надин дагахь. Иза мелхо а йоккхаеш, сакъераделла хилира тохара шен хаза синтем бохийна верг къинхьегамехь билгалваларна:

Йоl юха а татол тIе йирзира, — гена доцуш, цхьалха хиэ дахьаш дукъо гира цунна. Иштта со а цхьалха схьаеана, ткъа иза...

— Хьай сонтанаш яI! ХIонсан хама бан ца хаьа царна, — аьлла, ша-шега йистхилира Крылова, дIо лакха — дукъойн къепалш вовшахйохучу метте шен оьгIазе бIаьрг а кхуссуш. — Оццул генара схьа а йохье, хIара хьуьнан хIонс кхузахь шек а боцуш, тулгIийн кара а тосий юьту-кх!

Гlаж Iоьттина дукъо герга а оьзна, аьчган сераца вукха дукъох дlадихкира Надяс.

Кхузахь, цlеххьана Надя тlехь йолу тlай лестира, цхьаммо цуьнан белшах меллиша куьг а туьйхира...

— Де дика хуьлда хьан, Надя! Кхузахь яйна хилла-кх хьо.

Боьмашчу бlаьргашка эхь доьссира, мохо lаржйина болатан басиэ ялийна юьхь серлайолуш кхоккийра... «Ма сонта ву со,—аьлла, ша шена оьгlазвахара Степан, — хlара йолчу вогlуш башха дика дешнаш дагалийцира ас, хаза къамел дан дагахь, схьакхочучушехь дерриге а коьрта чуьра дlадаха-кх».

— Диканца вогlийла хьо, Стоьпа, — олуш, башха реза а йоцуш, жоп делира йоlа.—Хьуна хlунда моьттуш со яйна. Вайнарг-м хьо хила тарлой, тlаьхьарчу заманчохь со тергал ца еш...

— И-м бакъ дацара, Надя, суна хьо дlогара схьа даима а гора, — аьлла, пlелг хьажийра цо дукъош къасто йисте такхийна лаьттачу шайн къепале.

— Ма сирла бу хьан бlаьргаш, Стоьпа... Цхьа километр генара го царна йоl, амма хьайн меракlелхьара хиэ дlакхоьхьу шайн дукъош-м ца го хьуна, масала, хlара санна!

Надяс гайтира цунна, дlадахьа кичча хиэ ловзош лаьтта, доккха дукъо.

— Iуьйранна дуьйна ас хlара саннарг ворхl-бархl сацийна, ткъа дlа мел кхехьна хир ду хlорш? Цхьана дийнахь учий а тlехь цlенош далла лецалур ду хlорш...

— Вер вуй ткъа хlоккхал дукха уьш тергалдина,— эхь а хеташ, бехказавуьйлура Степан. — Уьш дуккха а ахь гулдичхьана ас, цхьанхьа юьстах а

даьхна, башха дика цIенош дийр ду царех. Цу цIенош чохь вайшиъ цхьана даха хуур ду...

И дош аьллачохь цIий а велла, воьхна сецира Степан.

— Мичхьара и,— аьлла, гIам-гIим а деш, сихха дIайирзина, техкачу тIай тIехула яхара Надя. Къорзачу басмин куча тIехула юьйхинчу тIергIан жакето дIалаьцна яра цуьнан юткъа гIодаюкъ. Йоьттина йича санна йолчу йоьIан дегIан массо а меже бедар кIел ловзаш хаалуш яра.

Надя юхахьаьжира...

Малхо, мохо ягийна сирла юьхь, Iаьржа, биллина, кхетаме бIаьргаш, бархат санна цIечу балдийн йистошкахь схьакъеда елакъажар... Къуоначу белхалочунна Гринев Степанна чIогIа дукхаеза Надя. Комбинатаца Степана динчу къинхьегаман договоран хан тоххара чекхъяьлла. Амма, нуьцкъах санна, Надяс сецаво и дIа ца вохуьйтуш кхузахь.

Ала лаьа йоIе: хьан бIаьргаш даима суна хьалха лаьтта, хьо ца гича со мегаш вац. Ткъа, муха...

— Надя!— аьлла, мохь туьйхира цо йоIе,— тоххара дуьйна а хьоьга ала лаьара суна...

— ХIун? — цецъяьлла, Степане хьаьжира Надя.

— Ца кхета хьо?.. Хьо йоцчохь мегаш вац со... — элира цо халла, цул тIаьхьа Надега дIа а ца хьожуш, амма иза леррина шега хьоьжуш ю моьттуш, воьхна сецира Степан.

Шина а агIорхьа дато дерз а детташ, тIешна юхехула тIехъиккхира катер, шуьйрачу тулгIенна ловзо, Надий, Степанний тIехь лаьтта, деха тIай тIехьа а дуьтуш.

— Аса-м боккъалла а бахий, — элира, эххар а цхьа зама яьлча, юха а Степана.

Надя йист а ца хуьлуш лаьттара. «Тера а вац Павликах, бIаьргаш цуьнан санна боьмаша белахь а»,— ойланаш йора Надяс.

Ткъа хоуьйтуш элира:

— Иза дерриге а дош доцург ду, Стоьпа, вай хIинца а вовшийн дика девзаш дац.

Амма дагахь кхин дара Надин. Шен дог-ойла ма ярра гойтуш а, хьанал а, бакълуьйш а хиларна Степан дукхавезара цунна. ДIа а йирзина, Надя яхара, хи тIехула дукъош дIа-схьа а туьттуш.

Степан, ша лаьттачохь йоIана тIаьхьа а хьоьжуш, ойла еш вара: «Со поэт волуш хIунда ца кхоьллина техьа, сайн дагахь мел дерг хазаллин ницкъаца дIаала хIунда ца хаьа техьа суна?»

ХIинца ма варра хиларна Надина ша везийла ца хаьара Гриневна.

ПОЛЯРНИ БУЬЙСА

Ши эзар сов километр Енисейца охьа, Къилбседехьа вахача, хIорд санна шуьйрачу хин берда йистехь лаьтташ ю цхьа жима таллархйон юрт Полой. Юрт аьлча-м доккха хIума моьттур ду; кхузахь дерриге а, йочанаша кхоччуш макхдинчу аннийн тхевнаш а тохкуш, дукъойх дина ткъех цIа ду. Царна юккъехь уггаре а лекха гуш ерг — ворхI шеран школа ю, хаза къегинарг — амбулатори.

Iаьнан кхаа баттахь хаддаза буьйсий, аьхкенан кхаа баттахь — дей лаьтта кхузахь. ХIинца хIара шозлагIа бутт бу кхузахь и полярни буьйса йоьлла. Ерриге а Iаьржа буьйса, буьйса бен бIаьргана гуш хIума дац. Кху махкахь ваха ца Iеминчунна а сингаттаме зама ю хIара; де хила дезачу хенахь, цхьанашина сохьтехь, кIезиг екхий аре буолатан баса йогIу, кхаа баттахь кхин схьакхеташ серло яц, латийначу лампанан бен. Амма шен инзаре хазалла а ю полярни буьйсанан; буьйса юккъе яхале цхьа-шш сахьт хьалха, ахь лиэпачу жовхIарех йина кIайн бойнаш хьалатийсича санна, хьалалеташ—дIайовш, хьалалеташ — дIайовш ехха дато серлонца ловзуш лаьтта стигал.

Кхузахь болх беш ю Нина Александровна Битюцкая.

Амбулаторе баьхкина цомгушнаш тIеэцна а яьлла, схьа ца лахкалуш цIахь бисинчаьрга хьажа яханера Битюцкая. Буьйса юккъе яханчул тIаьхьа цигара цIа а еана, гIелъяларца йижа кечъелира Нина Александровна.

...Арахь буьрса упIуш хьийзаш дарц дара. Лайн ткъевно, къоьжачу чIагаршца керчаш, шабарш дора коран бIаьргех а етталуш.

ЦIеххьана неIарх хIума туьйхира.

— Мила ву цигахь? Чувола! — аьлла, йистхилира хIусамнана.

ЦIовзош неI а йиллина, чоьхьаваьллачохь сецира, лайн межарг санна волу, цхьа лоха стаг.

— Деллахьа, лор, боккъалла а тхоьга ягIахьара хьо,— элира цо сихха.

— ХIун хилла?

— Стаг ву цомгуш.

— Мила ву и, хIун лозу цуьнан?

— Зуда ю берана хьийзош,— элира веанчо, сингаттаме корта охьа а бахийтина. — Сихха гIур дара вай, лор, чIогIа вочу хьолехь йисина сан иза.

— Схьанехьавала, охьахаа. Со хIинцца... гена даха дезий вайн? — хаьттира Битюцкаяс, веанчунна гIант а луш.

— Со Яли ву,— аьлла, охьа а ца хууш, шен цIе яьккхира веанчо. — Ирганчи олу тхо Iадаккха севцинчу меттигах, кхузара дIа ткъеитт километр... Сеш чехка довдуш ду, сахьт далале дIакхуьур ду вай.

— Стенга хьоьжуш Iара шу хIинццалц? Хьалххе ккуза схьа хIунда ца ялийра аш иза? — бохуш, хоьттуНина Александровнас бертигашна пхьагалан цIока лаьцна болу кIеда бIоржамаш сихха хьала а иийзош.

— Хьанна хаьара цуьнан хан...—боху Ялис, шена оьшуш хIума чамди чу юьллуш йоллучу Битюцкаяга а хьоьжуш.— Хьуна айса боккха хьовзам бойла-м хаьа суна, делахь а... — бехкала оьху веанарг.

— Иза-м хIун хьовзам бара, уьш иштта хила дагIуш ду, Яли, — аьлла, жоп делира де-буьйса ца лоруш, массо а хенахь цомгушчунна тIе яха а, цунна улло хиина буьйса яккха а Iемина йолчу Битюцкаяс. Кхин дуй шун бераш, я и дуьххьара хуьлу? — хаьттира лоьро, тIе йовха кетар а юхуш.

— И дуьххьара...— элира Ялис, дог цIена, хазахетарг Нина Александровнин бIаьргашна чу а хьаьжна.

Дарц хьоькхуш дара, арахь лаьттачу салаз тIе ондда ло диллинера. Нина Александровна, салаз тIе а ханйна, йоккхачу кетара юкъахьарчийра Ялис.

Сихха салаза тIе ваьлла, талуш хьалха охьа а хиъна, шок тоьхна сешна тIехула беха гIуркх хьовзийра Ялис. ЦIаро дагийча санна, кортош а айдина, дIалилхина сеш дарцана дуьхьал догIаделира.

Массо а маьIIехь хьаьвзина мох карзахбаьллера. ТIебеттачу лайн жаржо юьхь лазайора; бIаьргаш хьаб ца бича, — я жIаьлин цIокех динчу месалчу каранашца уьш дIа ца хьулбича ца волура Яли. Сихонца дIакхача деза. Новкъа волуш хIусамнанас аьллера: «Варий, чехка воьллахь, Яли, со вочу хьолехь ю хьуна». Цундела Яли лоьраца ма хуьллу сихвелла воьдуш вара.

* * *

Боьхна хьийза буьнарнаш, хах аьлла, сапаргIатбевлира Нина Александровна еана схьакхаьчча. «Лор», — олуш хезира цунна цу чохь цхьаммо, гIийлачу озаца. Шайгахь болу сингаттам шега схьа а белла, буьн чохь берш паргIатбевлича санна хетаделира къуоначу лоьрана.

ЧIогIа хала нуьцкъала хилира бер. Лор яле кхайкхина ялийнчу къеначу зудчо гIодах гата а хьарчийна, лилул сен а елла, кхетамера яьлла Iуьллуш яра цомгушниг.

Нина Александровнас куьг хьаькхча цIеххьана паргIатъелира къуона нана, амма цуьнан бос байначу юьхьа тIехь сецна хIинца а орца доьхуш лаам бара.

— Лор, иза хIунда...

Буьн чохь динчу беран дуьххьара мохь белира.

— Ма дика ду-кха, — аьлла, доккха са а даькхкхина, елакъежира къуона нана. Цуьнан седарчий санна къиэга бIаьргаш, мохь хьоькхучуьра ца соцу бер кIайчу шаршо юккъе хьарчош долчу, Битюцкаян куьйгашна тIаьхьара ца хедара.

Нина Александровна цIа йогIучу хенахь, йист йоцу кIайн аре маьлхан зIаьнаршна кIел ловзуш яцара, амма тIе ло тесна лаьттачу хьуьна тIехула, дIа дуьненан маьIера схьакхетта сирла зIаьнарш яра, цара кхузара де екхначу буьйсанах тардинера.

Къорзаниг цхьа маIа йолуш, важа ше а йоцуш, ши сай кхоьссина хIума санна боьдура кIедачу лайн новкъа. Церан дайчу боларца цIийзира гIорийначу гIоматийн асанаш. Сакъераделла, шок а етташ, урх тухий сеш лохкура Ялис.

Гlелъелла Битюцкая, кетарх хьаьрччинчохь, бlаьргаш а хьабдина lеш яра. Ялис кест-кеста вуха а воьрзуш леррина бlаьрг тухий. «Шеллой хьо?» — олий хаттар дора цуьнга, тlаккха дlавоьрзий:

— Хlайт!.. Хlайт!.. — олий, гlуркх а хьовзош, шен сеш лохкура.

Сеш лелош волу къуона Пыреркан Яли совнаха сингаттам бен шена и кlант веш деа дика ца хетта волу, хlинца цlеххьана сакlераделла вара. «Деллахь да ву-кха со, и жима, жижиган басахь йолу гlорза — сан кlант ву-кха», — аьлла, дагатесинчу ойланца воккхавеш вогlура и.

— Нанас дуьйцура суна, — иштта дацара цуьнан хенахь: дlа ара къаьсттинчу буьн чу а йоьдий, шен таронца, юххехь гlо доцуш дора зудчо тхан хенахь бер, олура. Тамашена хийцаелла-кха зама, кlинца бер деш вовшахъеттарш-м яккхий чалхаш ю, — аьлла, вистхилира Яли Битюцкаян сакъерадалийта дагахь.

— Хlун чалхаш ю уьш, Яли?

— Ой, хlун чалхаш боху чохь ду хlара: бер дуьнена чу а далале маьнга эца беза, шена къаьсттина мотт кечба беза, цу тlехула тlе лоьре кхайкха деза. Дукха ю чалхаш, тlех дукха ю, — элира Ялис. Делахь а цуьнан деган лаам хlун бу хаа, гlоьртинчунна хуур дара и чалхаш Ялина хlинца ирча ца хетийла.

Наб йоцуш хала яьккхина буьйса дагахь йолу Нина Александровна йист а ца хилира. Шел а елла ша буьн чу еача, шена тlера кетар, коьртара кортали дlаоьцуш лелла ши куьг, кирхьана тlехьара схьахезаш хилла гlийла узар, таро йоьхна гlелбелла,

гIо лоьхуш хIоьттина къуоначу зудчан ши бIаьрг дагатуьйсура цунна. Ткъа цхьана а хIуманца нислур дац, къоламца язлур дац, дашца алалур дац дуьххьара нана хиллачу жимчу зудчан ирсе хьажар.

— Иштта ду хьуна и, Нина Александровна, дукха чалхаш ю хьуна бер хилча ден кочу йогIуш ерш, — вуха а вижинчуьра сама ваьлча санна, къуоначу лоьран ойла а хадош, вистхилира Яли. — ХIинца и кIант куога воьддушехь ча ен а ма деза...

— ХIунда?

— ХIунда бохург хIун ду. И кIант оцу йийначу чана тIе а вигина я пха, я урс Iоттийта деза цуьнга чах, хIара ча ахь йийна хьуна а, олуш, кIанте.

— И стенна оьшу? — аьлла, юха а цецъелира Битюцкая.

— КIант майра хилийта, иза воккха хилча чанах ца кхерийта.

— Ткъа, Iемий и цунах майра?

— Iема дера-кх, — аьлла, ша бохучух чIогIа тешаш,— ахь берахь Iамийнарг дегIах дулий и мел веха а деха стагаца,— аьлла, чIагIдира Ялис.

Дуьххьара и хезна лор цецъяьлла, юха а ойлане йирзина, Iаш яра.

Тоххура схьакхетта и шийла малх, буха дIабуза кечбелча санна, хIинца а иштта лахахь и латта хеддачохь лаьтташ бара. Арахь, цхьа тийна дIадижна лаьтташ, шийла дохк дара, цундела, бIаьргана ницкъ ца хуьлуш, цу малхе шортта хьежалора. Салаза кIел цIийзачу лайн гIовгIа бен оцу йоккхачу арахь хезаш хIума дацара.

— Кхин цхьа хIума а ду тхан къоман деш, — аьлла, вуха а вистхилира Яли. — БухIа а йоьй, схьа-

боккхий, цуьнан бIаьрг баабо оха берах йолчу зудчанна.

— И хIунда до аш?

— Беран бIаьргаш дика сагуш хилийта.

Лор елалуш хезира Ялийна.

— Ца теша хьо? — аьлла, хаъал дегабаам а беш, хаьттира Ялис.

— Хаац суна-м, бер муха хир ду бIаьрг сирла, цуьнан нанас олхазаран бIаьрг кхалларх.

— Ой, и муха ца хуьлу бIаьрг сирла, массо а хIума беро ненера схьаоьцуш хилча? — аьлла, цецвелира Яли. — БухIа дийнахь а, буса а сагуш бIаьрг сирла олхазар ду, цуьнан бIаьрг кхаьллинчу ненан бер а хир ду дийнахь а, буса а массо хIума гуш, бIаьрг сирла, — чIагIдира Ялис ша бохург.

Нина Александровна, кхин йист ца хуьлуш, юха а шен ойланашка яхана сецира. Ша пургIатьяькхинчу къуоначу нанас дуьххьара некхе дехьна бер дагадеанчу Битюцкаяс ца луъушехь шен дагахь куралла йира.

«ХIинца а бу-кха вайн, — ойла йора цо, — кху Къилбаседехьа бахка кхоьруш. Осалалла яц иза? Дуьненан исбаьхьаллин хазалла кхузахь а ма ю, Доггах сакъералуш бан болх а бу кхузахь шортта».

Мехкан муьлххачу маьIIе а бахана болх бан хIуьттуш, хьомечу Даймахкахь сингаттаме меттиг цхьанхьа а ца хеташ вайн дуккха а болчу мехкарех ю, Воронежера лоьрийн институт чекх а яькхина, шо хьалха кхуза балха еана Нина Александровна Битюцкая.

ША МЕТТАХЬАЬЛЛА

I

КЪЕПАЛШ ТIЕХЬ

Игаркин Татол тIехула массо а дегIан межех чекх а болуш хьоькхуш Къилбседехьара шийла мох бу. Арахь майн беттан тIаьххьара денош лаьтта, делахь а Татолан гIад дIа а лаьцна хIинца а тIехь лаьтташ метр сов стомма ша бу.

Хиэдийна хи чу тийсина дукъош вовшех доьхкуш кечйина къепалш ю кху Татол тIехь, ша беш гIорийна дIа а лаьцна йоккха гIайре санна лаьтташ. Вовшах а тесна моггIара дIахIиттинчу къепалша хи тIехь лаьцна меттиг йохалла ялх километр сов ю.

ХIара хьуьнан хIонс дIадаханчу шеран гурахь кхаьчнера кхуза, Игаркин хьуьна-промкомбинатана, амма дукха хьалхе Татол тIехь ша баро аьтто ца хилийтира хIара шен хенахь хи чуьра бердан йисте яккха.

Кху могIер цхьайолчу къепалша тIехь лаьтташ керла дечиган цIоьлгаш санна дина кегий цIенош ду, дукъош хоьттинчухула схьагуш таьIана-боьмаша басахь корсам а болуш. Оцу цIенош чохь кху сохь-

та Iаш бригадаш ю, церан декхар — ша меттах баьлча и къепалш хиэ ца йохьуьйтуш Iалашъяр а, уьш аьтту агIорчу берда йистехь долчу, Комбинатан кетIа дIакхачор а ду.

ХIор бригадан цIенойх цхьацца цIенна тIехь айделла аннех дина чардакх ду, кхузахь бегашийна «Лоцмански гулянка» аьлла, цIе а тиллина. Оцу чардакха тIе вала хIоттийна ворхI-бархI тIегIа долуш лами бу. Цу чардакхаш тIера тергал деш хилла къепалш лиэлочара хица шаьш и хьуьнан хIонс ялош, шайн некъаш. Ткъа хIинца бригадан гIаролхоша цу чардакхаш тIера тидам бо дийнахь а, буса а ша тIехь хуьлчу хийцамийн, ша меттах баларе лаа дугIуш...

ХIор цIийна хьалха бохург санна Iохку аьчган машшийн цIевнаш а, даккхий мIарнаш а, аммонал чохь долу яьшканаш а. Кхуззахь дIатоьхна йоккха лозунг а ю:

«Цхьа а дукъо шашца дIа ма дахийта!»

ДIанехьа рагIу кIел Iаьржа гуш совнаха долчу машшийн кочарш ду; къепалш тIехь сингаттаме лаьтташ ю машшаш туьйсу утармаш а, гIорторш а, богIий а, ткъа оцу тийначу утармашна тIехьа генна дIайоьдуш кIай-сийна басахь шан аре ю, сов тийна латтар оццу шийлачу мохо дохийна.

Буьйса... Ткъа буьйса-м ян а яц! КIеззиг таьIано, сирла-сийначу басахь стигал ю... ДIа генна Малхбалехьа пис йовхо луш болу полярни малх, и шен ворхI басахь йолу къегина зIаьнарш дIаялий, юха а меллиша хьала айло; кху цIийнан корехь гIоринчу англи тIехь пхьагалш а ловзош лакха болий, Татол тIерачу шан экъа а къагайой, дIахIутту.

Мох юха а чIагIло. Хи йистехь ерзина лаьттачу хьуьнан генаш карзахдуьйлуш деттало, шайна тIера, цхьа исбаьхьа йиллина кIац охьа а эгош.

Вукху йистехь самайолуш гIала а ю. Цуьнан Iарж-деллачу аннийн тхевнаш тIехь гIуьтту, мохо нацкъар дIакхоьхьу сира-можа кIур.

Хьуьнан хIонсана Iуналла де бригадийн болх кхехкаш бу: детташ дагарш ду, къоруо цIийзаш, гIоринчу дечиках тийсалу херхаш. Хьун хиэ дIахьур йоцуш чIагIъеш ю; ши тонна еза якорш зуьйш ю, хьуьнан баккхий маьхьаш дIа-схьа текхо зарзакъаш а болх беш ю.

...Хьун Iалашъечу пхоьалгIачу бригадехь детташ маьхьарий хеза: «Озае, кхин а! Озае, кхин а! Озае!» — бохуш. ХIаваэхь, якхъеллачу варданаха цIийзаш тата лаьтта. КIеззиг дIанехьа кхозлагIа бригада йолчохь шах оьрнаш доху, цуьнан стоммалла юсту, херхашца цоьсту. Ша цоьсту Чугунов Андрейн звенос белхан норма кхочушъярехь тахана боккха толам баькккхина. Нормехь билгалйинчу 36 метран меттина 156 метр беха ша хадийна цо, цхьаьна дийнан декхар 434 процент кхочуш а деш.

Ша цестар — иза инзаре болх бу: хьуьнан кIепалийн шина а агIор ткъей итт сантиметр юкъ а юьтуш цхьаьний дIадоьдучу шина сизца ша цосту, цунна кечбинчу херхаца, тIаккха и херхо хадийна цастар дIадоккху, хIор ткъа-ткъей пхиъ метр яьлча юккъехь шан экъанаш вовшах цакхетийта шах поттарчий а юьтуш. И гIуллакх юьхьанца апрелехь до, гIаккха май бутт чекхболлуш, ша болабалалий хьалха.

* * *

ХIуьттаренна санна хIинца а денош шийла лаьтта кхузахь, цундела ша хин гIодера дIабаха дагахь а бац.

«Болабелла ша Туруханске кхаьчна, Ермаковехь ша меттахбаьлла», — бохуш, хаамаш бора радиос. Изза дара цхьа кIира хьалха олуш дерг а, ткъа кхузахь хин гIода тIехь хийцаделла хIумма а дацара.

Хи хIинца а жима дара, цуьнан алсамдалар гIийла дара. Цундела кхузахь цхьанна а дагахь дацара, шаьш хийла сатийсина а, амма кхузахь буьрса а долу «Ша меттахбаьлла!» — боху дош хаза гергахь ду, аьлла.

Делахь а йовхонан хьалхара хаамаш кхуза а кхаьчнера, Iаламан куц хаъал хийцаделлера. Ло Iарж а луш сихха лахлуш дара. Ша тIехь а, лай тIехь а Iохкучу хIуманашна гондахьа хIинцале хаъал кIаьгнаш хIиттинера, латта а къарзделлера. Бердан йистошкара, хин гIода чу гIовгIанца татолаш хьаьлхинера. БIаьсте шен бакъо схьайоккхуш йоллура...

Хи Iаьнан набарх самадолуш дара, и, кестта шан гIоьмеш а хедош, эзар шерашкахь ша леллачу новкъа тулгIешца айделла дIадолалур ду, дукъойн къепалш егош, бердаш херцош, дитташ бухдохуш, новкъа нисъелла гIишло йохош... Амма адамаша дегнаш айделла даккхийдеш тIеоьцур ду Енисейн бIаьстенан эргIадалар. Полярни дозанал Къилбседехьа болчарна бIаьсте Доккхачу Лаьттахь бехаш болчарна ерриг хилла ца Iа. Iай шен еха наб йин-

чул тIаьхьа тундра юха а денло, дуьне шуьйра а, сирла а хуьлий дIахIутту. Кондарал башха лакха цадолучу базано а, багано а шайн таьIIана-баьццара духар духу, масех тайпанчу цIазамаший, мангалкомарший аренаш къарзйо, куьзганех терра лепаш дIахIуьтту хьалдолу Iаьмнаш. Сийлахьчу Енисейс а шен нуьцкъала тулгIеш океане лоьхку.

II

ША МЕТТАХБАЬЛЛА

Шозлагlчу бригадан цIа чу гулделла дуккха а адамаш дара. Кхузахь гулъелла кхеташо хIинцца чекхъяьлла. Дийцаре диллина хиллера бригадаш вовшашца йохье йовларан договор а, балха тIехь кхерамах Iалашдаларан говзаллин инструкци а. Кхузахь вара: Федор Васильевич Фокин — хьун хи чуьра йисте яккхаран корматалла хийла а кегийрхошна Iамийна волу; Григорий Ильич Коржов — уьтталгIа, ша болабалар кхузахь дIахьош волу; Яша Рацев — говзаллица зевелла ша лоьлхуьйтург, иштта дIа кхиберш а.

Кху чохь болчех дуккхаберш керла газеташ, журналаш доьшуш бара; къуона ши белхало шахматех ловзуш воллу — цу шиннах цаI Iаьржачу аматахь ву, Iаьржа, чехка бIаьргаш а долуш. Иза толам а боккхий, тIаккха «Огонек» деша волало. Ткъа къорза коч а юьйхина, ируо хьалаайбелла мара а болуш волу шозлагIниг куьйга корта а лаьцна, шахматех ловзаран цхьа хьесап лоруш воллу; пеш йолчу сонехь кхача кечбеш верг, ша шена мелларша узам а беш, пхьегIаш юьлуш воллу.

ЦIа чохь йовха яра, цIийеллачу чуьйнан пе-

шахь лелхаш догура декъа баганан уй. Пешана го а бина, цхьа кIезиг нах, балха тIехь кхерамах Iалашдаларан говзаллин инструкцин хьокъехь къуьйсуш бара. Хьаьрса маж а йолуш, лохуочу дегIара Фокин гIорийначу корана юххе а хиъна, хьаж а хабийна и инструкци шозлагIа а йоьшуш Iара.

— ШайтIанна хуур дац хIара хIун ду-м! — бохура цо, хьалхарчу кисанара схьаяьккхина, йовлакхан меттина кIайчу бехчалгаца шен аьрру бIаьрг а цIанбеш,— я суна вон го техьа? Хезий шуна?..

— «Ша меттахбаьллачохь, — бохуш, доьшура цо,— аьчган муш мал ца бича тарлац, жим-жимма хоьцуш дIа а хоьцуш...»

— Муха, малба? Мацца а и болабелчий? — цецвуьйлура къена белхало Коржов. — ЭхI, ма дош дацара иза! Нагахь цу инструкцина тIехь аьчган муш малба беза бахахь а, иза болабеллачохь цунна герга ца гIертар тоьлашха-м ду, хIунда аьлча, цуьнан хадийна юьхьиг схьакхетахь, ши дакъа а хилла вала вожа бен ца деза дели.

— Иза а бакъду! — элира, дашийча санна охкаделла мекхаш а долуш, заьIап, лекхочу дегIахь волчу белхалочо Семенюка.

— Ваша Гриша, ма беламе а ду-кх шу,— элира Рацевс, газета доьшучуьра юкъах а волуш.

Дайн лохачу дегIахь волу Яша Рацев пеша юхехь лаьттара буйнахь газета а долуш, цуьнан Iаьржа, кIеда кIужал бIаьштига тIе еанера. ЦIийеллачу пеша тIе а оьхьуш шен когех хьерчо гатанаш дакъош вара Коржов.

— Со хIунда ву беламе? — хаьттира Коржовс оьгIазе Рацевга дIа а хьаьжна.

— Иштта ву-кх: барзах кхерахь хьуьнах ма гIерта!.. Хьо цIахь хьайн йоккхачу стагана юххехь, пеша тIехь Iийча бакъахьа дара, хьун хи чуьра схьайоккхучу а ца вогIуш.

Цу дашо чIогIа оьгIазвахийтира Коржов.

— II хIун ю ахь юьйцург, ва эса! Хьо хIун ю?! Жима ву хьо хьехарш дан! — сихвелла багара цинцаш а детташ, хьажа юккъе шад а хIоттийна барттуьйхира Коржовс жимачу стагана.

Рацев а лаьттара дегабаам бина, чIиж санна вуса а велла. Цунна ала лаьара, бехказа а волуш, аьчган муш ша меттахбаьлча кхераме бу, ткъа инструкцис магийна йолу цунах лардаларан кеп, боккъалла а аьлча, хIумма а йоцург ю. Амма баттара ваьлла Коржов цуьнга ладогIа лууш вацара.

— Цкъа хьалха цу аьчган муьшана юххехь а латтий, тIаккха дел ахь и хьехарш,— аьлла, хIинцале шен дакъаделла гата ластийра цо и волчухьа.— Ткъа хIинца хьалхе ду: балдаш тIехь шура а ца якъаелла хьан.

— Вежарий, со цхьаннах кхоьруш ву: июль бутт чекхбаллалц кхузахь мустлуш ма латтахьара вай!— элира, цхьаьнгге дIа а ца хьожуш, ша шега санна, харцахьа керчаш сийна бIаьргаш долчу белхалочо. Цо и сов токх ваьлла аларехь дерриге а цунна хаьа моьттур дара. И камел деш верг Семен Петрович Жигин вара, ткъа накъосташа «Щука» аьлла цIе тиллинера цунна, балхах къехкаш цо даима мIерий дегIарна, наггахь и «жIаьлин» чIара а лоцуш.

— Иштта хила а тарло,— элира Семенюка,— гой хьуна, хи алсамдала сихделла дац!

— Хи кIезиг хиларх-м, аьчган белахь а болу ша меттах,— бохура Фокина,— хIинццалц шахматех ловзучаьрга а хьоьжуш тийна Iеш волчу.

— Со кху балхахь волу хIара пхоьалгIа шо ду, амма ишттаниг цкъа а хилла суна-м ца гина,— аьлла, билгалдира Семенюка.

— Ткъа, со ккузахь волу хIара ткъей шиъ шо дIадаьлла. Мосуьйттазза а хIинца санна кIезиг хи а долуш ша меттах а баьлла.

— Хаац, иштта хила а тарло...

— Дерриге а хила тарло,— бохура Фокина,— хала ду хьалххе хаа, карзахдаьллачу хин нуьцкъалчу тулгIеша хIун дахьар ду хьанна хаьа? Амма, муьлххачу а кхерамна дуьхьал хIитта кийча хила деза, Гриша, иза ду коьртаниг!

ДIо генара схьахезаш, хьера юххехь волуш санна, гIовгIа яра. И гIовгIа еш дерг, айделла Полярни гIайре тIе а даьлла, цхьана кIоргачу ор чу оьху Енисей дара. Цуьнга ладоьгIуш санна дIа а вирзина, кхин вист ца хуьлуш сецира Семенюк.

— Э, вежарий, нагахь вай Ташкентана гергахь делхьара!.. — аьлла, юха а тиэр дохийра «Щукас», шен мIерийн тIергаш а луьстуш.

— ЭхI, маржа къелиг яI, хьанна хIун дагахь ду! — аьлла, велавелира къена Коржов.

— Къелиг! Ас ала ца мега техьа сайн дагахь дерг?

— Ала-м ала, амма тIех ма вала!

— Ткъа, ас...

ЦIеххьана сиха неI а йиллина чувелира лекхачу

дегIахь, шуьйра белшаш а йолуш волу жима стаг. Орцах валар а, собар долуш хилар а дара цуьнан къуонахаллийчу юьхьа тIехь.

— Ша меттахбаьлла! — аьлла, хаам бира цо цIенчу озаца. Цу орцанца цхьаьна шийла мох а хьаьдира цIа чу, чохь мел верг цIарал сихвеш.

— Сихонца! Сихонца! Массо а шайн-шайн метта дIахIитта! — бохура цо шен ондачу озаца, цIе яьлча санна, нах сих а беш. ШозлагIчу бригадан куьйгалхо Урбанов Николай вара иза.

Шайн куйнаш дIа а тохкуш, оьшу гIирсаш схьа а оьцуш, берриш а неIаре хьаьлхира. Оццул сихчу муьрехь хIораммо а шен-шен коьчал схьаоьцура: цхьаммо ира юьхьиг йолу лом, вукхо бел, кхозлагIчо аманалан шашканийн курс, вукхо беха тIам болу чами. Ши кхо минот ялале уьш массо а шен-шен балха тIехь лаьттара.

— ХIа-хIа-а! ХIа-хIа-а! — бохуш, зIарзакъ йолчохь команда деш вара Фокин. Дукъох тоьхна хьостам санна вогIа а велла коьрта къепалха тесна аьчган муш болчохь, лата кечвеллачу куьцехь лаьттара Коржов, цунна итт гIулч хиллал дIанехьа — иштта лаьтташ Семенюк а вара. Шайна юккъехь Рацев а волуш йолчу ша лоьлхуьйтучийн тобано болабеллачу ша тIе а яьлла, сихонца и нуьцкъала шашканаш шалахь мосуьйттазза а лелхийтира, цу мехалчу гIуллакхана шатлакх деш санна.

Хи тIехула цхьа буьрса, тийна ша кегбаларан тата доладелира. Аьчган машшаш меллаша тоха а делла лестира, хIаваэхь шаьш цхьа хIума схьалоцуш санна, тIаккха озийна пха санна нислуш дула а делла дIатийра.

Ша, цестинчухула каг а белла, дукъойн хIонсах дIа а къаьстина шовзткъей итт сантиметр аьтту агIор бердехьа таьIира, итт-пхийтта метр хица охьа а болалуш. Ша иккхинчухула таьIануо-мекха шеца йолуш санна даьржина долу хи гучуделира, цхьа метр стоммачу шан бердашна юккъехь.

Итт минот яьлча ша сецира... Генна лахахь, гуола туххучохь, ца гучу дуьхьалонах юьхьиг таса а елла, инзаре йоккха шан экъа хи чохь пурх йирзира, вовшахъхьаккхийна дукъош чIогIа цIовза а деш, и дукъойн саьлнаш бердах а таьIаш, дIатийра ша.

Иштта хилира шан дуьххьара меттахбалар, иза хила а хилира хи кIезиг а долуш. Юьстича хин кIоргалла 10,7 метр карийра, гуттар а ша меттахболуш хуьлчу 15—16 метран меттина.

Иза дукха пагIат дIадирзира, хIинца хьалха оцуьл чIогIа шаьш синтем байна хилла хилар цхьаболчарна сов эрна а хеташ.

Массо а баккхийбеш бара хи иштта тийна хиларх; кIеда хут санна лиэпа а лиэпаш, меллаша дIадоьдучу цуьнгахь мекаран ямартло ю аьлча а теша хала дара, гIуллакхаш хийла гина — девзина болчу белхалоша хьехарш дахь а!

— Собар де аш, кIентий! ХIара-м юьхь бен яц, бакъонца болу бIагор вайна боуьйтуш йолу меттигаш хIинца а хьалха ю,— бохура баккхийчара.

Дукхахболу белхалой шайн цIеношу чу бахара. Амма кIеззигчу ханна... Дукха хан ялале хи тIехула юха а шело айаелира; хи гуш лаьтташехь десташ дара, севса бод санна ийа а луш. Набарха далаза долу доккха экха санна хьекхалора иза хIинца дукъойн къепалех, цIийнал яккхий шан тангIалкхаш

а керчош, тIаккха чухецалой цо дукъойн саьлнашна тIе буьрса тулгIеш тухура, къепалш тIехь дIайихкина мел йоцург шен тулгIешца дIа а хьош.

Ша кег а луш яккхий алхашца дукъойн къепалш тIе бетталора, цуьнан бозаллийна шовзткъей пхиъ миллиметр стомма болатан машшаш Iад санна дулалора кIур а туьйсуш, суйнаш а туьйсуш, тIаккха уьш цеста а луш, лаьхьарчий санна шакарш а етташ, юханехьа кхийсалора, шайна дуьхьал нисделларг шаьлтано санна цостуш. Ткъа муш ца хедаш утарме тIаьхь бисча шина стеган мара ца тарлуш болу богIам бохалла этIаш лелхара, къуоначу копастех хьекхоргаш санна гараш дIа-схьа а оьхуш, тIаккха и гараш цеста а луш, суйнаш санна хIавлэ ирах кхерстара.

Ткъа белхалой кхин а чIогIачу сацамца дуьхьалбирзира цу дерачу Iаламан эргIадаллийна. Вабанаш а, ша лоьлхуьйту шашканаш а эцна тIехьаьлхинчу белхалоша шан тархаш отура масийтта кескаш а еш.

— КIентий, тIетаIалаш цхьаьна бертахь!.. Малбе юккъера муш! ТIеоза йистераниг! — бохуш, декара доьналла долчу Урбановн аз, шен хенахь хIор аьчган муьшехь долу хьал гуш, Iеминчу урхалхочо дика дой санна, и тIех яккхий болатан архаш хаарца лиэлайора цо.

КIеззиг миноташ яьлча юха а ша дерриге а дIатийра, дукъойн къепалш а севцира аьтта шаш а, дечикаш а теттина бердан йисте а тосуш.

— О, ма чIогIа тIетаьIна хIара,— аьлла, билгалдаьккхира «Щукас», шена башха ницкъ а ца беш зIарзакъана юххехь лаьттинчу.

— ХІа-а, хІара чІерана мІара богІар дац,— аьлла, жоп делира Фокина. Шен аьхначу тужуркин кисанара йовлакх схьа а даьккхина, яшийна юьхь якъо лиира цунна. Амма йовлакхан меттана шен буйна еана боьха бехчалг а гина, иза, кІеззиг ойла а йина, юха кисина йоьллира Федор Васильевича.

— Семен! Хьан мІерий-гІирсаш стенга дахана? — хаьттира Щуке цхьамма.

— Ткъа хьуна ца гира, чІара цІога а ластийна, буьйса декъал а йина, мІерий а эцна дІабоьдуш? — аьлла, цуьнан меттина, хаттар а деш, жоп делира пиджакана чухула къорза коч йолчу кІанта.

Щукас кІеззиг ши белш а ойуш буйн бира...

— Собар, собар! — бохура Фокина. — ЧІеро хьан мІерий дехьна, ткъа ахь кІанте хІун де боху? Ницкъ шорта бу хьоьгахь? Ахь хІун дей, и ницкъ балха тІе берзабе, сонта буйн а ца лестош.

— Ас ца бехира хьоьга гІовгІа ечу хи чохь чІерий ца лецало. Хьуо гІовгІаеш велахь а, белхан гІовгІанна даима а юьстах хуьлу хьо, Щука,— бохура Семенюка, сингаттаме яханчу юьхьа тІера гІиллакх дацаран аьндажалла дІаяьлла лаьттачу Щукега.

III

БРИГАДИР УРБАНОВ

Разъяьлла лаьтташ йолу готта, жима неІ елла а луш цІевзира, аннех динчу жимчу уото чуьра аравелира чола куйн болуш къуона стаг. И уото лаьттара шозлагІчу бригадан ондачу цІеношна юххехь. Мохо дІайизо йовха къорза шарф лерина логах а хьарчийна, тІеюьйхина аьхна тужурка а йолуш волу

и стаг шан лекхачу борза тIехула а ваьлла, тIаккха сихха хи тIехь лиэлачу дукъошна тIехула дIахьаьдира, когаш кIелхара и дукъош дIа а шершаш. ХIетте а ша тIехула кхин иттех гIулч дIа а вахана, цхьа беха дечиган чIу шах даькхинчу ор чу бахийтира цо, хи мел кIорга ду хьожуш. И Урбанов Николай вара шен хьуьнан хIонса кIоште хьажа ваьлла.

Урбановн дахаран некъ боккха бац, иза башха къаьстан а бац советски эзарнаш адамийн дахаран некъах.

Шен ворхI шо кхаьчначу хенахь деца цхьана Игарке веана Николай. Николайн да веана кхуза полярни дозанал Килбседехьа хIара къуона гIала йиллархойн хьалхарчу могIарехь. Игарка дуьххьар йиллархойн четарехь ша дIадихьна 1929-гIа шо дика дагадогIу Николайна; хIетахь четаршна бIе гIулч юьстахвала ца ваьхьара иза, хин йистерачу юькъачу хьуьнхахь ша тиларна кхоьруш; хIара ша санна сиха кхуьуш хьоме гIалано талуш, айлуш яьхна якхий гIулчаш а дика дагайогIу цунна.

Хьуьнан къепалш лелорхочун тIаьхье—Урбанов Николай кху Татол тIехь хьуьнан хIонс Iалашъеш волу хIара иссалгIа шо ду. Цхьа йоккха стомма утарма йолчохь саца а сецна, болатан муш схьалецира Николайс, цуьнан ницкъ ша талла воллуш санна. Ира юьхьигаш дукъошна юккъе а Iиттина, кхузахь масийтта болатан муш а цестина, цхьа ткъех дика цIенош далла йолу и нисъелла хьуьнан хIонс шаьш меттахъхьовшшехь дIаяхьа кхерам а тесна лаьттачу яккхийчу шан саьлнашна тIе дIахIоьттира Урбанов.

ХIара бахьана долуш тIедиллинера бригадира тахана адамаш хIинццалцчул хьалхе гIовттор, шина

сохьтехь бен белхалой ца буьйшуьйтуш, цундела Николайн бригадера накъостий сихонца меттанаш дIа а даьхна, катоьхна Iуьйранна хIума юуш бара.

Цу дIадаханчу дерриге а шерел а хала ду аьлла хийтира Урбановна хIара шен белхан шо. Бригадир чIогIа ойлаеш вара кху сохьта хьалха лаьттачу белхан хьокъехь, цундела хьуьнан хIонс Iалашъяран меттиган начальник Малашкин тIевогIуш а ца хиира цунна.

— Ткъа, наб ца кхета хьуна, Николай? — аьлла, хаьттира Малашкина, бригадире маршалла а хаьттина, цигга вахана тIуьнчу дукъо тIе охьа а лахлуш.

— Тхан бригада ерриге а ю, Николай Александрович, тахана наб ца кхеташ,— жоп делира Урбановс, начальнике дIа ца хьажа а гIерташ, баккхийчу шайна кIуж а боккхуш гамйинчу коьртачу къепале пIелг а хьажош.

— И хIун ду, ткъа, ас ца аьллера адамашка садаIийта,— цевелира Малашкин, хьажаюккъе шед а хIоттийна.

Урбанов вист а ца хуьлуш лаьттара. Цунна хаьара начальник бакълуьйш вуйла.

— Дика ду, Николай Александрович, кестта ша дIагIур бу, тIаккха Iаббалц набйийр ю вай.

ДегIана тIех лекха а воцуш, кхузткъа шо а кхаьчна волу Николай Александрович Малашкин могаш а, доьналла долуш а вара, шех милла а хьега мегар долуш. Цуьнан, жима мара а болуш, йоккха, данма а синкъераме йолу юьхь цIеххьана ойлане йоьрзура кхераме гIуллакх тIекхочуш. Амма иза муьлххачу чолхехь а, сихаллехь а паргIат хуьлура; дезацара

Малашкинна балхахь я гIовгIа а, я мохь бетташ ден куьйгалла а.

— Иштта мегар дац, Николай, балхахь белхалой шен хеннахь садоIуш хилан беза. Ткъа, вайн лоьро а иштта ца элира хьоьга?

— Иштта-м дара и, Николай Александрович, хьуна хьайна а ца го тхо наб яйна хиларан бахьана? — бехказа вуьйлура Урбанов, ша тIе чIу а Iуьттуш.

— ГIуллакх дезуо ду, хаьа суна,— аьлла, даре дира начальника,— муьлххачу а сохьтехь ша меттахбала тарло, цо вай Енисей чу кхийса а тарло, цхьацца дукъуо доккхуш къепалш йоха а йина, хIара хьуьнан хIонс Карски хIорда чу кхосса а тарло,— аьлла, ойлане сецира Малашкин.— Дала санна дIа а хIиттина чIагIдала деза, хьуьнан хIонс Iалашъя еза! — аьлла, къамел дерзийра цо. ТIаккха хьала а гIаьттина, хIинцале арадойлла, гулделла адамаш долчу, кхозлагIа бригада йолчухьа вахара Малашкин.

— Кестта шу долчу вуха вогIур ву со,— элира цо, воьддушехь вуха а вирзина.

* * *

Ша начальникца динчу къамелан ойла а еш, шен бригаде вуха воьдура Урбанов.

Кхуззахь тидам бина билгалдаьккхира цо ткъей итт метр лекхачу берде нисса бохург санна шен бригада а, хьуьнан хIонс а айаелла хилар; тийна лаьттачу бердашна тIе а даьлла, арахь массо а хIума шена кIел хьош дистинера хи. Хи тIехь гуш гу лекха меттигашший, гIайри тIерачу коьллийн баххьаш-

ший бен хIума дацара. ДIа-схьа дукха хьолахь кеманца лиэлаш бара. Полярни гIайри тIера массо а акха хIума хиэ айдина орца даьккхина, доьхна хьийзаш дара.

Ю санна ира юьхь а йолуш болу цхьа жима оза дахка хьаьдда дукъойн къепала тIе белира; халла хи чуьра хьала а баьлла иза дукъуона тIехула текхна уггаре а цуьнан айеллачу меттехь сецира, Iаьржа жима ши туьтий санна болу бIаьргаш Урбановна тIе а боьгIна, цунна ши метр гергахь лаьттара жима дахка. Кхин дIа бедда баха меттиг яцара цунна. Са марсадаьлла бега а беш, хьалхарчу когашца батт а кIамъеш, Iара иза дIасаэккхийла дайна.

«Хьанна хаьа,— бохуш, ойлайора Урбановс, дехке а хьоьжуш,— наб йоцуш уьдуш хила мега-кха иза а... Хала ду белхан де, амма и мел хала хилча а наб кхета торий ткъа, тIебогIуш кхерам хилча?» — бохучу шен хеттаршна ша жоп лора цо: — «ХIан-хIа мегар дац!» Цу ойлано ца вуьтуш вогIура Николай. ДагадогIура цунна:

ДIадаханчу шарахь, кхузахь, ша иштта гобаьккхина вогIуш цунна гира шен бригадан цIа аьчган муьшан лиэларна кIелнисделла; ша меттахъхьовишшехь цестина тIе-кIел тухур долуш дара цIа. И аьчган муш цIенна вукха агIорхьа баккха дагадеара Урбановна, нагахь, ша меттахбалахь зуламах ларвелла хила, амма кIадделла дийшина адамаш меттахъхьеда ца лиъна, белхалой битира цо Iохккучохь. Цхьа кIеззиг хан яьлча чIогIачу татано а, гIаролхочо орца доккхуш тоьхначу маьхьаро а самаваьккхира иза... Цо цIа чуьра адамаш арадоххушехь, уьрсо даьтта санна муьшо цIа цаста а цестина, цхьана белхало-

чунна йоккха чов а еш, тІе-кІел туьйхира. ХІетахь дуьйна Урбановс чІогІа дагахь латтадо халкъан хьекъалан дешнаш: «Тахана кхочушда тарлушдерг — кханенга ма тетта!»

IV

ЩУКА

Цхьана ханна, аьлла, йинчу пешара йоккха цІе татанца йогуш яра. Пешан гола тухуш йолу, аьчган топ тамашийна цІа чухула хьийзина тишачу аннийн тховх чекхйолура. Пеша тІехь йоккха чайник а яра, чуьра кхихкинчу жижиган хьожа а йогІуш, кхачанна хІоттийна боккха цІеста яй а лаьттара. Ехачу стоьла тІехь газеташ а, журналаш а, царна гена йоцуш чимчутосурган метта хІоттийна консервни гІутакх а дара. ЦІа чохь шина а агІорхьа лаьтташ паднараш яра, тІехь къорза мотт-гІайба а долуш. Цхьа ша тайпа хьожа йолуш хІаваъ дара чохь.

Пеша тІера чайник кхехка йолаелира, даар кечдечо стоьла тІе куршканаш а, шекарчудуьллург а хІоттийра. Дукха хан йоцуш арара чу баьхкинарш чай мала хевшира.

Массара а бохург санна, леррина вовшашка тахана ша меттахбаларан хьокъехь деш къамелаш а долуш гІовгІанца молура и чай, амма баккхийнаш чІогІа чам хилла, говзаллийца молуш бара чай. Коржовс, ша хьалхара къурд ма бин, ишттнехьа ца элира:

— Чай а дош дац, чам а хуьлуш ца мелча.

— Шийлачу арара чувеъча дика кхача бу хьуна, — аьлла, Семенюка дІадерзийра и.

— ХІокху балхо-м чай хьовха сийна цІе а молуьй-

тур ю, схьавогIуш хьалхара бригада йолчухӯла чекхвелира со, церан къепалшка хIоттийнарг-м къаьхьа де ду, — элира цхьамма, чай молучуьра хьала а айвелла.

— Хьун а, ша а вовшашца иэделла худар хилла цигахь-м.

— ТIе-м, са ца доIуьйтуш, вайна а таьIна хIара!

— Сагатда оьшуш хIумма а дац, — аьлла, юха а къамела юкъавеара Коржов, — кхул далатоьхнарш а дукха Iиттаделла вайх... ХIумма а хир дац, дIахоьцур ду.

— Нагахь вай нуьцкъала хецийтахь хоьцур ду, тIаккха...

— И-м хууш ду, ткъа къийсамаза хуьлуш хIун ду?

ХIинцца чу веана Урбанов, ехачу стоьлан дехьа маьIIе а хиъна, ойланашка вахана, цхьацца хIуманаш а яздеш Iеш вара. Корта хьала а айбина, лерина шен накъосташка хьаьжира иза, амма церан юьхьа тIехь я кIадбалар а, я шех бехк боккхуш хIума а ца гира цунна.

— ХIа-хIан, доттагIий, — аьлла, шен накъосташка вистхилира бригадир, — вай хьем боцуш метта яло еза телхина йолу коьрта дукъойн къепалг, цистина аьчган машшаш духа метта а хIиттош, ша къепал бердехьа а узуш.

Омарца доцуш, дехарца шен накъосташка а хьожуш, мокхачу тужуркин нуьйдарчий дIайохка волавелира и.

Чохь мел верг балха ваха кечамба волавелира: лергаш долу куйнаш тIе а уьйзуш, каранаш дIа духкуш бара уьш. Рацев ша йолийна цигаьрка неIарехь оьзна вала сихвелла воллура, ткъа хIуманна сагот-

ту волу Коржов, уьш кечбелла бовлале араваьлла, балхана оьшу гIирс мича хьолехь бу хьоьжуш вара.

Бригада юккъехь цаI вара хьала ца гIоттуш, тохура санна партала шен хьаьхьмачан эткашка а хьоьжуш, паднара тIехь Iеш.

— ТIаккхахула, балха гIуллакхана тесначу машшашка хьожуш хилалахь, чIерий даха айхьа тесначу мIерашка хьоьжуш а ца лиэлаш,— элира цуьнга бригадиро.

Щука шен схьаэккха боллу сирла ши бIаьрг шеконца ирах а хьажийна, вистхилар доцуш, тохар санна шен эткашка хьоьжуш вара. ХIума дан карах ца долуш хиларал совнаха кхин цхьа амал а яра цуьнан: цкъа а хиндоцчун сурташ хIиттадаррий, пайдаоцурш дийцаррий, гIуллакх шега хьахийча вистхилар доцуш IаIаррий. ХIинца а ишта дош ца олуш Iара Щука, бригадиро бохучух ша ца кхеташ санна. ХIуъу аьлла а бехказавала лаьара цунна, амма ала хIумма а ца карадора.

— Ца хеза хьуна, хьайга бохург? — хаьттира цуьнга цхьана накъосто.

Щука, цIеххьана, и аьллачуьнгахьа а вирзина, цхьа вон хьаьжира цуьнга.

— БIиж, дIавала, хьан гIуллакх дац иза,—аьлла, къорчу озаца вистхилира и цуьнга, кхин цхьа вон дош а кхуссуш; Щукин лахара дуткъа балда цхьа вон озаделира.

— И бохург хIун ду, сан гIуллакх хIунда дац иза? — аьлла, халахеташ хаьттира жимчу стага.— Хьо-м, доттагIа, накъосташна юкъахь вай, и пайдаоцурш оха лиэладойтур дац хьоьга, хаалахь, — аьлла, хаддош дIаэлира жимачу стага.

— Бакъ боху, Стоьпа, иштта ала ахь цуьнга, — аьлла, жимачу стагехьа гIо даькхира бригадиро. Урбанов, ша ханна цул воккха велахь а, шен ваша санна и хеташ, Гринев Степа даггара дукхавезаш вара. Цуьнан хьанала, дог дика долуш, хьекъале хиларо къаьсттина безам бохуьйтура цуьнга.

— Тоьур ду хьуна, Щука, пайдабоцурш лиэлор. Хьоьга гIуллакхах лаьцна хоьтту, ахь хьайниг дуьйцу... Цхьа дош вукхул боьха ду хьан. Нагахь санна хьайн болх бан карах ца далахь и бIаьргаш а ца къерзош гучуьра дIавала, — аьлла, Щука волчухьара, цIехьхьана, дIавирзира Рацев.

— Хезий хьуна? Иштта ду хьуна гIуллакх, бIаьргаш къерзо оьшуш дац хьуна, — аьлла, тIетуьйхира Стоьпас, цуьнан безаме, цIоцкъамна тIехула муо а гуш йолу, юьхь буьрса хилла дIахIоьттира.

Мачаш тIеюьйхина а ваьлла лаьтта Щука, резавоцуш гIам-гIим а деш, массарел а хьалха чуьра аравелира.

Балха араваьлла Щука, тийна вара, цунна ша бехке вуйла хаара ойла мел йин, шена дика гуш дара ша лиэла ма везза лиэлаш ца хилар.

Щукас, къайллах, шена юххехь болх беш воллучу Гриневга а хьаьжина, меллаша охьа а таьIина, зIокберг схьаийцира.

«Бехк ма биллийша суна, накъостий, хаьа суна сайн цхьайолу вон амалш. Кхин хир дац шуна иза, — ала безам бара цуьнан накъосташка.— ХIан-хIа, ца аьр ас и, хьанна хаьа соьга сайн дош кхочуш ца далой а, тIаккха кхин а оьшуш ду. Шайна гур царна», — аьлла, сацам а бина, леккха хьала а айбина, ша тIе зIокберг туьйхира Щукас. Ша дан дагалаьц-

парг, шен цIе яккхарна кхоьруш санна, деш вара и хIинца.

Щукин ехачу юьхьа тIехь гуш, дерза тоьхча санна, хьацаран тIадамаш дара, цуьнан хьекхийна лергаш долу куй кIесаракIог тIе баханера.

V

ФОКИН ШЕН НАКЪОСТАШЦА

Арара цуьнга хьо дIахьаьжча тамашийна тийна а волуш, дегIана, нохчочо ма алара, овгалийн куй а лур боцуш стаг вара Федор Васильевич Фокин. Амма гIуллакхана и оьшучохь мало йийра йоцушший, Iожаллех озалурвоцушший вара Федор Васильевич.

КхозлагIа ша болабелча Фокинан бригадан хьуьнан хIонса юккъера шаша Iаьвдина дIа а яьккхина, дIо нацкъара лаьтташ цхьа къепал яра. Цхьа дукъуо шен хиэ дехьичи а бIагор богIуш Фокинна и сов чIогIа новкъа деанера, ткъа и къепал хиэ дIаехьича довш дерг, мел лахара а ворхI-бархI бIе тоьлла дукъо дара. Цундела шеца кхин виъ накъост а эцна, оьшучу гIирсаца, шан саьлнашна техула, цкъа кхоссалуш, тIаккха тасалуш, халла цу къепална тIе вахара Фокин.

Мел ладоьгIча а схьалаца агIо боцуш, хала гIуллакх дара и къепал шана кIелхьара яккхар бохург хьовха, ша лаьттачуьра и меттах яккха еза бохург а. Бердаца дозачух дийна бисина цхьа муш а болуш, цхьана хIуманах гIоьртина, я тасаелла, хи юккъехь, шан регIа кIел хорша еача санна ега а еш лаьттара и къепал.

Сихха къепалан хьоле а хьаьжина, хьекъалх валлал майра сацам бара Федор Васильевича бинарг:

бердехьара схьа къепалах кхин шиъ муш а тесна, зIарзакъан гоьнца къепал бердехьа а узуш, мулкулмовт санна шена тIехь лаьтта шан рагI аманалца эккхийта сацийра цо.

Хьалха цкъа бердехьара схьадогIу машшаш зIарзакъах а дихкина, массо а тасавелла и йоккха чIург хьовзо гIоьртира; стоммачу милка тIера и еха цергаш хьалха цкъа сатта а сеттина, таккха якхъелла ворда санна са узуш цIевзира, амма машшаша милка тIехь ах гуо а ца бира, кхин цкъа а цхьабосса маьхьарий тоьхна тасабелира уьш цунах, тIаккха а зIарзакъан милк меттах а ца елира.

ХIокху балхах шен дош хир дац аьлла ша тешна ваьлча, шан рагI эккхийта кечвелира Фокин. Амма и дан волавалалий, шен накъосташца тасавелла цо и ши тонна еза якорь къепала тIера теттина хи чу яхийтира.

— Накъостий, аш хIун дей: дIо дехьа а довлий, хIара сал цу йоккхачу шан экъанах дIахадош кхаа-са меттера ша эккхийта, ас кхузара бохор бу хIара, — аьлла, шеца берш кху кхерамна кIелхьара дIабаха гIоьртира иза.

— ХIан-хIа, хьо а витина гIур дац тхо кхузара дIа, — элира цуьнга накъосташа.

— Ас, суо бригадир хиларе терра, омра до шуьга, дIагIо, шайга бохург де, — элира цо тIаккха а.

Цхьа а вист ца хуьлуш, бехха вовшашка а хьуьйсуш лаьттира Фокинан накъостий. Хьердойллачу лаьхьарчийн уьйриг санна керчаш, сетташ, детталуш догIуш дистина кIорга хи дара, шена тIехь, чIешалгалла бен ца хеташ, техкош йоккха дукъойн къепал а йолуш. Цунна тIехь, хIор минот лазарца йоккхучу

шарал хала долуш, лаьтташ хIорш а бара.

— Ткъа, мосазза ала деза шуьга, сихха дехьа а довлий ас бохург де! — аьлла, вуха а, аз айдеш, вистхилира бригадир.

— Федор Васильевич, — элира цуьнга, сара санна вуткъа, лекхачу дегIахь волчу къуоначу стага, — вай массо а тасаделча гIуллакх хилахьара кхунах. Хьо хьуьо кхузахь муха вуьтур ву оха? Нагахь хIара меттах ялахь ларалур вац хьо кхузахь... Вай вовшах довла мегар дац, — элира цо бригадире, иза кхузахь а витина шаьш дIагIур доцийла хоуьйтуш.

— Делахь дика ду, — элира бригадира, кIеззиг ойла а йина, — массара а цхьабосса хIоьттина, хIара шан рагI оьккхуьйтур ю вай, — аьлла, шайна юккъе меттигаш йоькъу кеп хIоттош, массо а бохург санна, шен накъостий шан регIана тIехьа бехира цо...

Федор Васильевича куьйгалла а деш, массара а цхьабосса дехачу гIуркхаш тIехь латийна шашканийн курсаш яхийтира цара шан регIа кIел. Цхьа минот ялалий масийттанхьара иккхира шан рагI: ша а, хи а, дечигаш а чорпа санна цхьана иэелла леккха хьала хIаваэ яхара. Фокин вуткъа лекхачуьнца цхьана къепала тIехь шан регIа кIел висира, вуьш бевдда диэхьа боккхачу ша тIе бевлира.

Iаламат доккха даьржина дитт хилла хьала яхана шан рагI, хаъал лахлуш охьа а яхна, чов хилла нал санна, шена хьалхара къепал а такхош йолаелира. ГIхенаш санна озаделлачу машшех цаI хаьдда дIабахара, минот ялалий важ шиъ утарма а хадош хи чу буьйжира.

Шаша теттина тIехьа а яьккхина цкъа яйна къепал, дукха хан ялалий юха а гучуелира. ХIинца

цхьанна а ца моьттура и хьун кIелхьара яккхалур ю, хьовха, цунна тIехь висинчу Фокинний, вуткъа лекхачунний кхин латта гур ду а. Массо а бригадашкахь орца гIаьттира; шайн болу гIирсаш вовшахтоьхна, къепалца хиэ хIорда чу хьош волчу шина накъостана гIо дан айбеллера нах.

ДIа лахахь, йолхазлагIачу бригадера кеманца машшаш а эцна дуьхьалбевллачара халла каяьлла озийна йисте ялийра къепал. Цу тIера схьаваькхина Фокин ност а йойна вара, вукхунна хIумма а ца хиллера.

— Ност-м лоьраша хуттуш ерзор яра веллаваккха дара адамаша къахьегна хьун дIаехьнехь,— элира Федор Васильевича, шек а воцуш, гондахьарнаш ца бевлла бийла а луш.

VI

ША ТIЕХЬ НЕКЪ БАР

— Ма меллаша хи а ду! Хьовсийша цо диначуьнга,— элира Коржовс, вовшашна тIеттIа а гIоьртина кегаелла лаьтта шан тархаш а гойтуш.

— ХIинца дIаделира хIара, кIентий! ГIали чу хенахь кхочур дац вай, хIокху балхо цистина дохийна вайн некъаш, — аьлла, кIеззиг гIайгIа хилла сецира ойла йоьхна Семенюк.

— И некъаш хIинца а хьанна цистина хууш дац. Масала, со, и санна йолчу шан тархаш тIехула а вахалур ву гIали чу, — элира Щукас.

— И бакъ ду, тхо цунах теша хьуна. Балхара дIавахархьама хьоьга далур а доцуш хIума дац, амма балха-м исс малико корта беттарх вогIур вацара хьо, — элира, вела а велла, Коржовс.

— ХІунда?

— Хьан карахдер доцу дела.

— Ас ца динарг, аш...

— ХІей, доттагІий! Хьовсийша дІога дІа... хьовсийша! — мохь туьйхира гІаролхочо.

— Мичахьа?

— ХІун ду цигахь?

— Хьовсийша! Ца го шуна?

ДІо лакхара, коьрта къепал йолчу агІорхьара, бохийначу ша тІехула схьавогІуш вара цхьа стаг.

— Тховса чІерашна кхалла пхьор хила мега цунах а, — аьлла, цецваьлла дІахьаьжина, билгалдаьккхира Семенюка.

— И мила ву техьа?

— Схьагарехь мелла ю борз, цундела цунна хІорд а гоьллец бен ца богІу...

— Ишта-м дуй хьовха, гІулчаш дукха майра йоху цуо.

Кхузахь иштта къамелаш дечу юкъана и кхераме некъ беш вогІург гергакхечира.

— Ой, иза-х вайн начальник... Малашкин ву! — аьлла, чардакх тІера схьа буха а мохь туьйхира гІаролхочо.

— Боккъал боху ахь?

— Дера боху.

— ХІа-а, Малашкинний... Цунна-м хІета и кІадда а боцург ду шуна, — элира Коржовс, цхьа бен а доцуш куьг а ластош. — Цкъа хи чухула доьлхучу дукъошна тІехула а веара иза-м, — бохуш, дуьйцура Коржовс.— ХІара цхьана дукъо тІе волуш, и хи чу дахана далале, кхоссалой вукхунна тІеволуш, лергаяхар санна. Цкъа цхьа дукъо куога кІелхьара дІа

а иккхина хи чу вахара и, амма оцу сохьта хьала а ваьлла кхечу дукъо тIе а ваьлла, кхос-кхоссалуш сехьавелира Малашкин. Цунах чIерашна кхалла хIума хир яц шуна, — аьлла, чекхдаьккхира Коржовс шен къамел.

Хьалха дуьйна а и хан тоьхна воккха стаг, вевзаш болчарна хIумма а тамашийна ца хийтира шаш тIехула некъбеш вогIу Малашкин шайна гича, хIунда аьлча оцу тайпанчу меттигашкахь и дукха Iиттавелла хилар царна хууш дара.

Губински татола тIера дуьйна схьа ша муха бу а, дукъойн къепалш мича хьолехь ю а, машшийн чIагIамаш муха бу а хьожуш вогIуш вара Малашкин. Цхьана аьчган муьше къаьсттина лерина хьаьжира иза. Дукха чIогIа тIетаьIначу шаша дIаозийна, берстанчу пхьаьрсах хIоз санна, стоммачу утармех чубижинера и болатан муш.

— Деллахьа мел боккха ницкъ бу хIара! — элира Малашкина. Ца гуш хIун дисина, вуьшта хIара тайпа хIума-м ца дайна суна цкъа а; Губински татол чуьра ша гуттар а вайна тIе ца кхочуш Енисей хи чу боьдуш ма хуьлура, хIинца хIара хIун ду суна-м хаац.

— Дага ца догIу хьуна, Николай Александрович,— аьлла, хаьттира Фокина,— 1935-чу шарахь цIеххьана Губински татол чуьра ша хIокху Татол чу а беъна, тIехь нах а болуш вайн масех дукъойн къепал Енисей чу йихьина?

— Муха ца догIу, догIу дера-кх. ХIетахь-м гIуллакх дика чекхделира, нах а, хьун а кIелхьараяьккхира. ХIара хIинца дерг-м хIун ду а ца хуург ду! — аьлла, оьгIазе туйн кхоьссира Малашкина.

— Хlинца кхунна цаI дан дагадагlахь, хала ду-кх, шуна, хlара цхьана а хlумано сацо! — элира цхьаммо, акъваьлла, хи долчу агlор а, хьаьжина.

Цхьа сийна шуьйра хеча а юьйхина лаьттачу зоьрталчу къуоначу стагехьа вирзира Малашкин.

— И хlун ду ахь бохург? Муха сацор дац. Сацо оьшург сацо лаьтташ дац вай кхузахь?

Цlехьана ша болабелира, массо а, чlагlонна тесна машшаш долчухьа, дlахьаьлхира.

— Ша лоьлхуьйтурш, ша тlе довла! — аьлла, мохь туьйхира Урбановс.

Уьш дукха ххерамечу меттигашкахула кхисса а луш шаш тlехула бевдда боьлхура. Лоьлхуьйтучу шан тархаш а, хиш а лаккха хlаваэ ирах а оьхуш, къорчу татанца охьаоьхура.

...Нах и нуьцкъала, хала гlуллакх дар дlахьош бара. Хьалха санна массанхьа а кхочуш, ала дезачунна кхуьуш Урбанов а вара.

Цхьа итт минот яьлча юха а хи тlехь массо а хlума тийна дара.

VII

МАЛАШКИНАН ОМРА

Хийла хьалха дуьйна а Игаркехь хlоьттинчу гlиллакхца, хьуьнан Комбинатан белхалой хьавха, Игарка-гlали чохь гlеметта хlоьттина мел верг гlуллакхана омрийца орцух ваьккхина лоруш вара. Делахь а хlокху сохьта кхузахь боцчу цу нехан гlо стенах тера дара? Хlорда чохь бечу тlаме йисте а хlоьттина неканна, тlамар тоха а ца хууш, хьоьжуш лаьтта эскаррий, и нахкхий цхьабосса бара. Цундела, мел дукха адам дехьа бердан йистехь айделла делахь а

цара дан де а хIума дацара, ша цу бердан йисте а хIиттина, я сакъералуш, я синтем байна... схьахьежар доцург.

Кху тIе-кIел кхеттачу шан раьгIнашна юккъехь, кIоргачу хи тIехь йисинчу дечиган гIайри тIехь висинарг цхьа бIе сов стаг бен вацара. Дерриге а кхеран кочахь дисинера; баккхалахь толам баккхар а, тIе хIоттахь Iожалли кIел совцар а. Цхьани а агIор лата аьтто боцуш хIара гIуллакх хиларна, кхузахь а вацара массо а саметтахь висина; шен са кIелхьарадаккха гIерташ ведда лиэлаш верг а нислора, шен кIиллон хабарца кхечийн дог дохош верг а каравора. Цундела собарриг, стогаллий кхузахь нахе ларъяйтар — иза коьрта декхар дара. И дика хаьара кхузахь корта хилла лаьттачу Малашкинна.

...Дукхах йолчу къепалш тIехь гуш дара чухьаьвдачу шаша дина ирча гIуллакхаш: цистина аьчган машшаш, кегIина утармаш, гIорораш, дохийна дукъош, тамашийна тогIеш а кегIина лаьтта йохийна зIарзакъаш. Къепала тIехь тIе-кIел а тоьхна Iиллина жима кема, неI а кагъеш, пенаца цхьана шозлагIчу бридан цIа чу а дахана Iуьллура. Хьалхарчу къепала тIехь лаьттинчу керла динчу цIийнах ша тIехь дисина, дийна доьжначу олхазаран даьржина тIемаш санна, баьржина Iуьллу цхьа тхов бен хIума дацара. Шина къепала юккъе Iаьвдинчу дукъойн кегъелла юьхьигаш, йохийначу кертан сеттийна хьокхий санна, цхьа ирча ирахйогIаелла яра.

— ХIинца хаьий хьуна хIара хьуьнан хIонс вайга ца сацаелча хиндерг? Енисейск санна йолу гIала яйар а, иза а цхьабосса ду хьуна! Сел тIалам бо-

цуш хIунда ву хьо? Цхьани а хIуманан бала боцуш муха ваха гIерта хьо? — бохуш, хеттарш деш, оьгIаз а вахана, къамел дора Щукига Малашкина.

— Iаламан болх бу-кх и, хIун дийр ду цунна? — бохуш, бехказавуьйлура Щука.

— Iаламал ницкъ болуш ду вай! Цхьа а дукъо хина дIадала йиш яц! И кхетадой ахь?

Щука ойла еш вара... ТIаккха зIарзакъан чкъурган цхьана цергах тасавелира иза; чекхъяллалц хьовзийна йолу чкъурган милк сингаттаме цIевзира.

«Нийса боху Малашкина... И Iалам делахь а, вайга къовсалур ду цуьнца». Шен дагахь иза а аьлла, катоьхна лом схьа а эцна, шозлагIчу бригадан коьрта къепала тIехь болх беш бохкучу накъосташна тIевахара Щука чехкка.

— Урбанов,— бригадире вистхилира Малашкин,— массо а утарма хьажа а хьожуш, чIагIъя еза, берда тIера царех схьатесна долу машшаш а шалха даха.

— Латта гIорийна ду, накъост начальник, кхуьур дац вай...

— Хаьа суна! Цхьа яьшка аманал а яйъий, латта, оьшучохь, эккхийта! Ши сахьт далале ян оьшу чIагIонаш йина чекхъяха еза! Сатосучу заман чохь ша меттахъхьовр бу. Рацев мичахь ву?

— Со кхузахь ву! — элира Рацевс.

— Хьайн нах а эций, ша тIе а валий, цуьнан ира юьхьигаш кегъя гIорта. Массо а шайн-шайн метте болх бан дIахIитта! — аьлла, тIетуьйхира Малашкина.

VIII

МАЙРАЧАРА ХЬЕКЪАЛЦА ДИНА ГIУЛЛАКХ

Цхьаболчара малделла машшаш чIагIдеш, вукхара шан ира юьхьигаш кегъеш, гIорийна латта лоьлхуьйтуш, утармаш чIагIъеш дIаболийра болх.

— Схьавоьл кхуза цхьа-шиъ, хIара аьчган муш оцу дIогарчу утармех дIатасал,— бохуш накъосташна гойтуш вара Коржов. — ХIай-хIай, хIинца шен меттехь бу хьуна иза. Дика хьарча а бай, дIачIагIбе аш.

ЦIеххьана гIорийна латта ша эккхийтича цуьнан татанца белхалойн когаш кIелхьара еза дукъойн къепал а лестира. Латта лоьлхуьйтуш юьйлучу гIовгIанашна юккъехула хезаш болх бечу наха детта маьхьарий а, девзаш долу дагарийн тата а дара.

— Цхьана бертахь тIетаIалаш, кIентий! — бохуш, дIанехьа хезаш дара, йиш хаьллачу Семенюкан аз. Иза хIинца кхузахь лазарте вехьиначу Фокинан метта висинера.

Хи чуьрчу дукъойн къепалах тесна, цхьа километр беха муш а озийна, букар а таьIна вогIуш вара ткъех стаг.

— ХIей! — бохуш, мохь беттара цаьрга Щукас.— Бригадиро шозлагIа муш а дIаозабе аьлла, юха дуьйлалаш. Нах Щука волчухьа бахара.

— ЦаI, шиъ, схьа-оза! ЦаI, шиъ, озае! — бохуш, хезира шозлагIчу бригадера.

Церан и цхьабарт болу «Схьа-оза!» оцу шан кIелхьара хьаладуьйлуш санна къора зов хилла лаьттара кху арахь. Ца хедаш хезаш яра латта лоьлхуьйтуш юьйлу гIовгIа а. ТаьIино-сира фонтанаш

яра хIаваэ хьалаоьхуш. Рацевца болу накъостий садаIар доцуш шаца къийсам латтош бара.

ХIинццалц цхьанге а ла ца дугIуш лаьттина шан лаьмнаш, оцу гIовгIано самадаьхча санна, цкъа хи буха доьлхуш, тIаккха хьаладуьйлуш, юха керчий ха хорцуш дуьйладелира, шайца малйина къепалш а, дукъош а, дечигаш а, цIеношш а, нах а такхийна. Аьчган машшаш яхкаелла тIергаш санна хедара, шина стеган мара хоьу йоцу стомма утармаш а цоьстуш. Ша долу хIума ласта а лестина доладелира...

ЦIеххьана оцу ерриге а гIовгIана юккъехула схьахезира гIаролхочун аз:

— Хьалхарчу бригадан къепалш хедийна! Уьш ерриге а вайна тIейогIу!

— Хезий шуна, бердан йисте довла! — мохь туьйхира цхьамма.

Оцу маьхьаре цхьамма а ла ца дуьйгIира, делахь а «хIун де вай?» — хоьттуш санна массо а бригадир Урбанов волчухьа вирзина лаьттара.

— Хезий шуна, бердан йисте довла! — аьлла, цIеххьана мохь белира Щукега, шена тIейогIучу дечиган юьхкина нацкъар а эккхаш. Урбановс оьгIазе Щукега а хьаьжина, чIоггIа элира:

— ХIун деш лаьтта шу? Къовла юккъера муш! Шушиъ-ккуза, зIарзакъ йолча схьавола! Рацев! ХIун деш ву хьо цигахь?

ХIуманна сиха воцуш хила Малашкина Iамийна Урбанов цхьа кхераме меттиг Iоттаелча вевзар воцуш хийцалой дIахIуттуш вара; кхин берш шена тIаьхьа а озош, уггаре а хала долчу ша хьалха хIуттуш гIиллакх дара цуьнан.

Йоккха шан тарх, уьрсо санна инзаре стаммийн дукъош а хиэдош, къепална тIехь лаьттачу зIарзакъна тIейогIуш яра. Цигахьа дIахьаьдира Урбанов а, цуьнца цхьана Коржов а, Гриднев а, царна тIаьхьа Щука а. Уьш шайн ницкъ ма кхоччу шан тарх йохо гIерташ бара. Стоммачу шах тоьхна лом дIа а шерший дуьсура. Амма дарбеллачу наха шаца къийсам чIогIа латтабора.

— Ой, ма нал санна дуьхьал бели хьо! Вала а, вола а ца вуьту ахь-м, — бохуш, шен юьхь тIера хьацар пхьуьйшаца дIа а доккхуш, луьйш вара Коржов.

— ХIара нал-м вай оьккхуьйтур ю хьуна,— аьлла, тIевирзинчу цхьа гиша пиджак а юьйхина волчу, къуоначу стага, аманалан курс тIе а йихкина, богуш беха гIуркх бахийтира ша кIел.

Оцу сохьта инзаре чIогIа тата делира. И йоккха шан тарх кхо-диъ дакъа хуьлуш екъаелира. Шан йозалло хи буха а таIийна лаьттина къепал хьада а айлуш дIанисъелира.

— ТIетаIалаш, кIентий! Вай тоьлаш лаьтта,— бохуш, хезаш дара сакъераделлачу Щукин аз.

Кхин керла баккхий шаш бара кху йихкина лаьттачу дечиган гIайре тIе богIуш. Шаша Iаьвдина ницкъ хилла дукъош вовшашна тIеттIа дуьйлира, цхьацца долу дукъош шаша Iовдий сирнакаш санна ирах кхуьссура, цхьадерш, шаша хьарчадой хи буха дихьича ата а лой тIедовлура. Дукъойн курсашна тIера и стаммий аьчган доьхкарш цесталора, тIаккха, цхьана кхерамах къаьхкича санна довдий, и дукъош тIе-кIел а детталуш цхьанхьа юьстах довлура, дисинарш шаша Iовдий, кертан

хьокхий санна, цIийзаш ира хIуьттура. Бердехьара схьатийсина стоммийн аьчган машшаш хедадора.

ТIехIоьттинарг уггаре а луьра мур буйла а хууш, нах шаьш ца кхоош болх беш бара; массо а цхьабосса, кIелвиса дог доцуш айвеллера. Малбелла муш юха чIагIбеш, хаьддарг хуттуш, кхерамах ца ийзалуш белхаш бора наха.

Ларалуш, амма сиха а, вай а кхоссалуш хи чохь лелачу дукъош тIехула, шан гуна тIехула а волуш, йохийначу къепала тIера, шеца аманалан яьшка а эцна, ша тIе велира Урбанов, цунна тIаьххье иштта сиха Рацев а вахара. Тарсал санна каде кхоссалора и ша тIера ша тIе, амма кога кIелхьара цхьа шан экъа сатта а сеттина хи чу воьдучуьра велира Рацев халла. Ца вухуш, боккхачу шан йист а лаьцна, кхоссавелла хьалавелира иза хи чуьра.

Аманалан шашканех кхоккха курс гIуркха тIе цхьаьна йоьхкуш, ведда, шах даькккхинчу Iуьрга, я ша хийра болчухула лиэта а еш уьш ша кIел туьйсуш, и ерриге а шан аре лоьлхуьйтуш лиэлаш вара Урбанов Рацевца цхьаьна. Цу шимма дийриг деш болабелира шоллагIчуй, пхоьазлагIчуй бригадехь болх беш берш а. ТIамехь яккхий тоьпашца аьгначу аренах тарйина яра хIинца хIара шан аре.

Говза а, шаьш ца кхоош а наха бинчу балхо шен гIуллакх дира: кескаш еш бохийнчу шан ницкъ дIабаьллера, цо ницкъбеш, егош малйина и йоккха дечиган гIайре бердан йистехьа а таьIна сецира.

ХIинца хи аз ийзош къоро угIуш дара... Хин тулгIеш сихбелла къуй санна Iоьхуш, дукъош тIехула хьаьлхина лиэлара; цара йистехь лаьттина кема а,

дуьра жижиг чохь хилла черма а нехашца лахьийна дIадихьнера.

Сахиллалц болх бира наха. И цхьа кIеззиг таьIано сирла-сийна полярни буьйса ца хаалуш чекхъяьлча инзаре йоккха, тулгIешца техкаш, куьзга санна къегина хин аре а йитина ша дIабаханера. ХIинцца тIом бина а даьлла, садаIа сецича санна, хи а хинца дIатийнера.

...ДIо лахахь, геннахь гуш яра тIаьхьайисина йоьду кIайчу шан алх. Тийначу хи тIехь, партало техкаш, дегаза йоьдура и хIинца. Цунна тIаьхьа кхиа гIерташ санна шерачу хин экъана тIе дашо некъ а бижира. ТIаьхь-тIаьхьа айалуш, малх, къегина бохбелира. ХIинца бIаьсте массанхьа а дика хаалуш яра...

ОЧЕРКАШ

ДАЙМЕХКАН НЕКЪАШ

Даймехкан некъаш, шу хьанна ца деза? Даймехкан некъаш! Мел доккха хьоме ду цу шина дашца. Даймехкан некъаш, шу девза хьанна а Iаьхинчу экханах, диэкачу олхазарх, къегинчу малхах а, буьйсанца кхеттачу баттах а. Мохо гIа ластош яьллачу гIовгIанах, зиэзагаш тIера еанчу хьожанах, и бIаьрзе велахь а девза шу хьаналчу воIана, Даймехкан некъаш.

Девзаний хьуна, доттагIа, Даймехкан некъаш,
Леллий хьо кхаьрца, алахьа, бIаьрг тоха соьцуш?
И ховха зиэзагаш санна колл, баI а хиэташ?
ДогIанна кIелвисча, арахь — ирс кхаьчна виэкхаш?

Цу лаамца арадевлира тхо Iуьрре. ХIинцца схьакхеттачу маьлхан сирла зIаьнарш, кIайчу морхех чекх а евлла, массо а хIуманна аьхна йоьлуш, къегина лаьттара тхо новкъа доьлхуш. ХIетта кан таса доладелла, некъаца лаьтта сийна кIа гIийла техкош хьоькхуш мох а бара, Iуьйренна дезаршна арадевллачу олхазарийн маьхьарий хIинца а дIатеза дара.

Нохчийн историх дисина, кхузахь къаьсттина буьрса леллачу даккхийчу гIуллакхийн тешаш санна,

хIинца а лаьтташ, гIийла баьрзнаш а долуш, гIараяьлла Чехкаран аре ю хIара. БIе шовзткъа шо хьалха, къиза тIом беш, кхузахь лаьттина нохчийн йоккха эвла а йохийна, паччахьан эскаро, хIара некъ нохчашна боьхкуш шен тIулган гIап хIоттийра кхуза. 1917 шарахь гIаьттинчу нохчийн халкъо и гIап а йохош болийра шен бакъо яккха айбина сийлахь къийсам. Цул тIаьхьа ши шо далалий, 1919-чу шарахь, сентябрь беттан 11-чу дийнахь, барамана ткъозза шел алсамчу мостагIчух нохчийн ЦIен Эскар летча кхузахь цу буьрсачу тIамехь вийна вайн къоман хьоме воI, халкъан тешаме кIант Шерипов Асланбек.

— Хала чов а хилла, дIо лаьттачу гIийлачу борза тIе охьавиллинчохь кхелхина Асланбек,— аьлла, тхох цаI дIавирзича массара а къамел сацийра.

Асланбек кхелхина, амма цо айдина сийлахь гIуллакх тола а тоьлла дехаш ду. ГIийлачу борза тIера дIа йист йоцчу арахь, хIорд санна токх техкаш, хьийкъина ялташ лаьтта. ДIо Органан шина а бердаца лаьтташ тIулгех, еттинчу кибарчигах юттуш йина, нисъелла гIишлош ю; уьш хIинцца дукха хан йоцуш дина атагIойн, дуби-эвлахойн цIенош ду, церан тхевнаш тIехь, хьун санна лаьттачу радио-антенех цхьаммо а тамаша ца бо.

Охьабоьжча маха а карор болуш, англи санна шера некъ кхузахь лаьмнаш юкъа боьду.

Лаьмнаш! Массо а агIор схьагуш дерш хьан деган хьоме Даймехкан лаьмнаш ду; я дерзина, я юькъа тIехь сийна хьун техкаш, стигала хьала а гIоьртина лаьтта уьш. Кху лаьмнийн ков чIагIда йиллича санна, дIо Органан лекхачу берда тIехь, генара дуьйна гуш, туьйранахь юьйцу ЧIишка ю, кхуза ла-

хахь, юькъачу хьуьна юккъехь ган а ца гуш лаьтта санатори «ЧIишка».

ЧIишка. Хьанна хаьа, оцу лекхачу берда тIе а яьккхина хIара эвла кхузахь хьан йиллина. Кхузара декъа чIийш лахьо, я чиш яха хьалаваьллачу вайн дайшха цхьаммо, кхин дIа-схьа лиэла ницкъ а ца кхаьчна, ша гIелвелла охьахиъанчохь йиллина хIара, я кхузахь и шайтIа Iехийначу чIинхочо шен цхьа аьтто лаха йиллина хIара?

Кхуза. ЧIишка, чIинхо волчу цхьа шайтIа деана,— бохуш дуьйцу.

— «ХIа-хIан, чIинхо, юкъахь хохаш бен беза вайшимма»,— аьлла, шайтIано чIинхочуьнга.— «Буьйра бу-кха ткъа, хьуна лаахь, юкъахь хохаш а», — аьлла, чIинхо реза а хилла, юкъахь хохаш бийна цу шиммо.

Кхано, хохаш хьалаккхиъча, церан оцу цхьа писъелла хьийкъинчу сийначу тоьпашка безам бахьанчу шайтIано:

— «ХIинца биэкъа беза вайшимма хIара хохаш, чIинхо»,— аьлла боху. — «Иза а мегар ду, муьлха дакъа деза хьуна кхарех?» — хаьттина чIинхочо. — «Суна кху хохийн бухь беза»,— аьлла, шайтIано.— «Иза а дика ду. ДIабаккха хIета хьайна бухь», — аьлла, шайтIане хохийн буц дIа а яхьийтина, даккхий хохаш шена чу дерзийна чIинхочо.

Юха бIаьста яьлча:

— «ХIинца юкъахь мукх бен беза вайшимма, чIинхо,— аьлла, шайтIано». «Буьйра бу-кха ткъа, хьуна лаахь, мукх а»,— аьлла, чIинхо реза а хилла, юкъахь мукх бийна цу шимма.

Кхано, мукх хилча:

— «ХIара а биэкъа беза вайшимма, чIинхо»,— аьлла шайтIано.— «Мегар ду, муьлха агIо еза хьуна?» — шега хаьттича. — «Кхи-м хьаха ца Iехадора ахь со, чIинхо, аьлла, ойла а йина: — ХIинца ас сайна бух буьтур бу»,— дIахьедина шайтIано. — «ХIун дийр ду ткъа, цунна а реза ву со-м»,— аьлла, марс хьокхуш, лаххьийна, боьжна кан а ца буьтуш, мукх чуберзийна чIинхочо. ШайтIано, ийзош бух а дохуш, лахьийна орамаш цIа дихьина.

Юха а ша Iехаделлий хиъначу шайтIано:

— «ХIинца вовшах лата деза вайша, къонаха», — аьлла, чIинхочуьнга — «хIун дийр ду ткъа, летар ду-кха хьуна лаахь вовшах а»,— аьлла, ехий, йоций ши гIаж а кечйина, чохь, я арахь мичахь лета вайша, гIаж муьлха а еза хьуна?» — хаьттина чIинхочо шайтIане.

— «Чохь летар ду вайша, гIаж еханиг луо соьга,— аьлла, шайтIано.

Еха гIаж тховх а тасаелла доллучу шайтIанна гIибадаллалц гIаж йиттина чIинхочо.

— «Делахьа, кху чохь ма дехьара ахь со. ХIара гIожмаш а хийцина, арахь летар дара вайша»,— дехар дина шайтIано.—«Иза а мегар ду,—аьлла, шайтIанца гIаж а хуьйцуш аравьаллачу чIинхочо дийна боху кхузахь и шайтIа.

— Иза-м туьйра дара, шайтIа-м дера ца дийнера кхузахь, — элира куьг а ластош, Iийсас и дийцина Хьажа ваьлча.

— Хьанна хаьа, бакъ хила а меги иза-м. Схьагуш тIех хьийкъина мукх, хохаш бацахь а, кхузахь шайтIа дийна хила там болуш, унахцIена меттиг-м ю хьуна хIара,— бохуш, ца къарлора Хьажа.

— Суна дага а догIуш, Нохчийчохь гIарабевлла чиш йохуш, зоьпарш, чкъургийн цергаш кечъеш говза нах бара кхузахь бехаш,— аьлла, дийцира Iийсас. — ХIинца йисина лар а яц кхузахь и говзалла лиэлийначу нехан, ша и цхьа цIе яцахь. Чиш а, зоьпарш а гIишлош ечохь хIинца а вайна сов чIогIа оьшуш коьчалш ю. Цундела, вайн хьуьнан бахам лиэлочара ойла а йина, и коьчалш кечъеш кхузахь меттиг нисйича хIинца а пайдехь гIуллакх хир дара,— элира Хьажас.

* * *

Тхан некъ Оргашца хьала боьду. Сан лаам кхочушба санна, машина кхин дIа а ца яхана, тхо хIинца гIаш доьлхуш ду. Кху хин бердаца хьо воьдуш: тIе-кIел йоьттича разъяьлла гIайражхийн ргI санна хи чу хьаьлхина, я хьала хьаьжча ворта лазайолуш стигла а дахана лаьтта Даймехкан лаьмнаш.

Муьлхачу агIонгахьара ду ца хууш, дIо лакха тIера схьахезаш, жаIуьно, я хьун хьокхучо бохуш илли а ду:

Дерриг а дIадиэха соьгара ахь, Даймохк,
Цул доккха прс кхача вехаш вац хьуна со

Стогалла хастош, кIиллолла маьттаза йоккхуш халкъо ша даькхина и илли кхечахьа а олуш хезна сун. Амма, хийла вон-дика гинчу кху буьрсачу лаьмнашкахь къаьстина деган аз хуьлий дегIах чекхдолу иза. Къийсамехь пергIато йоккхуш, хийла яхь йолчу кIанта шен са халкъана дIалуш баьхьинчу халчу не-

къаца дозуш ду ц илли. Хазахета, дог дайлуш айло тахана кху пергIатчу арахь и илли хезча.

Оцу сакъердаларца цIеххьана кхин а доIу дага: хIара хаза Iалам, хьийкъина хьаннаш, дети санна цIена, диэкаш оьху, хIара татолш, шовданаш Iалашдой техьа хIораммо а? Хьун а кхачийна и кура лаьмнаш чIана ма довлахьара-кха, хиш лах а делла, кIоргешкахь хIиттинчу уьшалш чохь пхьидаш Iоьхуш, эрчо махазахьара-кха. Ткъа хала муха ца хета Iаламан исбаьхьалла къийлур ю аьлла дагатесча, адаман синкъерам бойуш, дуьненан дахаран хазалла кхачор ю аьлла дагатесча?! Лаьа-кха тIаьхьара тIаьхье а ирс долуш, сакъералуш дуьненахь ехийла. Цундела мохь тоьхна ала лаьа:

Тергалъелаш, адамаш, хIара шайн хаза хьаннаш!
Iалашделаш хIара шайн дато татолаш, шовданаш!

Юха а, ойла хийцалой, дог доккхадеш пергIат долу, дIо лахахь, кху лаьмнийн бух а цIуббеш, хIара цIена, тийна хIаваъ айдина, тIулгаш тIехь шен илли хуьйцуш догIучу Органе ладоьгIча. Масане хаза илли олу цуьнан тулгIеша: цкъа айдеш, цкъа лагIдеш, цкъа стамдеш, цкъа дуткъдеш, лам тIера лам тIе аз кхачош дIахьо цо шен йист йоцу илли. ТIаккха, цIеххьана схьа а оьций хьан ойла дIо генна, генна дIахьо цо и ядайой ворхI лома тIехула а лиэлайой, масийтта Iинах чекх а йоккхий, юха а кху курачу лаьмнийн кортош кIел схьаяхьа цо.

Хаъал ирхо а йоккхуш тхо дIанехьа девлича, Органан берда йистерачу гIайрий тIехь, кху боккхачу некъо йохалла йоькъуш ши дакъа а дина Iуьллу Зонаха. Кхузахь дехаш аьлчи а, дIанисдала гIер-

таш дерг цхьа кхузткъа сов цIа хир ду. Дукхах долу цIенош бух а биллина доьттина довлаза, я хьала а доьттина тхов тиллаза, я тхов а тиллина хьаьхина довлаза ду.

Кхаа-еанхьа белхи а бина поппарх кибарчигаш еш бохку цхьаболу зударий божарша тIекхоьхьу поппар хьохуш бу. Хечин когаш хьала а карчийна, царна дIанехьа поппар хьуьйш божарий бохку; цунах хуур ду кхузарчу нехан гIуллакх хIинца сихо дуйла. Тохура, шортта хан йолчу хенахь, зударий хуьлура и поппар хьуьйш берш; божарий шайн са а къоьруш, цигаьркаш а ягош тIехь лаьтташ, я хевшина Iаш хуьлура. ХIинца жима а, вокхха а массо а болх беш ву.

ДIанехьа, эвла юккъехь, цхьана басара схьадуьйлучу шовданан го, бегана тIулг а буьллуш, тобеш воллу, юькъа яьлла кIайн маж а йолуш, жимочу дегIахь воккха стаг. Цунна гIодеш цомгушчу стеган юьхь а йолуш, пхиттара ваьлла жима кIант а ву.

Къеначу стеган де дика а дина:

— Мел мах белла хьуна хIара болх бийриг? — хаттар дира ас цуьнга.

Соьга схьахьаьжина, вела а къежаш:

— Хьуна хIун делла аьлла хета? — элира къеначу стага.

— Дера хаац суна-м, амма атта болх-м бац хIара.

— Мехах-м хьаъа тодийр дара хIара. ХIумма а дера ца делла, адамашна хIара тадича, цхьа мел хир бацара техьа бохуш воллу-кха, — элира къеначу стага, тIулг тIулга тIе нисбина жIов а тухуш. — Тохура хьалха баккхийчара вовшах а кхетий тIай

туьллура, некъ тобора, хIара санна болу болх а бора, хIинца массо а ахчане а марзвелла, хIара вайна пайдехь гIуллакх халкъан дуьхьа дан луурш лахбелла. Иза дика хетац суна, — аьлла, дийцира къеначу стага. Хаац, дика гIиллакх ларийча дика дара-кха,— элира цо, дIадоьлхуш тхоьга куьг а луш.

Сеттош охьабиллина муш санна дIабоьдура некъ; хIинци-хIинций оцу мокхазан бердах а гIоьртина, кхачало-кха хIара аьлла хетара. ХIан-хIа! ЧIуг етташ хьийзаш, цхьаннахьа а юьхьиг йоцуш санна дIабоьду хIара, гуола мел тухучохь кхин а хаза, керла хьийкъина хьаннаш, бес-бесара лаьмнаш гучу а дуьйлуш.

ЦIеххьана лаьмнаш дIа-схьа а доьлхий, дIо Органал дехьахь ирчу берда тIехь лаьтта бIов гучу а йолуш, хьала айлуш санна боьду некъ шерачу майдана болу. Кху майданал дIанехьа лаха чохь, тийна ха санна гондахьа лаьтташ изза лекха лаьмнаш а долуш Iуьллу Шуьйта. ЧIаьнти-орга шен жимах йолчу йишех Шара-Органах кхеташ йисинчу гIайри тIехь лаьтта хIара нохчийн иллешца юьйцу Шуьйта.

Пхи бIей кхузткъа шо сов хьалха Шуьйтахь вовшах а кхетта, барт бинчу нохчаша кху лам чу ца воуьйтуш, дерриге а дуьне а хьоьшуш вогIу АстагIТимар а сацийна. КхобIей кхузткъей итт шо сов хьалха Оьрсийн паччахь хиллачу Иван IV-чунна тIе нохчех дуьххьара векалш а кхузара бахана. Иштта хийла нохчийн исторехь тидам оьшуш хилларг кхузара дIадоладелла ду.

Шуьйта чу воьдуш геннара дуьйна гуш, хIинца эвла юккъехь а йисина, цхьа тидам болчо бен тергал а ца еш, тIулгийн гIап ю, хIетахь кхузахь хилла-

чу гIирсашна го тосуш йина. Цу гIопан даккхий аьчган кевнаш кхаьзна меттиггий бен дисина хIумма а дац. ГIопан пен а, цхьайолчу меттигашкахь лаьтта кхаччалц бохург санна бохийна. Цхьа юьххьера ойла йича: хIинца хьанна оьшура иза, йохийча а дац хIума а, эр ду. Амма халахета-кха и санна йолу гIишло вайн къоман исторехь ондда агIо юйла ца хиъча, уьш тIаьхьенна тергалъя езийла ца хиъча а.

Граждански тIом болчу шерашкахь, ерриге а Къилб-Седа Кавказ дIа а лаьцна, Деникинан бандиташ акха доладеш болчу хенахь, хIара Шуьйта Советан Iедал лардеш цIен гIап а хилла лаьттина. Шен гIирс вовшах а тухуш лата кечлуш гулделла нохчийн турпалхочун Шериповн Асланбекан цIен эскар кхузахь лаьттина. 1919-чу шеран бIаьста, нохчийн ахархойх вовшахкхеттачу партизанийн отрядашца кхузара даханчу пролетарски эскаро, социалистически революцин мостагIчун йоIзар а кагъеш, схьаяьккхира Деникинан бандидаташа дIалаьцна хилла Соьлж-гIала.

ХIинца Шуьйта — Советски районан коьрта шахьар ю.

Шуьйтахь климат, даим бохург санна, сирла а, шен барамехь декъа а лаьтта. Кхузахь хIаваъ цIена хиларей, Iаламан хазаллей ладоьгIча адаман могушаллина Кисловодскел дуккха а тоьлаш ю хIара. Амма хIинца а кху районан Iаламан ерриге а хазна халкъан бахамна гIуллакхе хIоттийна яц. Кхуьнан нисделла цанийн лаьмнаш жа-бажа кIезга хиларна дукхах дерш эрна лаьтташ ду; кхуьнан лаьтта бухарчу хазнийн хIонс схьа ца йиллина хIинца а.

* * *

Шуьйтара дIахьаьжча, вархI-бархI километр бен гена йоцуш, баьццарчу ломан басахь хаза гуш ю Борзой-эвла. Борзой а ю дуьххьара йиллина хан дага ца йогIуш, нохчийн шира эвла. Амма, дийцарехь, дуккха а Шуьйтал къона-м ю.

Кхузара дIахьаьжча моьттур ду ерриг Борзе чотйоцуш шорттачу кIайчу четарех йина ю. ХIан-хIа, уьш четарш дац. И четарш санна кIайн гуш дерш «Коммунизман некъ» цIе йолчу артелерчу колхозникаша, шифер тIе а тухуш йина керла хIусман ю. И массо а хIусам тIулган бух буттуш хIоранна чохь кхоъ-диъ цIа а долуш йина ю.

Цхьа шо сов хан ялалий цу тайпана ялхбIе ца кхоччуш хIусам йина кхузахь колхозникаша.

Артелан председа́тела Батин Iабдул-Решида кхайкхина царех цхьана керлачу хIусаме дигира тхо. Чохь паргIат а, шортта серло йолуш, цIенкъа уй тухуш, массо а маьIIе ден бIаьрг кхочуш хIусамаш ю.

ХIор хIусамна хьалха колхозникан шен хас-беш а ю, хесахь башха хьийкъина, хьалха кхузахь ца лиэлийна наьрсаш а, помидораш а, хохаш а картолаш а ю.

Эвла йистехь башха дика артелан бежнаш кхобуш божалш ду.

Кху гIирсашна резахилла оха шега хаттар дича:

— Тхо хIара эвла хьалахIотто долалуш-м башха ирахь дисина хIума доцуш еса меттиг яра шуна хIара, аьлла дийцира тхуна Iабдул-Решида. — Цхьа цIеношш дарах тоам хилац ваха хуучунна; цIеношна гондахьа керт ян еза, кертахь беш йогIа еза, хьайба

чу лалла божал хила деза. Масне ду уьш, дуккха а ду вехачу хIусамдена оьшуш дерш. Iедало ахчанца а, гIирсаца а гIодарна, нах доггах хьовзарна аьтто хилира тхан кху кIеззигчу муьрехь хIара дийнна эвла юха карлаяккха.

* * *

Артелан гIишлошка а хьаьвсина, тхо духа новкъа довла кечделча, — веана хьаша ишгта дIавохуьйтуш дац тхан, аьлла, цу эвла йистехь вехачу цхьана ахархочо кхайкхина чу дигира тхо. Цо шен цIе — ГIуда, яьккхира.

ГIудин чу тхо дуккха а гулделира: кху эвлара пхи-ялх стаг вара тхоьца, соьца волчу шиннах цаI— вайн къоман газетан редакцера вара, массанхьа а кхачагIерташ, догIу а ца догIу а хеттарш деш. И бахьанехь суна хеташ, цхьа ирон къамелаш хилира тхан кху чохь.

Куьйгаш а дилина тхо охьахевшина довлале, хIусамнанас шортта йовха яа хIума хьалхаяре ладоьгIча, тхо эвла даьхкичахьана а хIорш хьеший чубало кечлуш хилла эр дара. Тхо ца даьхкинехь шена далатохар хирдолуш санна хьийзачу хIусамненан шун комаьрша дара.

— Тохара-м бисмалла а олий доладора хIара, хIинца кхуьнан кад ца мелча тарлуш дац-кха. Бехк ма биллалаш кхарех вон дика къасто хууш ваш шуна со,— элира хIусамдас, тхьоз санна дожкхачу шишанара къаьркъа стаканаш чу а дуттуш.

— Тхоьга бисмалла ала бохург-м дац хьан иза, ГIуда? — аьлла, бегаш бечуха вела а луш хаьттира сан накъоста — Гилин Iийсас.

— Дера дац.

— Иза-м луучо ала а, ца ала а тарлуш дара вайн.

— Дика-м дера ду и иштта долуш. И ала а, ца ала а пархIато вайн махкахь йолуш, — элира шуьнехь Iечу хIаьрса мекхаш а долуш, хан яьлла волчо. — И дарехь олуш верг а, ца эриг а ший а шайн дагахь бакълуьйш ву, — бохура цо. — Амма, и шен дагахь дерг цхьанхьа олуш, вукхузхьа а ца олуш, цхьаьнхьа ша теша, вукхазхьа а — ца теша бохуш ши некъ бадийна лиэлаш верг ву-кха соьга хаьттича, осала а, волчунна кхераме а кIилло.

— Ткъа хIинца а иштта нах бу вайн? — хаьттира цецваьллачу Нажас.

— Iиттало хьуна, Нажа, хIинца а дагахь цаI, багахь кхин дерш.

— Белахь дера бу Iуора а бохуш, нахала баха безаш,— элира, массаьрга а бIаьрг а тоьхна, Нажас.

— IШи мотт кисна а боьллина рицкъа лаха араваьлла эхь дайнарг, ахь кхузза буьнахь лаьцнехь а къар-м дера лурвац. Нагахь ахь и хьавахь, вададай, орца дала, хьенеха бехк-гуьнахь а доцуш хIаллакво со, — аьлла, мохь а хьаькхина, нахана хьо бехке ву а моттуьйтуш дIа-м дера гIур ву иштташиг. Цундела и саннарг цахьевар гIолехь ду,— аьлла, сацийра хьаьрса мекхаш долчо.

— И ду хьуна, Мурад, харцдерг бакъдолчух цхьа йолчу меттехь кхардаран бахьана. Со а, хьо а, хIара а цу писан ямартчу орцанах а кхеравелла нацкъар ваьлча бакъдерг хьаьнга лардайта воллу хьо? Бакъ вац хьо, Мурад, мегар дац харц луьйш верг вита,— элира Нажас, аз а айдеш.

— Цу тIехь бакъ ма луьй хьо, Нажа, — элира чохь болчара.

— Амма, кхин цаI ду со реза воцуш, — аьлла ,юха а къамеле велира Нажа. — Цхьаболчара цунах цхьа доккха гIуллакх а дина, сов тIехдаьккхина и зударийн коьртара йовлакхашший, божарийн холхаза куйнашший дийцар нийса ца хета суна.

— ХIунда? — хаьттира Iийсас.

— Коьрта тиллинчу куйной, йовлакхой дохийна хIумма а доцу дела. ХIума доьхнехь дохийнарш уьш тIетехкина кортош ду. Цундела, и кортош бакъахьа дерзо деза куйнаш йовлакхаш а дитина, — аьлла, доцца жоп делира Нажас.

— Иза а бакъ ма ду, — элира чохь болчара.

— Бастонан фуражка а, я бIаьштига тIе а тетти-на лиэло холхазан куй а башха а бац оцу куйнара корта нийса лелчахьана,—аьлла, чIагIдира дийцинарг хьаьрса мекхаш долчо.

— Ас-м хIара къаьркъа кегийрчарна юккъехь къаьсттина эвхьаза даьлла дела хьахийнера и, вайн хабар иштта гена даьр ца моьттуш, — бехказа велира хIусамда.

— Дера ца даьккхина хьуна цара хIара эвхьаза кхунах зулам кIезга а долуш-м. Нагахь хIара малар цхьана сацамо тIетеIош делахьара массо а дуьхьал вервара, къаьхьа хIара нуьцкъала муьйлуьйту, бохуш. Ткъа дегIана а, дахарна а хIара дика дац, кхо зуламаш эгадо аьлча массарна а марзделла.

— Зулам дечо ма мала ткъа, — элира тхуна тIехь лаьттачу жимахас.

— Наггахь, мала богIучохь, чагIаран кад маларх хIума дац шуна, накъостий, кху кедо вай ца мелча-

хьана, — элира хьаьрса мекхаш долчо. — Стаг кедах къехка ца оьшу, амма тIех ма балийта кад. Цу тIе кхин цхьа биъ са а бу хIара молучо Iалашба безаш.

— ХIун сенаш ду уьш? Дийцахьа.

— ХIара молучунна: ша мила ву хаа деза — цаI, ша хIара маца молу хаа деза — шиъ, мел молу хаа деза — кхоъ, хьаьнца молу хаа деза — диъ. Цхьаннал важ ира бу и биъ са. Иштта ду шуна, накъостий, кедан гIуллакх, — элира хьаьрса мекхаш долчо, шен кад цхьа-ши къурд бина охьа а хIоттош.

Тхо ГIуда волчуьра ара а девлла цIа догIуш:

— Iийса, ойла йирий ахь цу наха динчу къамелийн? — хаьттира ас сайн накъосте.

— Со реза волуш къамелаш дара уьш, — элира Iийсас. — Юьртахь хIинца цIенош хийцаделла ца Iа, царна чуьра гIирсаш хийцабелла ца Iа, къаьсттина чIогIа нехан ойла хийцаелла, церан лаамаш кхиъна, кхетам лакхабаьлла, и ду уггар диканиг.

ЮЬРТАХЬ

Бензинан газой, заводийн кIуьрой йолчу тIе а алсамъяькхинчу гIалин йовхона юккъера а ваьлла, таьIано-сийначу гIаш юккъехь Iуьллучу юьрта вахана, айхьа шийлачу етташурин кад мелча, хьуо цкъа а йовхоно бIарзвийр воцуш санна хазахета хьуна. Ткъа генна вахана, хийла хан а яькхина, хьуо берахь ваьхначу юьрта веача къаьсттина хьуо ирс долуш хета; цу юьртахь йолу хIор хIусам, хIор синтар, муьлххачун а кетIара жIаьла а хьайн долуш санна хета. Хьуо берахь цхьаьна чан а кегош, галгIожмех левзинчех кхетча, беральа дагадогIий къаьсттина хазахета.

Дукха хан йоццуш вайн хиллачу яздархойн хьалхарчу конференцехь вовшашца къамел дича гучудели ра тхуна тхаьш юьртах хера девлла хилар а, хаьхкина воьдуш, «хIан-хIа, баркалла хуьлда, хIинца чуван йиш яц, сиха ву со»,—аьлла, дош а кхоьссина, юьрта юккъехула чекхваларх, юьртахь дерг девзарг ца хиларх а.

ДоггIушехь тхо Несаре кхечира. Муьлхачу юьрта

дахча бакъахьа дара тхо? — аьлла, хаьттира оха партин райкомехь.

— Муьлххачу а юьрта шу дахарх зен хир дац, шу дукха оьхуш цхьанна а кIордина а дац. Схьа хетарехь, яздархой, поэташ юьртахь колхозхошца къамелаш дан баьккина бохуш дерг кху районехь дуьххьара ду, — аьлла, вела а велла, жоп делира тхуна райкоман секретара накъ. Газдиев Зубайрас, — нах массанхьа, балхана тIебирзина бохкуш бу, арара тIевеанчо диканиг шайга аьлча массарна а хазахета. ТIой-юьрта а, Долакх-юьрта а даха мегар ду, Сурхохитlе дахча кхин а дика хир ду, — элира Газдиевс.

Сарахь дIа а кхаьчна, юьртан совет лоьхуш лелаш механизаторийн школехь доьшуш болчу кегийрчу нахана тIенисделира тхо. Иза оха лоьхург дара: бертахь гулбелла, хьехархочуьнга ладоьгIуш кхузткъей итт сов стаг вара.

Вовшех ца ийзалуш, гулделла, къамелаш дира оха къоначу нахаца.

— ХIусамца а, гIуллакхашца а, массо а бохург санна, дIанисделлера тхо, амма балхара цIа дирзича суьйранна сакъера меттиг яц тхан клуб дукха вон хиларна,— элира механизаторийн школехь доьшуш волчу Кадзоев Мусоста.

— Цул совнаха чохь тоам болуш серло яц, лато пеш а яц цу чохь, — аьлла, тIетуьйхира Дударов Мухьмада.

— Коьрта дерг иза а дац,— аьлла, хьалагIаьттира суна юххера ира, Iаьржа бIаьргаш болу, къона стаг. — Суьйранна тул а луш вовшашца цхьаьна зама яхьа тхан меттиг ца хиларо зуламхочуьнан аьтто бо тхуна юккъера амална осал верг шайгахьа

оза. Иза ду тхуна уггаре а новкъа дерг, — аьлла, хаттарца тхоьга а хьаьжна, сецира къона стаг.

Нахана иштта новкъа ду хIинца юьртахь дика клуб а, клуба чохь библиотека а цхьацца корматаллаш Iамо вовшахкхета кегийрчу нахана меттигаш а цахилар.

Кехата тIехь ю бохуш цIе а йолуш, шайн йоцчу клубан хьокъехь нийса къамелаш кхечу кегийрхоша а дира тхоьца Долакх-юьртахь.

Ца ваьлла дага деара суна тхо новкъа довлуш, гIали чохь тхаьшна хезна къамелаш ярташкахь маларша вовший кочаэхарша эвхьаза бевлла, цу зуламе гIуллакхаша вайнехан цIе йоккхуьйту бохуш.

Вайн дайн цхьа кица ду: «гирз даьллачу цхьана Iахаро дерриг а жа бехдо»,— олуш. И санна юьртахь кхиинчу цхьана-шина зуламхочо ерриг а юрт бехйо. Юьртахь болчу коммунисташа, комсомольцаша, юьртан совето ледара болх бича, шайх цхьа хIуманаш а тарлой, и писаш эвхьаза йовлу. ГIуллакх нийсачу новкъа доьрзу, нагахь юьртарчу наха зуламхошца Долакх-юьртахоша динарг дича.

— Тхан юьртахь цхьа а зуламхо вац. Вайнах цIа бирзичхьана кху юьртахь хилла зулам дац. Цхьа-шш йовссар дара ккузахь, цIийнах а хаьдда лиэлаш, уьш кху наха шаьш схьа а лецна Iедале, дIаделира,— элира Долакх-Юьртахойн собранехь къамел динчу цу участкехь милицин инспектор волчу накъ. Асхьабовс.

— Кху нехан цIарах боху ас хIокху районера

массо а юьрте тахана йохье кхойкху тхо лаккхарчу тIегIан тIехь низам ларда а, балха тIехь лакхара кхиамаш баха дечу гIуллакхца хьалхара меттиг яккха а, — аьлла, юьртан цIарах дош делира собранехь дика къамел динчу воккхачу стага Акиев Ражапа.

Хийла хенахь дуьйна схьа къоман вортана тIехь бала хилла лаьтташ йолу нахана юккъера чIираш дIайохуш, эккха кинча лаьттачу зуламна кIелхьара нах бохуш орцах бевлла бу Акиев Ражап коьртехь а волуш Долакх-юьртхой.

Тахана хIара могIанаш ас яздеш, дикачу ойланца дагаоьху суна, и беркате гIуллакх шеггара айдина, дикачух нах кхето гIерташ, махкана сийлахь дерг лоьхуш воллучу накъ. Акиев Ражапан цIе.

Ражап вайна тохара хьалха юьрта деанчу массо а керлачунна дуьхьал гIерташ бевзинчу баккхийчу нахах стаг вац. Иза луьрчу 1919 шерашкахь вайнаха Советан Iедал даккха мостагIчуьнца къийсам латтош хьалхарчу могIарехь хилла ву. Иза вайн сийлахьчу замано кхиийна, шен къоман вон а, дика а девзаш, диканиг лохуш беркате кхиъна воккха стаг ву.

Тхан хиллачу собранехь ладугIуш волчо и милла а велахь а эр дара, Долакх-юьртахоша шайн юьртахь низам лакхарчу тIегIан тIехь лардийр ду, аьлла.

Деникинан кIайчу эскаршца вайнаха къийсам латточу шерашкахь къаьсттина меттиг дIалаьцна,

хийла адаман мела цIий Iанийна, сийлахьчу дийцаршца шен дика цIе яхана меттиг ю Долакх-юрт.

1919 шарахь Долакх-юьртахойн эвлIистехь яькхинчу цхьана окопа чохь, Совета Iедал доккхуш, цаI вуха ца волуш мостагIчуьнца юкъакара а вахана лиэташ 47 стаг вийна. Царна юккъехь белш-белшах а тоьхна вайнахаца цхьаьна мостагIчух лиэташ оьрсийн белхалой а, ахархой а байъина.

И къинхьегамхойн цIий Iанийначу майданахь цу нехан сийнна хIоттийна доккха чурт а, йоьгIна беш а хилла. Вайнах цIера баьхначул тIаьхьа, уьш дIа а яьхна, шарйина и майда. Иза юха хIоттош Долакх-юьртахошна районехь цунна декхарийлахь болчуша гIо дер аьлла тешна хир вай.

Къаьсттина цхьа-ши дош ца аьлча Iалац Долакх-юьртарту зударех лаьцна.

Вайнехан зударий тохарлернаш бац, уьш массо а хIуманна тIехь чIогIа кхиъна; хьенеха йоIах лор хилла, кхечух хьехархо хилла, важа Iилманан болх беш ю, бохуш кест-кеста хеза вайна. Царех лаьцна газеташ тIехь а дуьйцу. Делахь а вайнехан зуда ша йолчохь шен йоккха меттиг евзина, иштта кхеташ хийцаеллийла хууш, и дог реза хилла тIеоьцурш хIинца а кIезиг бу вайна юккъехь.

Зуда аьлча тохара кхерч, кад-Iайг, ага, бераш — цу хIазарехь и дош дуьтуш хилла зама гIан хилла дIаяхана. Зудчунна а тахана вайн дахарехь шен йоккха, сийлахь меттиг карийна.

Иза иштта дуйла хуур ду «Октябран 40 шо» цIе йолчу совхозан Долакх-юьртарчу 1-чу отделене а ва-

хана, цуьнан фермехь хьелий лиэлош, уьш детташ, эсий лиэлош болчу зударшка хьаьжначунна.

— Тхоьга болх дика биэ ала оьшуш дац, — элира цу фермехь хьелий узуш йолчу Ташхоева Селимата. — ХIунда аьлча, Коммунистийн партис, Советан Iедало вайн къоман бакъо юха меттахIотторна вай вешан Даймахка духадалорна дикачу балхаца, бахам баккхийчу кхиамашца айбеш, царна чIогIа баркалла ала тхаьш декхарийлахь дуйла хаьа тхуна.

Селимат совхозехь болх беш йолу цхьа шо бен дац. Дош балхаца раз ца лиэлаш, шен декхар сов дика дIахьош ю иза. Селимата болх дика барна кхобиъ бутт хьалха «Сийлахь грамота» елла цунна.

Ташхоева санна, цуьнца яхьъяьлла, дика болх беш ю, ша хан яьлла стаг йоллушехь, Акиева Исират а.

ЦIийнда воцуш йисинчу Исиратан нисвелла шиъ воI кхиъна, и ший а кху сохьтехь вайн турпалчу Советан Эскарехь ву. Шена мел хала делахь а дIатаръяла гIерташ йоллу Исират.

Селиматний, Исиратний юххехь хIайт-аьлла хьийзаш кегийра мехкарий бу. Царна юккъехь уггаре а тIахъаьлла, муьлххачу а балхахь ларалур йолуш ю эсий лиэлош йолу Шовхалова Лена. Ленин берхIийтта шо бен дац хIинца а, амма белхан гIуллакхана массанхьа а кхуьуш, кхочуш, хьаьдда хиларна «Сеса» аьлла цIе тиллина цунна нийсархоша.

— Цхьа эса ца оьшуьйтуш, бIаьста оцу сийначу бай тIе дIахоьцур бу ас хIара сайн къона бажа, — элира тхоьга Ленас, сов чIогIа йоккхаеш, шен эсашка хьовса тхо даьхкича.

ХIун магадо хьуна оха, Лена? Хьайн сийлахьчу балхахь хьо йоккхаеш, дебийла хьан и даьхни!

* * *

Тхо СурхохитIехь, маьждагах йинчу йоккхачу клуба чу адам ца тарлуш гулъеллачу собранехь ду. 1930—31 шерашкахь вай кулакашца колхозийн бакъонаш къуьйсуш хилларш яцахь, хIара санна гIовгIанца айелла йолчу собранехь хилла вац со.

ХIун ду ккузахь очдаьлла дерг? ХIара ду аьлла схьалаьцна дийца де-а хIума дац. Ккузахь а, ккечу ярташкахь санна, шаьш Даймахка буха бирзина сов чIогIа хазахеташ, катоьхна белхаш беш, гIишлош тоеш бохку нах; хьанал къахьегарца сийлахьчу Коммунистийн партина, Советан Iедална баркалла ала гIерташ бохку. Ккузахь а наха собранехь дийцинарш шайна новкъа гIерта долу цхьацца лазарш дара.

— И луш долу ссуда нийса схьакхочуьйтуш дац, озабезамашца, йиша-ваша тергалдеш луш ду иза, — аьлла майрра арз дира Галгиев Мухтара.

— Нахана юккъехь яьржина ккераме цамгийлаш ю, лоьраш бахкийта тхуна,— аьлла, дехар дира Аушев Бексолтас.

Цара санна, дийца догIуш дерг дийцира Оздоев Муртаз-Iелас а, Точиев Уматгирас а, Аушев Идриса а, ккечара а.

Амма ша цкъа вуьзча, цкъа а мацлур вац, аьлла хеташ хуьлу цхьаволу сонта стаг. Иштта хьекъалал хьалха Iавдалалла яьлла стаг нисвелла таро ю СурхохитIехь а.

Нахана беркатехьа хир доцчех дара Боков Умат-

гирас цу собранехь, карзахваьлла, говрийн хьокъехь дина къамел. ГIуллакх ма дарра ца девзачунна моьттур дара Уматгирига говр ца лиэлайойтуш верг цу чохь тхоьца хилла партин Райкоман секретарь Цокиев Мухтар, я исполкоман председатель накъ. Чопанов Iусман, я со ву. Цу тайпана очдаьккхина, харцахьа дерзийна къамел деш волу стаг юьртана кичча зулам ду. Амма цаI дика ду, и санна мотт лиэло ца хуучу наха юрт кегийна зама дIаяхана. Шен-шен долахь и говраш хIокху сохьта лиэло мегар доций цу собранехь накъ. Боков ваьллачул тIаьхьа къамелаш динчу наха хаийтира.

— Говраш дIаяхийтаран бахьана цхьаболчу наха цаьрца онда зуламаш дар ду, — элира шен къамелехь накъ. Белхароевс. — Совхозан арара юккъерачу барамехь цхьана гектар тIера 18—20 центнер ялта чудерзо дезаш, вай 4 центнер бен ца лахьийна, цхьаболчу наха буьйсанна говран-варданашца и ялта шайн-шайн цIа кхехьна дела.

Цо санна кхечу наха а элира изза. Дан а ду иза ицтта.

И зуламехьа дерг нахана шайна гуш хилар, и дIадаккха нах орцах бевлла хилар вай кхиаран билгало ю.

* * *

Ачхо-Мартан тIехь тукан чу дахана лаьттара тхо. Шайна оьшург эца чубаьххина дуккха а нах бара туканахь. ГIопаста йоьттина охьадиллинчу кIадийна юккъера бедарна хIума хоржуш воллура цаI.

— Iумар, хIара дика ма хета суна-м,— элира вукхо, схьаозийна Iаьржачу исхарин йист пIелгаш юккъехь хьакха а йина.

— Дика-м дара хIара, бос хаза бац-кха, — аьлла, дIатеттира Iумара исхаран туп.

— Ма кура девлла шу, хIара санна долчу исхарех а ца дешаш, — аьлла и туп дIа а яькхина, мокхачу исхаран туп йиллира йохкархочо оьцуш волчунна хьалха.

— Иштта ма ала, диканиг, кура ца девлла, и бакъ дац. ХIинца кхетта нах, дикачух воиг къастада Iемина. Диканиг, хазаниг лоьху наха.

— Далла хастам бу, и хаза ду,— элира царна дIанехьа лаьттачу воккхачу стага.

Бакълуь воккха стаг. Кхиа а кхиъна вай. Вай кхиар и, схьахьакхаелча юьхь а хадор йолуш, кевстаг санна екъа кхекхийн кетар, я и санна бекъа, буьхьхье заза тесна болу кхакханан куй, буьйдучу наьIаран, я турс-тоьхна машин мачаш вотанца лахарх уггар-атталла музейхь гайта кароиг ца хилар а дац. Тохара хьалха куьпахь цхьанна хилча цхьайттаммо ловзарга, я ирахь Iан воьдуш рогIехь лиэлийна эткаш хIинца шортта хиларх а дац, ахархочунна хохаца тоъал ца хилла муьста берам хIинца вай баа ца дашарх а дац. Уггаре хьалха идейца, хьекъалца кхиъна вай. Коммунистийн партис вайна схьагайтинчу керлачу новкъа даха хууш кхиъна вай.

— Ткъей пхеа стагана аьлла агротехникан дешаран курсаш ехкинера оха, — аьлла, дийцира тхуна кхузарчу совхозан директор волчу накъ. Казалиев СаьIида. — Кху сохьта цу курсашкахь шовзткъей ворхI стаг ву доьшуш. Оццул дукха шуьга дешийта я гIирс а, я меттиг а яц тхан, ас шайга аьлча: гIирс эшац тхуна, СаьIид, тхо ирахь а лаьттар ду, деший-

талахь тхоьга, аьлла дехар дира соьга наха,— бохуш дийцира тхуна Казалиевс.

Дика ду иза, хаза ду иза.

Школехь, клубехь, театрехь охьаховша меттиг ца кхочуш вай гуллу хIара зама, туьканахь дика книга чена кIел ца Iуьллуьйтуш вай дIаса оьцу хIара зама, газеташ, журналаш оьцуш вай рогIехь лаьтта хIара зама, къам ирс долуш хилла зама ю, сийлахь хаза зама ю. ХIара зама вайна яккха гIерташ вайн дайша тIуьнчу окопаш чохь ,баррикадашкахь хийла шайн довха цIий Iанийна, паччахьан халчу каторгехь лиэташ кхелхина уьш, герз буйнахь шайн мацалла, хьогалла йицйина, де-буьйса ца лоруш къуьйсуш схьабаьхкина уьш.

Кху хазчу заманан хам бан беза, зама ларон еза!

ЧIЕРИЙ ЛИЭЦАР

Чов хилла экха санна дарделла тулгIеш етташ, шеца къовса нийсархо лоьхуш, хьаьвзира Енисей.

Жоьжахатехь шакаршца гIуьтту бохучу саьрмакийн кортойх таръеллера хин тулгIеш; чопашца айлой бердех кхеташ, тIаккха юха хьолхий вовшах а кхетий, масийтта эзар цинц хуьли дIа-схьа йоьлхуш, юха а гIовттий изза деш, гIел ца луш, шайн гуш воцчу мостагIчуьнца къуьйсура цара. Массо а дийна хIума хи тIера дIадайнера: жегийра катерш а, беза маьхьаш лиэло даккхий кеманаш а — мох кхоьтийла йоцчу тийначу меттигашка, бердаш кIел дIасхьа дигна Iалашдеш латтош дара; чIерийлиэцархой а, шайн гIирсаш дIа а хьерчийна, хIусамаш чубирзинера. Стелахаьштигаш санна шайн тIемашца къегаш, цу буьрсачу тулгIешна юккъехула, шайна ижо лоьхуш лиэлаш, цхьана а заман чохь кхерам хIун бу ца хиъна, хIордан лечарчий доцург хи тIехь кхин хIума дацара...

— Алексей Ванич, гIовгIа яьккхина хи маца дIатуьйр ду техьа?..

ЧIерийлиэцархойн коьртехь волу Алексей тобанехь массарна а дуккавезара иза шовзткъей шийтта шо долуш воккха стаг хиларна а, цу хено иза ца сатторна а, шовзткъа шарахь Къилбседанан буьрсачу дарцой, нуьцкъалчу шелоной цуьнан юьхь яхчорна а, Алексей Ваиич тIахъаьлла, даим синкъераме забарш еш хиларна а.

— Вайца и бегаш бан кхо де-буьйса делла цунна лакхарчо, сан вежарий! — аьлла, жоп делира цо велакъажарца накъосташна, амма массо а кхетара цуьнан гIайгIанечу забарх.

— Делахь хIета томка даго мегар ду-кх!

— Дера дикачу чIерийлиэцархочо иза а ма до; чIерий даций — мецачу чоьнна тIе цигаьрка узу. Амма гIел ца ло. Коьртаниг иза ду.

ЧIерийлецархошна иштта денош гIайгIане а, сингаттаме а ду. Адамаш совца меттиг ца карош дуьйлалой хьийза, дерриге газеташ а, журналаш а, мосуйттазза юх-юха шаьш дешначу цIечу сонехь хевшина Iа, гайна амал бан гIерташ ена гондахьа а хьийза. ГIайгIане воьжначу Алексей Ванича адамашка бахаман кегийрачу белхашка кхойкху, цаьрца забарш ян гIерта, амма кху сохьта цхьа а синкъераме ца во, массеран а ше-шен безам болчухьа сатуьйсуш ю ойла... Кхуза чIерий лиэца вогIуш дина хьесап хIинца шен дохарна гIайгIа хилла ву массо а.

— ХIара ду-кха и — шекаран бердашца шурин хи! — аьлла, доккха садаькхира Матвейс, дегIана зоьрталчу, сов лер доцчу тийначу стага, — йочана а йоцуш хаза де лаьтташехь, хIара стенна хьердалла...

— Дашо Заполярье ю-кх дехачу соьмашца схьакхайккхош, — аьлла, ца вешаш, тIетуьйхира, оьзна чекхъяьккхинчу цигаьркех кIур баккха гIертачу Хобата.

Алексей оьгIазе хьаьжира Хобате, цунна жоп луш санна:

— Соьмаш-м вертана пхьуьйшел а деха ду, — аьлла, тIетуьйхира Хобата.

Алексейна дика вевзара и цIе йоцу стаг. Хобат — цуьнан цIе яцара. Шен адама цIе цо яйъинчул тIаьхьа наха арахь, цуьнан юхь-сибатан тидам а бина, тиллинера цунна и адамана ца туьллу цIе. Оцу шен ткъе исс шарахь ворхIазза кху Заполярье ван кхиъна и бохуш дуьйцу. Амма цкъа а ша тIелаьцна хан чекхъяллалц кхузахь ца соцуш: я цомгуш хуьлий, я дуьххьал дIа къайлаза кхузара водуш, юха а керла болх бан тIелоций, ахча а оьций и молуш, халкъана зен деш ваха Iемина стаг ву Хобат. Кху шарахь цо тIелаьцнера хьуьнан комбинатехь болх бан, амма схьахетарехь, цигахь а цо ша сиха вовзийтина таро яра. Алексейга са ца тохалора, иштта беркат доцчу адамаша хIара беркате мохк сийсазбеш дош аьлча.

— Сацийта, жима стаг, ма дийца вониг тхан меттигех лаций; хIара меттигаш башха ю, кхузахь адамаш дика а деха. И дика вахар хIун ду хаьий хьуна? И дика вахар халонах а ца кхоьруш, балхахь шен корматаллех сакъералуш вахар ду хьуна. Уьш ца дуьйцур вай хIинца. Цхьа кица ду: «шен дега хьаьжжина бу куйн а», — олуш. Цунний дайна, хьайн куйне хьаьжжина дара ахь дуьйцург-м. Уьш а ца дуьйцуш дечиг лахьо гIол хьайна.

Хобат туй а кхоьссина дIавирзира. Цунна чIогIа ца дезара шех лаьцна долу и бакъдерш дийцар.

— Суна стенна оьшу дечиг, — элира Хобата. — Со дечиг кечда веана ткъа? ХIан-хIа, Алексей Ванич, со сайн дешан да ву, со чIерий лиэца веана.

ОьгIазе цуьнга хьожуш куьг а ластийна, витира Хобат Алексейс.

* * *

Сарахь хин ловзар кхин а айалуш хьераделира, цуьнан гIовгIа тIеттIа чIагIлуш кхиарна дIо гена хIусмашкахь бийшинчарна хезаш яра. Малх дIабуьзича кхоьлина стигала латта керчича санна IаржъелIира. Буьйса юккъе яхача, хаьштакашца стигал а лелхаш, деттачу догIанан татано Енисейн гIовгIа къарйира.

Iуьйранна йолхалгIачух ах даьлча, луьста баьццара лекха берд санна лаьттачу хьуьнна тIехула, ирсе схакхетта мела малх бара. Буьйсанна бертадеана дIатийна Енисей хIинца цIенчу детех доьттина долуш санна хетара. Халла хаалучу гIа-бецан цIенчу хьожанаша хIаваъ цIандеш дайдинера.

И сахьт чекхдолуш гIовттийра Алексейс чIерий-лиэцархой:

— ХIей, хьоме адам Хобат, хьалагIатта, цкъа а набарх ца волуш вуьсур ву хьо иштта наб яхь. ХIалагIатта, сан ваша, дIахьажа кху махке!

Катоьххина гIаьттина хIума а кхаьллина, дIадолийра Алексейн звенос чIерий лиэцар.

Хедачу татанца, луьллано санна чIагаршца кIур а туьйсуш, шена билгалйинчу меттигашкахула доьду моторни кема, цо этIочу хин тулгIеш кIай мекхаш

санна тІаьхьа уьду. ЧІерийлиэцархой шай-шайн меттигашка бой таккхо хІиттича, иллеш а дека дуьйладелира.

Хьомечо ден цІен тІера,
Оьрсийн цу лаьтта тІера,
Днепран йистехь лаьттачу
Къеначу хьиэха тІера!

ПаргІата эшарехь декаш дІаоьхура илле шуьйрачу Енисей тІехула. Цу иллин дешнаша, дагах чІогІа кхетий, Алексейн бІаьргех а хи доккхура.

Алексейна дагадогІу и чІерийлоьцу бойнаш, моторан кема а доцуш, ахкаргаша аьгначу куьйгашца тиэкхийна. ХІетахь чІерийлиэцархойн хьал иллеш бохучохь дацара; лебедка йоцуш, шийлачу хи чохь дакъаделлачу дерзинчу куьйгашца, бекъа чІара беш даа рицкъа а доцуш, ийзайора и бой. ХІинца, ма дарра аьлча, илли ала дог догІийла ю. ХІара латта лардеш муьлххачу тІамна а дуьхьалвала мегар ду.

Алексей мотористана юххехь бой хи чу а тосуш Іеш вара, хьалха санна бердан йистерачу коьллийн тидам беш, бой юьжу некъ нийса Іалашбеш; бойна тІерачуьнга цо хаам бора, бой хорцу хан тІекхачаре а и хьожура.

Илли доьдура Іуьйренан паргІатчу Енисей тІехула, чІерий лоьцу бой юьжура Алексейна луъучу тайпана, и воккхавера къуоначу моториста кема хууш, говза дерзийча.

— Хьажал, Димка, мел хаза ду хІара! — олура цо мотористан хаьн тІе шен пхьаьрса гола а Іуттий.

Тийначу хи тІехула могІабинна Іохкура бойна тІехула тийсина кІайн дечиган тІассаш; хІинца цхьа километр сов го теснера цара.

ХIинца чIерий лоьцучу бойнан цхьа дакъа лебедки тIехь ду. ТIассийн сиз жимдала долало... чIерий лоьцу бой меллаша моторна тIейогIу, вукху моторо болх болабо, шозлагIа лебедка а болх бан йолало; тIассийн го хIинца хIор минотехь гатлуш лаьтта, бой тIелеIар чекхдала гергадахана, хIинцца тIекхочу чIерийлецархоша чIогIа сатийсина уггаре а мехала мур: бой язлой юхаузу техьа, я ца узу техьа, чIерий мел ду техьа?

Хинца, чIерашца бой герга кхочу, бердах хьалагIерта, чIерий, оцу гаттера довла меттит лоьхуш, деттадала дуьйлало. ХIинца гуш ю церан кIайн мокха якхий пелагаш.

— ЧIерий ду, кхузахь чIерий ду! — олу цхьабосса дукхахболчара.

Эххара, тIелеIначу бойнан кес когашна хьалха, гIамара тIехь, йоккха гомаш санна Iуьллу, даьхна чIерий бIаьргашна хьалха ду: хьийкъина можагеш долу осетраш а, ерстина стерлядаш а, шурул кIайн кIеда жижиг долу чир а массо а дика чам болуш долу мерза чIерий — детийца къиэгаш ду малха кIел, царна юккъехь иштта къиэгаш: нельма а, сиг а, пеляд а суйнаш туьйсуш еттало. И дерриге а дийна рицкъа дзтеха лиэпаш, детталуш ду, селхана Енисей санна карзахдаьлла.

— ХIей, сан адам, Хобат, муха хета хьуна тхан мохк? Муха ду тхан Енисей? — аьлла, верриге а велавелла, мекхаш а тодеш, хаьттира Алексей Ванича, сакъераделла лаьттачу Хобате.

ХЬУЬНХАХЬ

Пхийтта сов кІур а болуш кІотар ю Полой. ХІара санна йолчу меттигах кхузахь станок олу. Полой кІотарна дехьа шовзткъей итт километр гена, Енисейн тогІичуьрчу акхачу хьуьнхахь бу, кхузахь цІеяхана буьйцуш болу Мурам-Іам. Цу боккхачу Іоман йистехь лаьтта Игаркин чІерийн заводан чІерий лоьцу пункт.

Мурам-Іоман дика цІе мича бахьаненна йоккху ала хала ду: цу Іамчуьра лоьцу и нисделла суьлакчІерий бахьана долуш йоккху, я цу Іома йистехь вехаш волчу кхаа—веа стагах тамаш беш йоккху. ХІара кхойтталгІа шо ду, шен звеноца болх а беш, Игарка районехь гІарваьлла чІерийлецархо Виктор Разин цигахь вехаш волу.

Дукха хан йоцуш воьдийла хилира сан и Разин волчу. Ваха дийзира сан виллина хьуьнчухула дІа. Со ваханчу муьрехь Іам тІе боьдуш берг атта некъ бацара: кхузахь ког баькх-баькхкхинчохь лаьттачу Іаьмнашна а, татолашна а тІехь бина ша бацара, цу тІе цхьа де хьалха, кІорга ло а диллина, массо а некъан лар дІахьулйинера кхузахь.

Соьца цхьаьна новкъаваьллера Кировн щIарах йолчу чIерийлиэцархойн артелера Зотов Николай. Зотовна хIара меттигаш дика евзара; кхузахь кхиъна, кхузара тIаме вахана, ша винчу махке болчу безамо тIом дIабаьллачул тIаьхьа вуха а кхуза валийна ву иза.

Цхьа комаьрша лекха, шуьйра хIоьттинчу элан холе гIоьртташ боккха малх таьIина-цIечу басца хьуьна тIехула гучу а баьлла, шурул-кIайчу лай тIе хьажийна бIаьрг ца сацалуш, къегина серло а яржош дIахIоьттира. И малх, оцу лекхачу базанийн генех а тийсалуш, охьашершинчу хенахь тхойшиъ вара, кIотара дIакхача иттех километр юьсуш, некъо гола туххучу кхаьчна.

КIотарахь ца соцуш, воьддушехь Iам тIе ваха барт а бина, аьрру агIор дIавирзира тхойша.

Сов чIогIа исбаьхьа, хаза дара хьуьнхахь. КIайчу масаран духарца долу дитташ жовхIарш санна хеталора, белшаш охьа а яхийтина пизаре тийна лаьттара уьш. Муьлхха а ахь аьлла дош, кхолха айлой, деха зов хуьлий духа догIура хьуьнахара: яйн кхетта лун берг а, олхазаро диттах тоьхна зIок а, гIовгIа а хьан лерга юххехь хезаш дара хIинца хьуьн чохь, геннахь лай кIел декачу жимачу шовданан тата а дара детталуш. ХIаваъ дара цIена а, чекх са гуш а.

— Эрна ца безабелла хьуна хIара хаза мохк, Николай, — элира ас сайн некъахочуьнга, Iаламо дог дикадеш сакъераделла.

— ХIара хьун бахий ахь, хIара мохкий! Хаза хилла ца Iеш, чот яц кхуьнан хьолан. БIаьста кху Iаьмнаш чохь, хиш чохь хьесап доцуш шорта чIерий

ловзу; гурахь — хьуьнхахь ког баккха меттиг йоцуш хьийкъина цIазамаш, мангал-комарш, цIен а, Iаьржа а смородина хуьлу, хIор га а саттийна кхозуш базанан бIараш ду. Ткъа толлийла бахий ахь, толлийла! ХIор дитта тIехь бохург санна олхазар хуьлу, хи чохь чIерий санна хьуьн чохь лиэлаш: кIайн пхьагалш, цхьогалш, тарсалш, росомахаш... наггахь соболь а карайо. Кху махках воьлларг, — элира Николайс, — ненан некхера берал а хала ду кхунах ваккха. Ахьа айхьа мало ца йичхьана хIокхо хьо вох а вийр ву, вуза а вийр ву, вижа а вийр ву.

ХIинццалц тийна вогIу сан некъахо хIинца верриге а велавелла, ца соцуш къамеле ваьллера.

Тидам беш хьо дIахьаьжча бан а бара тхан некъ массо а агIор хьуьн чохь дехачу акхароша йитинчу лараша цистина: хIилланечу цхьогалша чIуг йиттина меттигаш а, сутар а, партал а йолчу росомахаша мIараш туьйсуш йина билгалонаш а, стешхачу пхьагало когаш текхош даьхна сизаш а эделлера кхузахь. Николай лерина хьожура хIор ларе а, дитташка а, цаI лоьхуш санна. ЦIеххьана саца а сецна, цхьана базана тIехь Iечунна (суна гуш-м хIумма а яцара) топ туьйхира цо. Мичара дели ца хууш, цIеххьана схьаиккхира тарсал, гаьн тIе охьа а хиъна, кхераделлачу цо шен месал цIога букъа тIедижийра, туьтеш санна къиэга шен беца-басара бIаьргаш лерина тхоьгахьа а дерзийна, сецира иза.

Юха а, цIеххьана, топ кхоьссира Николайс, генех а тийсалуш, охьадуьйжира тарсал.

— Муха хиира хьуна, Николай, иза цу базанна тIехь дуйла? — Тамаша беш, хаьттира ас, юха а шен топ юзуш воллучу Зотовга.

— Иччархочунна хала дац и хаа,— элира цо.— Тарсалан лар кху базана юххехь яйна, ткъа мичхьа хила дезара и, лар хIинца а йовха хилча.

Со веа кхеташ вацара цунна тарсалан лар хIинца а йовха юйла хаарх. Цундела ас и шега хаьттича, Николайс резахилла дийцира:

— Селханлера лар, масала, ахь кIел куьг а дахийтина лай тIера схьаэцча, куьйга тIехь йохац, сташ чIагIъяла кхиъна дела, ткъа хIара гой хьуна,— аьлла, лар йолччу кIел куьг а дахийтина схьаэцна ло кари тIехь жарж санна даьржира,— хIара юху ята ца кхиъна дела. Таллархочунна толлучу хенахь тидам а, хIилла а чIогIа оьшу.

Суна и санна хаа лаьара стенна туьйхира цо ша дуьххьар кхоьссина топ, хIунда аьлча базана тIехь хIетахь гуш деа хIума дацара.

Николай велакъежира:

— Таллархоша санна тIе а вахана, цу тIехь экха ду-дац хаа, диттах хIума ца тохар ас йина мало яра. ХIума тохаран меттина, ас топ туьйхира. И ю-кх цуьнан къайле а,— элира Зотовс.

Тхо некъ беш дара. Мурам-Iам тIе кхача хIинца а йисина дикка меттиг яра. Со гIор кхачош гIелвеллера, гоьллеч башийна ши ког, даш санна баз а белла, кхин дIа некъ бар лалуш бацара, юьхьа тIера охьаоьхуш догIа санна хьацар дара. Суо лаьттачохь, гIургIезан месаш санна, кIедачу лай тIе охьа а воьжна, наб ян лаьара. Амма, цIеххьана гора а вахана, топ хьажийна дIахIоьттинчу Зотовга хьаьжича, цхьана минотана дайра сан гIелвалар. «ХIинца стенна хьежайо техьа цо и» — аьлла, тидам беш сецира со, хIунда аьлча шурел кIайчу, шерачу арахь

гуш хIумма а дацара, Николай са ца доIуш, топ а хьажийна лаьттара.

ЦIеххьана топ елира.

Гена доццуш, нуй санна лаьттачу, жимачу дакх юххехь и ло санна кIайн лекъ кхосса а делла охьадуьйжира. Вуьш тIема девлла дахана, тхуна гена ца довлуш лайла охьахевшира.

Тамаш бина а веравацара Николай-х. Кху новкъахь, хьуьнахахь стагана мел оьшург шеца лелош хилла-кха цо. Меллаша четара схьа а яьккхина, сихха шена тIе кIайн оба а юьйхина, соьга кхузахь саца а аьлла, тийна, текхаш лекъашкахьа вахара иза.

Дукха хан ялалий тIе-кIел шозза топ елира, цул тIаьхьа масех минот яьлча кхо лекъ а буйнахь новкъа велира Николай.

Сов чIогIа хIоьттина кхечира со, сан накъосто воккхавеш:

— ХIара ду-кх и Iарч,— аьлла, цIе яьккхинчу метте.

— Кхузахь-м ма дац цхьа Iарч. Кху меттигах хIунда олу Iарч? — хаттар дира ас Зотовга.

— Кху меттигна и цIе тиллина тохара цхьана заман чохь тхан колхозникаша Iам тIе кхаччалц некъ боккхуш масех варданан Iарч кхузахь кегделла дела,— аьлла, жоп делира сан накъосто.— Мурам Iам тIе кхача хIинца а ах некъ буьсу вайшинна. Некъахочо, са а доIуш, цигаьрка узуш меттиг ю хIара.— аьлла, кхузахь дIакхоьссина Iуьллучу цхьана тишчу салаз тIе охьахиира Николай.

ЦIеххьана схьаиккхина, оцу сийначу базанан генашна юккъера шерачу майдана а яьлла, охьахии-

ра ло санна къайн пхьагал. Сихха дІа а вирзина, пхьагална топ хьажийра Николайс. Шена кІел еана Іожалла ца гуш, хІинца а цецъяьлла, хорша еача санна ега а еш, лаьттара пхьагал. «ЦІеххьана тІе куьг а диллина, ас шен топ охьа таІийча, Николай, соь схьахьаьжжинчохь висира.

— Цхьаммо эккхийна лиэла-кха и миска, йитахьа и кхузахь яха,— элира ас Зотовга.

Ас бохург шена хІун ду хиъча санна, корта охьа а бахийтина, кхин цкъа а тхоьга схьа а хьаьжина, яьлла яхара кІайн пхьагал.

ХІума а кхоллуш дика садаьІира охашиммо кхузахь. Ша хиинчуьра кхин хьала ца гІоттуш, таллархойн дахарх лаьцна шена дагахь лаьттачех цхьадерш дийцира суна сан накъоста.

— Цкъа кхузахь садоІуш волуш,— элира цо,— цу дІорачу лекхачу дакх тІехь Іеш гира суна йоккха тодакх. ХІетахь Іам тІера вогІуш вара со. Ма дика суьйранна пхьор ду-кха хьо, аьлла ойла йира ас. Амма топ тоха со хьалаайвелча, гІовгІанца тІам а тоьхна, гІаьттира тодакх, и санна суна генахь йоцуш Іеш хиллера шозлагІниг, иза а иштта со волчуьра дІахаьрцаш айелла яхара. Иштта дІадахара сан ас цкъа церг хьакхийна пхьор!

Сан хаза сакъерадолуьйтуш, тхойшиннан вуха а новкъа вала дезар суна диццдолуьйтуш, хийла кхин а толлуш шиэца хилларш дийцира Николайс. Амма, цхьа хІума тамашена дар-кха: Кировн цІарах йолчу артелехь, Зотов Николай гІараваьлла дика таллархо велахь а, цуьнан таллархмел долу дийцарш, Зотовн аьтту боцуш чекхдовлуш хилар.

— Николай, ткъа цхьана а хенахь ахь толлуш

кхин аьтту ца хилла хьан? — аьлла, ца Iевелла, хаттар дира ас дийцархочуьнга.

— Ой, аьтту муха ца хилла, хилла дера-кха аьттунаш-м. Башха тIера вац со аьттонаш бийца. Аьтто дика бу-кха хилча, ткъа бийцина хIун до цунах.

Духа а новкъа девлира тхо. Суьйранна пхьор диинчул тIаьхьа некъ бан хало дара. Хьуьна чу теIаш суьйре яра, де чекхдолуш, кхузахь «верховка» олу, шийла мох хьаькхира, бумбареш санна даккхийра дуькъа ло доладелира, хьуьнах мел дерг цхьа сира бода хилла, даьржинчу хи чохь чул башха хIума ца къаьсташ дукъделира. Хьуьно къорра узарш дора... Тхан некъ цкъа а хедара боцуш санна бахбелира. Со, кхоччуш гIорах ваьлла, хьуьнхахь буьйса яккха кийча вара. Делахь а, Зотовс, хIинцехIинце дIакхочу вайшиъ бохуш, дог ира хIиттош, такхийна вуьгуш вара. Юьхьанца цунах тешаш, сайн дашал базбелла когаш ма хуьллу хьалха туьттуш, цунна тIаьхьара ца хедаш воьдура со. ТIаккха сайн некъахочух тешам байча, цо хIуъу аьлча а вист ца хуьлуш дIаоьхура.

Цундела сан дешархо кхетар хира ву-кх, хьалха цхьа гIийла седа санна богуш къида, цул тIаьхьа дукха хан ялалий хьуьна юккъехь, жимочу гIишлон Iаьржа гIаларт гучудаьлча суна мел хазахетта. И гIишло йолчуьра лиэташ схьахьаьлхинчу жIалеша гIовгIа еш ерриге а хьун аййира.

«ХIара ю-кх оцу «Разинан и гIала»—сайга Николайс аьлча хIинца дIакхаьчна хила мега тхо аьлла, кIеззиг дог тийра сан.

* * *

Разинан хIусамехь йовха а, пергIат а дара. Стоьла тIехь йогуш горга милт йолу йоккха лампа яра, неIаргехь довха садоьIуш чуьйнан пеш лаьттара. Стоьла тIехь доминох ловзуш кхо-виъ къуона стаг Iара, баьрчехьа хиъна ов таеш Iеш, белшахь шуьйра волуш а, дегIана зоьртала а чIерийлиэцархо вара, 35—40 шо хан хир йолуш; цуьнан стаммечу пIелгаша каде лиэлабора дечиган маха. И вара Виктор Разин.

— Марша догIийла шу, марша! — хьеший бахкарна дог реза хилла жоп делира цо оха шега хаьттинчу маршаллина дуьхьал. — Шу дикка хьалхе догIур бохуш Iийнера тхо-м.—Делкъал тIаьхьа нисса сахьт даьлча Iаьрчехь ша шун лар хадийра бохуш, дийцира соьга тхан таллархочо Петр Дибиковс.— Цунах хуур ду сохьтехь шина километрал сов аппшимма некъ бина ца хилар,— дерзийра цо.

Таллархочо Петр Дибиковс дийцина хиллера Разине:

«Сурсаташ а, хIоъ-молха а, газеташ а дахьаш со ширчу Игаркера юха а вирзина Iаьрчал тIехволуш вара делкъал тIаьхьа сахьт даьлча, цигахь кхуза шу долчу вогIучу шина стеган лар карийра суна. Со хьуьн чохь хьаьвзина царех хьалхаваьлла, уьш а хIинцца схьакхача мега. Суна хетарехь царех, «Дюбек» цигаьркаш уьйзург гIали тIера ву, важа тхайниг ву, «Ракета» а уьйзуш — кху сохьта а тхан кIотарахь йолуш ю и цигаьркаш. И гIали тIераниг сов чIогIа кIадвелла хуьлу таро ю, вехха лай тIехь аркъал Iиллина иза; ткъа, тхан кIотархо — хи тIе а вахана, ло дIа а даькхина, цо хи а эцна, цул тIаьхьа уьрсаца еха гIаж а яькхина»,— бохуш.

Юха а цецвелира со, сел чехка а, нийса а и таллархо хIуманах кхуьуш хиларх. Цо ма дийццара дан а дара массо а хIума. Со аркъал вижина Iиллира, ткъа Николай — хи тIе а вахара, уьрсаца гIаж а яькккхира.

Довха чай меллачул гIаьхьа тхуна меттанаш дехкира сейн цIокарчех. ЧIерийлиэцархой массо а охьабийшинера. Виктор Кузьмича, цкъа ша чиркх байале хьалха, стоьлан цхьана соне куьг Iоьттира — девзаш долу тата делира; цул тIаьхьа цхьа минот ялали йист йоцчу хьуьнан дукъачу Iин чохь хезаш Чайковскин «ГIургIезийн Iам» балетан музыкан аз дара. Музыкан хазар цхьа тийна сов хаза, аз цIена дара. Виктора ша дIавуьжуш, резахилла, элира:

— Приемник тIех дика ю. Доцца аьлча — «Даймохк».

Iуьйранна сой, Зотоввий бархI сахьт даьлча хьалагIаьттира, амма чIерийлиэцархой боцуш бара. Уьш тоххаре хьуьнчу баханера, акхарой, олхазарш лиэца шаьш доьгIначу гурашка хьовса. Пхьагалшний, мошанашний талла дика мур бара хIинца берг. Исс сахьт долуш бухабирзира таллархой, цкъоцкъамаш а тIехь лоша а буьзина, шортта ижу а йохьуш. ХIума а кхаьллина, цигаьркаш а оьзна, шаьш Iам тIе боьлхуш тхоьга а кхайкхира цара.

Мурам-Iам боккха бу, нурхалла ялх километр сов хир ю. Цхьайолчу меттигашкахь чухула лиэла мегар долуш гомха а бу, и санна йолчу меттигашкахь буткъа ангали санна сирла ша бу. Ша боцчу кIоргешкахь лоьцу кху сохьта чIерий.

Iуьйре мох болуш яра, хьоькхуш берг, кхузахь «северянка» олу, шийла мох бара. Ша а биллина

дIабижаза болу Iам, дарделла экха санна, карзах-баьллера; тулгIе кест-кеста, цхьаммо чийлак чуьра схьаластийча санна, йогIий кемана чу кхетара. Сой, Зотоввий тхаьшшиннан кеманахь Разинна юххехь вара. Кема ша а лиэлош, эвнашка хьаьжина чекхволуш вара иза. Ша эвне хьаьжина ваьлча, дагахь цхьацца хIуманаш туьдура цо, тIаккха кема дIа а доладолуьйтуш шен накъосташка олура: «ХIара чIерий лецар дац! Буьйсанна хийцина эвнаш кхочухьа йогIа еза, дIолакха йистехьа»! — Iоман вукха агIор куьг а ластош. Ша ма бохху чIерий лиэцалуш ца хилча, эвнаш йоьгIна меттигаш сихонца хуьйцура цо, «шортта чIара» шена карабаллац — уьш долу меттиг лаха мало а ца еш. И яра Разинан «кхиамийн» къайленах цаI.

Делкъанна массо а цхьана гулбелира; юург а вовшийн гIо а деш цхьана кечйора, бертахь, вовшашца забарш а еш. Жимчу коллективана юккъехь чIогIа уьйр хилар хаалора массо а хIуманна тIехь. Iам тIехь масех де тхаьш доккхуш, цкъа чIогIа дош цара вовшашка олу ца хезира тхуна. Шайн хьомечу тхьамданан буьйранах кхуьура кегийрахой цуьнан багара ах дош доллушехь. Сакъералора хьеннан а цу жимчу тобане хьоьжуш — барт цаI болчу, могушчу, цу дуьне дезачу нахе хьоьжуш. Суьйранна чубирзича вовшашца даггара къамелаш тасалора церан, амма болх кхузахь а ца буьтура; эвнашна, я жIаьлийн гIоматашна лол бетташ, вандийн гIирсаш кечбеш хир бара кхузахь а.

Пхи-ялх де даьлча Мурам шена тIе гIагI а дуьйхина «сецира» — ша чIогIа биллинера Iам тIе, болх цIе яьлча санна кхехка болабелира. Са ма хилла

дIа буьйлалой чIерийлецархой, жIаьлеш а дужий, Iома тIехула лелий, делкъанна салазаш юттий чIерий а дахьаш богIура пункте. ХIума юучу хенахь а дуьйцуш дара Викторан мичхьа, хIун чIара бу, муьлха ов хийца еза, муьлхарш чIагIъя еза, бохуш. Делкъера буьйсанна дикка хан яллалц чIерийлецархойн хIусам юха а еса хуьлура.

Амма Разин цкъа а тоам беш вацара ша динчух. ЧIерий алсам хIун дича дахалур ду хаа лууш хуьлура иза виллина.

Цкъа цхьана сарахь Викторан воцуш цуьнан жIаьлеш цIа а даьхкина боьхна бисинера тхьамдин кегийрахой. Буса итт сахьт даллалц Iийра уьш и хIинци-хIинций вогIу бохуш. Iома тIехь карзахбаьлла хьоькхуш, кхузахь «хиус» олу буьрса, юьхь яго шийла мох бара; борз санна угIуш лоьллура цо юьхь Iийжо дарц, цу дарцан шовкъ еана кхесаш хьерчара ша тIехула, цIийза а цIийзаш, лаьхьа санна шок а етташ.

ЧIерийлиэцархойн хIусамехь орца делира: звенолелорхо тилавелла! ЦIахь мел верг аравелира латийна хаьштигаш а лестош, тоьпаш а етташ, амма цунах гIуллакх ца хуьлура. ТIаьххьара а сацам бира цара: массо а и лаха аравала, амма оцу минотехь карчийна богIу лон межарг санна веана чу велира Виктор Кузьмич. Шек а воцуш бедарш дIайохуш воллура иза, тхан кхерадалар тхуна тIех а детташ: «Кхераделлерий шу? Со вайна аьлла хаам бан дохку хирдара шу»,— бохуш.

Хьуьнхахь, Мурам-Iоман дехьа йистехь шен чумехь вехаш ву кху кIоштахь гIараваьлла волу таллархо ненец Пингагир, иштта говза вара и ненец

чIерийлиэца а. Цуьнца доттагIалла лиэладора Разина, чIерий лиэцарххий, талла эхарххий лаьцна долчу гIуллакхаш тIехь кест-кеста цунах дага а волуш. ХIинца а и волчу вахана, цуьнца къамеле ваьлла хьевелла хиллера Разин.

Къаьсттина чIогIа тидам бора Виктор Кузьмича чIерийлиэцархойн гIирсийн. И гIирсаш то а цо бора, церан говзалла лакха а цо йоккхура, цкъа а мало ца еш кхечарех дага а и волура.

Цкъа, цхьана буса, хан яьллачу хенахь тIаьххьара керла хаамаш схьакхайккхабора радиос. Схьакхайккхош дерг: Горький-гIаларчу автозаводан белхалоша кхушара дуккха а керла говзаллаш гучуяьхна, бохуш дара.

— Дийца пайдехьа дерг долуш-м вай а ду! — элира Виктор Кузьмича. Шен накъосташка а хьаьжина, церан бартаца дуьйцуш санна дийца волавелира иза, цкъа а ца хиллачу тайпана дика, кхушара чIерийлоьцучу гIирсашца кхачамбина чIерийлиэцархой хиларх лаьцна. — Кхин бала ца хьоьгу цара хIинца бамбин тех йина йолчу эвнашца; хIор ши-кхо де мосазза дели уьш якъаеш бала а ца хьоьгу, царна лол а ца бетта, хIунда аьлча, массо а эвнаш хIинца дикчу тех еш хиларна — уьш тIех чIогIа а хуьлу, хих кхоьруш а яц. ХIинца болу хьовзам стенах боллу аьлча, и мIерий шайх тосу тIергаш бамбин тех йина хиларх боллу; уьш атта яхкало. И тIергаш а дикачу тех йина елхьара дика хир дара. Амма уггаре а коьрта воних кхин цаI ду; эвна тIехула тесна пиллагаш ледара ду, уьш кевстиках дина хуьлу, эвна тIехула тесна пиллагаш бекъачу кIожамах дина хи-

ла деза, буха теснарш а дукха хьолехь тIулгаш хуьлу, цига тесна а даш хила деза.

— ДIа ладоьгIча кIезга ду а моьттуш, иштта новкъа гIерта хIуманаш кхин ду тхан балхахь. ДIа канцеляри чохь Iеш болчара цаьрга башха ла а ца дугIу, я уьш ду дац а ца хаьа царна, шайна ца гун дела. Цкъа-м кхочур вара со оцу заводан хьаькамашна тIе,— элира Разина, кIеззиг ойла а йина,— дан дезарг дина уьш бовллалц церан кочара охьа а ца вуссуш Iен.

* * *

Иштта вехаш ву-кха Мурам-Iома йистехь Разин шен накъосташца. Оццул ша кхузахь хан йоккхуш цхана а дийнахь шен кхиамах тоам а хилла паргIат ваьлла вац Виктор Кузьмич. Цундела тиллина цунна накъосташа «Балхо тиэм байъинарг» цIе а.

Кху тIуьнчу Iома йистехь тийна хуьлу, масала, чIерийлиэцархой шайн кеманаш тIехь, дети санна лепаш ловзучу хин тулгIешка, чIерий лиэца бахача. Иза а кIезга ца хуьлура, хIунда аьлча:

«КIезга лаьцна, кIезга! — олура Виктор Кузьмича накъосташка, ов хьала мосазза яькккхи а,—хIорш-м дац, вайна оьшучуьнга ладоьгIча, хIорда чу боьжначу тIадамалла бен. ХIора син цIарах шовзткъей пхиппа центнер чIерий а лоцуш чекхъяккха еза вай хIокху шеран белхан раж»,— аьлла, ондда декхар тIедиллинера Разина шен накъосташна.

Мохе дIа ца кхоьссира чIерийлиэцархоша шайн тхьамдин дош. Массара а цхьабосса тIелаьцнера — шеран декхар шалха кхочушда.

ЧIерийлиэцархойн дош гIуллакхана нацкъар ца даьллера.

Шо чекхдаьлча, бина болх багар а бина:

— ХIа-хIаний, кIентий, муха хета шуна,— аьлла, вела а къежаш, хаттар дира цо накъосташка,— кхочушдина я ца дина вай вешан дош? Баькхкхина я ца баькхкхина вай хIора сий цIарах шовзткъей пхиппа центнер дика чIара?

Цхьаберш, ойла еш, кортош охкийна Iара, шаьш бинчу белхан дагахь хьесап дан гIерташ, вукхара бехкала бахана кеп а хIоттош элира:

— Дера хаац тхуна-м, оха мало а йина хIума кIел ца дисна-м моьтту... Ахь хьесап дина таро ю, алахьа, вайн белхан шо чекх муха даьлла?

— Баркалла хуьйла шуна, накъостий. Вешан эвнаш чуьра, хIора сий цIарах кхузткъей кхойтта центнер дика чIара белла вай кху шарахь заводе. Реза дуй шу цу балхана? — хаттар дира Виктор Кузьмича накъосташка.

— И дика ду! Болх иштнехьа бина ца хилла вай! — элира цара тIе-кIел. — Кхин а дика хир бара вайн болх хIара йочанаш новкъа ца гIиртинехь.

— Со а ву реза,— элира Разина, шен ира, бехачу мерах цигаьрканан кIур а хоьцуш. ТIаккха тIевахана, гезгамаша санна ша лаьцначу коран бIаьргах куьг а хьакхина арахьаьжира иза. — Амма шегара догIург дерриге схьа-м ца делла шуна цо вайна, аьлла. Iоме а хьаьжина вуха вирзина Виктор Кузьмич гинчунна хуур дара: «белхан йист яц шуна, накъостий!» — цо бохийла.

Сан дешархочо тидам бина хир бу, со Зотовца новкъа волуш кIеда диллинчу лай кIел дека шовда-

наш а хезаш зама яра, ткъа хIинца Разинан йовхачу хIусман корана а ша бина, хьалхе дац техьа и аьлла.

Iаламан хийцамаш сиха хуьлу ккхузахь. Чекхдалалий де, мел лахара а, ворхIазза хийцало; цкъа малх хьожу, тIаккха догIа догIу, лоха шийлачу мохаца йогIий Iаьржа морхаш хIуьтту, тIаккха а къегий малх ккета. Иштта хийла хийцамаш хуьлу ккхузахь цу цхьана ткъех денна йогIучу аьхка.

Ткъа, Iа ккхузахь, оцу шен исс-итт баттахь, цхьана эшшарехь лаьтта; шийлачу мохо датош, таIийна кIоргга ло а дуьллий, чиллана кIужалш санна массо а сера тIе кIац а юьллий дIахIутту гIорийна дуьне; кIац ккхузахь август баттахь юьллу, сентябрь беттан хьалхарчу денюшкахь ло дуьллу, и бутт чакхбалалий массо хи а, Iам а гIорадо. Iа юккъе кхочуш шело 55—60 градусе кхочу. Цу хенахь арахь хаалуш болу хийцам — делкъехь цхьана сахьтана таьIано суьйре тIееача санна де сирла долу, важйолу зама, даима а бохург санна, хIоьттина дохк а долуш, буьйса ю.

Хьешана дикачу ден хIусмехь Iуьйранна хIума а йиина со Зотовца новкъа волуш иштта шийла яцара. Селхана хьекхначу мохо тIера ло дIа а дехьна ангали санна шера Iам тIера ша а гуш екхна, тийна Iуьйре яра арахь.

ЦIа ван ара ваьллачу тхойшиннан некъ дика а беш, Разин шен накъосташца чIерий лиэца вахара Iам тIе, тахана, 17-чу ноябрехь, тIедогIучу шеран план а йолош.

ХЬАЛХАРА У

1. КХУЗАХЬ ГІАЛА ХИР Ю

КІай-Іаьржий басар хьаькхна, «Кооператор»—хІорда кема, тІаьхьа тесна доккха баржа а долуш, дуьзинчу боларахь Къилбаседехьа догІуш дара. Некъан ворхІалгІачу дийнахь, хІинца Полярни аьлла цІе тиллинчу, марс санна гомачу гІайрена тІех а даьлла, хІордачух тера тулгІешца шуьйра догІу хи тІехьа а дитина инзаре йоккхачу айманах терра долчу Татол чу дирзира и кема... Татол аьлча и цхьа мухха а татол ду аьлла хета тарло хьуна, дешархо. Игаркера Татол юккъерачу барамехь ткъа метр кІорга ду, ши километр гергга шуьйра а долуш.

...ТаьІана-сира стигал догІанан мархашца яра; тІех буьрса охьа охкаелла уьш, бІаьстенца даьржина деанчу доккхачу тІе а йийшина текхаш йогІура. Тоххура кхузахь мараиккхина полярни буьйса а дІа Доккхачу Лаьтта тІехь хуьлучу кхоьлинчу дийнах таръеллера.

Кема а, тІехьатесна баржа а доьттина адамашший кирий дара; царна тІехь дара аьчган машшийн оьр-

гаш а, хьостамаш а, яьшканаш а, тачканаш а, херхаш а, биэлаш а — доццца аьлча гIишлошъярхошна мел оьшург а.

Вовшийн бевзина а, дагахь дерг дийцина а бевлла некъахой, аганахь санна хин тийначу тулгIеша техкош, бехачу некъо гIелбина, чIогIачу набаро тхьовсийнера.

Кеманан лакхарчу уча воккхучу ламин ялкханах а тевжина, еха бертигаш йолу хьаьхьамачан эткаш а когахь лаьтташ дегIана зоьртала, хан яьлла стаг вара. Иза «Северстройн» урхалча Борис Васильевич Лавров вара. Цо хIинца ойла йора керла гIишлошъяран а, цкъа а адам ца даьхначохь мел оьшучун а. Цу дерригенах а лаьцна цо хIинцале мосуьйттазза кIамел динера массо а некъахошца.

КIеззиг букурдоьлла дегI хьала а нисдина, Лавров бIаьрг тIера ца боккхуш хьоьжура буьрсачу хьуьнца айлуш болчу легIанчу хин бердан йисте; таьIано дохк лаьттачу арахь, цкъа а соцур дац хIара аьлла хетардолуш, цхьа сингаттаме кегийра дерза догIура, цунна кIел тийна лаьтташ, цхьана а адамо ког ловзаза акха хьун а яра.

ДIакхочуш дохку, бердан йисте доьрзу хан хилла... ДIо-о кIайчу декхийн тоба йоллучу — бIаьрг кхетча евзина меттиг дагахь билгал а йина, капитанан рубки чу хьала боьду ламий болчухьа дIаволавелира Борис Васильевич. Юха а цIеххьана ойла алсам а яьлла сецира иза: «Йилла езарг гIала ма ю, цигахь йиллича бакъахьа хирий техьа иза?»

Борис Васильевич тохура хьалха цкъа хиллера цу бердан йистехь. ХIетахь экспедицийца баьхкинчара ца элира черчийн аганна муьлхачу агIор йилла еза

и гІала кхузахь. «Уггара хьалха хааза а ца ваьлла кхуза ваха хууволчо ша къастадойла кху цхьабосса бегІийла болчу хин бердан йистехь и гІала мичахь латта еза бохург», — элира Пара хІетахь.

«ХІан-хІа, дІогахь йилла еза», — сацам а бина, легІанчу бердан уггар а айеллачу меттехь ойла еш санна гулделла лаьттачу кІайчу декхнашка хьоьжуш, юха а чехкка лами тІехула хьалаволавелира Лавров. И, тийна аре айя санна, «Кооператоран» цІестачу зурманера хІаваъ дегош деха цІогІа делира, жІаьлех леташ санна, къоруо йийкира якорийн зІенаш а. Цкъа шен пхьаьрсах долчу сохьта тІе а хьаьжна тІаккха кхоьлинчу стигала бІаьрг а тоьхна, нах кхин а бийшина Іаххийта, — аьлла, дІахьеда дагадеара Борис Васильевична, амма оцу минотехь кеман тІехь мел верг меттахъхьайра.

— Накъостий, дІакхаьчна вай! ХьалагІовтта, дІакхаьчна вай! — мохь беттара мохарчий йолу пазатан коч а тІехь, яшаза маж йолчу къуоначу стага.

Юьртара кхуза вогІу къуона стаг, комсомолец Науменко Андрей цхьа латтаахкаран бен кхин говзалла йоцуш вара. Ша винчу Боготолехь избачан болх беш хиллера Андрей. Амма, Енисейн Заполярье караерзош болийнчу балха тІехь комсомоло хьалхара дакъа лаца деза, аьлла, Комсомолан Новосибирски крайкомо схьакхайкхийча уггара хьалхарчу магІаре хІоьттира Науменко.

...ГІовгІанца охьабуьссуш бара кеманара. Бердан йисте а дохуш, охьадохкуш хьарчийна гатанаш а, аннаш а, биэлаш а, дагарш а дара... Ехачу баржийна хьалха хІоттийна тІорказийн, хьерчийначу мотт-гІайбийн, юург чохь йолчу яьшканийн, галийн, стоь-

лийн, гІантийн — цхьана дашца аьлча, вахархочунна мел оьшучу хІуманан баьрзнаш дара.

— ДаьдатІа кху гІуллакхан! Хьовсийша, хІара гІура гой шуна, — элира Бочаровс, тІуьнчу сазлаьттах бел а Іоьттина.

Пах санна кІедачу лаьттах атта чу яхана Бочаровн бел, таьІано-сийначу басахь ша гучу а боккхуш, цу тІехула цІевзина дІаяхара.

— Хьовсал, хІара гой шуна? — аьлла, шах бел туьйхира Никитас.

— Мох ма оьгІазе а бу! — аьлла, белшаш чу уьйзира цунна уллохь лаьттачо.

— Делахь а вахалур волуш меттиг ю хІара, накъостий, —аьлла, дог ира-кара хІоттийра Андрейс.— Хи мел доккха ду! Ткъа хьун... Талла дика меттигаш!

— Экха муьлха ду техьа кхузахь?

— Цхьа лом доцург, кху дуьненахь тоьлаш мел дерг дера ду, — элира, хьалха кхуза веана леллачу Науменкос.

...Цхьа дечиг охьа а тоьхна, буйнахь диг а долуш кхечунна тІе ваха гІулч яькхира Андрейс. ЦІехьана шен когаш кІел олхазаран кегий кІорнеш а чохь бен гира цунна. Йишйоьхна олхазар, охьатоьхначу кІайчу дакха тІехула орцанца хьийзара бен хІаллакъхиллачу кІорнех ца далалуш, Андрейс меллаша и бен кІорнешца схьа а эцна, юххерачу базанан гаьн тІе биллира. «Кхузахь вахалур ву», аьлла, сацийра цо, кхин цкъа а сакъераделла олхазаре а хьаьжина. Юха а айдина диг туьйхира Андрейс четарш дІахІитто хьуьна кІелхьара хьалхара метраш цІанъеш. ХІора диг тохарна дуьхьал шийлачу

мохо цхьа дера угIарца жоп луш санна хетара цунна, амма Андрей оццу шен синкъерамечу бIаьргашца хьоьжура массаьрга а, къийса а, тола а кийча ву ша, бохуш санна. «Къуоналла, ахь ца ловш хIун ду? И далур дац боху дош — хьан маттахь хила догIуш дац» — дагадогIура цунна и шен хьоме дешнаш цхьана халчу метте нисвелча.

...Наха цхьана бертахь тIетаьIIина бухйохуш дIаяьккхира татолан бердан йистера акха хьун, уьшалш таьIна меттигаш а, дIа а шаръеш. Кху хаъал шийлачу арахь, цхьалха а бевлла, кIур гIаьттина тIера хьацар охьа а оьхуш бора къуоначар болх; оцу буьрсачу, къизачу махке хам боцуш чIир хьейича санна гIевттинера уьш, Къилбседанан Iаламан хала гIиллакхаш хуьйцуш, и мохк къарбина карабало бинчу сацамца.

ТIейогIучул башха хаа ца луш дIа а яхара полярни буьйса, къегано-сийначу стигалхула сихъелла чIагаршца дIаоьхуш яра мархаш, царна юккъехула схьакъедира, цкъа а дIа ца бузу ала мегар долуш болу полярни малх.

Цхьайолчу таьIинчу меттигашкаххьий, луьстачу коьллаш кIеллий наггахь гуш йолу кIайдаргаш йоцург, массанхьара а ала мегар доллуш ло дешнера; амма массо а маьIIехь хаалора, адам ца даьхначу, акхачу лаьттан шийла садеIар.

Луьстачу хьуьна юкъахь, тийначу Татолан берда тIехь, тIееанчу Iуьйренца дIахIиттира кIайчу четарийн хьалхара могIанаш. Оцу четарийн «гIалийна» гена доцуш дIатоьхна кIайн гуш дара дечиган хьостамийн могIанаш: иза ен йолчу, аннаш дохучу заводан билгало яра.

«Кооператор» кхузахь оьшург а дахьаш кхин цкъа а духа дан дагахь, юханехьа новкъа делира.

Дерриге а адам чу ца тарлуш готтачу четарш чохь, хьалаоьллина диг ца галла кIур хIоьттинера, Iазарт бахана наха ден къамелаш хезара царна чуьра схьа; кхузахь ца къуьйсуш хIума дацара: когах хьарчочу гатанна тIера дуьйна, пачхьалкхан юкъарчу доккхачу гIуллакхан биста кхаччалц шадерг дуьйцуш, хIораммо а олура шена хетарг. Амма доллучунна коьртехь лаьттарг—ян езаш йолу аннаш доху завод яра. Мел дукха стаг вахарх хIара санна йолу буьйса цкъа бен цунна тIехIотта тарлац. Цундела кхузарчу нахана хийла дагахь лаьттар ю 1929 шеран июль баттахь Игаркин Татолан бердан йистехь шаьш охьадиссийна буьйса, цхьана а адамо ког баккхаза акха хилла хIара хьун, когаш кIел кевстиг санна тIуналла ситтина хIара латта,кху акхачу хьуьна юккъехь «Игарка», цIе а тиллина шаьш дIахIоттийна кIайчу четарийн гIала.

2. ГIИШЛОШ ЕЧУ МАЙДАНАХЬ

ГIишлош ян къастийначу майданахь латта ахка долийнера. Латтаахкархойн балха тIехь куьйгалла деш Андрей Науменко вара.

Когашна а, биэлашна а кIел сийсаш чорпа санна коча сацкъар бара, латта охкуш кIорге кхаьчча гIорийначу лаьттах а етталуш биэлийн ира юьхьиган екара. БIе шарахь кхуьуш дIаихинчу орамашца бухдохуш дара дитташ, хьацар даьллачу нехан яххьашний, тIадийначу кучамашний тIера ийалу Iаь шийлачу арахь дохк санна лаьттара... ЗIокберг а, бел а, тачка а, диг а, херх а, морзах а — массо а хIайт

мохо цхьа дера угIарца жоп луш санна хетара цунна, амма Андрей оццу шен синкъерамечу бIаьргашца хьоьжура массаьрга а, къийса а, тола а кийча ву ша, бохуш санна. «Къуоналла, ахь ца ловш хIун ду? И далур дац боху дош — хьан маттахь хила догIуш дац» — дагадогIура цунна и шен хьоме дешнаш цхьана халчу метте нисвелча.

...Наха цхьана бертахь тIетаьIIина бухйохуш дIаяьккхира татолан бердан йистера акха хьун, уьшалш таьIна меттигаш а, дIа а шаръеш. Кху хаъал шийлачу арахь, цхьалха а бевлла, кIур гIаьттина тIера хьацар охьа а оьхуш бора къуоначар болх; оцу буьрсачу, къизачу махке хам боцуш чIир хьейича санна гIевттинера уьш, Къилбседанан Iаламан хала гIиллакхаш хуьйцуш, и мохк къарбина карабало бинчу сацамца.

ТIейогIучул башха хаа ца луш дIа а яхара полярни буьйса, къегано-сийначу стигалхула сихъелла чIагаршца дIаоьхуш яра мархаш, царна юккъехула схьакъедира, цкъа а дIа ца бузу ала мегар долуш болу полярни малх.

Цхьайолчу таьIинчу меттигашкаххьий, луьстачу коьллаш кIеллий наггахь гуш йолу кIайдаргаш йоцург, массанхьара а ала мегар доллуш ло дешнера; амма массо а маьIIехь хаалора, адам ца даьхначу, акхачу лаьттан шийла садеIар.

Луьстачу хьуьна юкъахь, тийначу Татолан берда тIехь, тIееанчу Iуьйренца дIахIиттира кIайчу четарийн хьалхара могIанаш. Оцу четарийн «гIалийна» гена доцуш дIатоьхна кIайн гуш дара дечиган хьостамийн могIанаш: иза ен йолчу, аннаш дохучу заводан билгало яра.

«Кооператор» кхузахь оьшург а дахьаш кхин цкъа а духа дан дагахь, юханехьа новкъа делира.

Дерриге а адам чу ца тарлуш готтачу четарш чохь, хьалаоьллина диг ца галла кIур хIоьттинера, Iазарт бахана наха ден къамелаш хезара царна чуьра схьа; кхузахь ца къуьйсуш хIума дацара: когах хьарчочу гатанна тIера дуьйна, пачхьалкхан юкъарчу доккхачу гIуллакхан биста кхаччалц шадерг дуьйцуш, хIорамма а олура шена хетарг. Амма доллучунна коьртехь лаьттарг—ян езаш йолу аннаш доху завод яра. Мел дукха стаг вахарх хIара санна йолу буьйса цкъа бен цунна тIехIотта тарлац. Цундела кхузарчу нахана хийла дагахь лаьттар ю 1929 шеран июль баттахь Игаркин Татолан бердан йистехь шаьш охьадиссийна буьйса, цхьана а адамо ког баккхаза акха хилла хIара хьун, когаш кIел кевстиг санна тIуналла ситтина хIара латта,кху акхачу хьуьна юккъехь «Игарка», цIе а тиллина шаьш дIахIоттийна кIайчу четарийн гIала.

2. ГIИШЛОШ ЕЧУ МАЙДАНАХЬ

ГIишлош ян къастийначу майданахь латта ахка долийнера. Латтаахкархойн балха тIехь куьйгалла деш Андрей Науменко вара.

Когашна а, биэлашна а кIел сийсаш чорпа санна коча сацкъар бара, латта охкуш кIорге кхаьчча гIорийначу лаьттах а етталуш биэлийн ира юьхьигаш екара. БIе шарахь кхуьуш дIаихинчу орамашца бухдохуш дара дитташ, хьацар даьллачу нехан яххьашний, тIадийначу кучамашний тIера ийалу Iаь шийлачу арахь дохк санна лаьттара... ЗIокберг а, бел а, тачка а, диг а, херх а, морзах а — массо а хIайт

аьлла хьийзара кхузахь. Оцу дедайн хенахь дуьйна бевзаш, чолхе боцчу белхан гIирсаша говзачу адамийн керахь доккха а, мехала а гIуллакх дора завод юьллуш.

Ницкъ а болуш, шуьйра белшаш а йолуш волчу Никита Бочаровн керара балхахь биэлан гIаж кагъелира, цо дагарца керланиг йира: дика-м хилира и гIаж, амма Никитин дегIаца ца йогIуш йоца яра Латтаахкархоша баккъаш хьала ца таIош уьшалан шаткъа дIатуьйсура биэлашца, амма ор цхьана а сантиметрана кIарг ца лора.

— Дала хIаллакбарг, бухбуьйлуш бу техьа хIара? — аьлла, холчу хIоттарца садаькхира Бочаровс, — цаI ца дича кхунах-м дош хир дац.

Андрей биэл схьа а эцна леррина хьаьжира уьшале, тIаккха ор йисте а хIоьттина ахка волавелира иза.

— Харш даккха деза, тIаккха шаткъа таьIинчу агIор дIагIур бу, — элира цо, кхайкхина кхо-виъ стаг шена тIе валийна, харш даккха латта а охкуш.

Хударх тера коча хатт баьржинчу можачу шаткъаца меллиша готтачу хоршахула дIаболабелира.

— ХIара ду шуна и ницкъаца ца далург говзаллийца дан деза бохург. Андрюша вайн инженеран метта ву, — бохура Никитас, шен биэлаца, шуьйрра дIа-схьа шаршош, хоттан чорпа сихха дIа а лоьллуш.

Делкъал тIаьхьа лелхарийн татанаш дуьйладелира. Уьш хилира цхьабосса тIе-кIел, юкъа хан а юлуш. ГIорийначу лаьттан яккхий гIорзанаш хоттан

хударца цхьаьна, даккхийчу диттийн кондарш санна, хlаваэ хьалаоьхуш яра.

Тlадийначу аннийн некъашна тlехула техкаш дlаоьхура тачканаш. Тlах аьлла цхьа къуона стаг шашега дов деш вара. Андрей цунна тlевахара; къуоначу стата чlогlа дов дора некъа тlера тачка, цуьнан чlург ерриг а хоттала а йоьдуш, уьн тlера охьаэккхарна. Андрейс, тlаьхьарчу когаш тlехь хьала а айъина тачка некъа тlе яьккхира.

Дlо генахь цаI, дукъон юьхьиг а лаьцна, мохь бетташ вара: «Хlа-хlа-а, айбалаш! Цхьабосса, айба...» — бохуш. Уьш дечигпхьераш бара.

— Хlе-хlе-ей! Хезий шуна? Дукъош схьада, дукъош! — бохуш, диг а лестош, мохь беттара царна гена воцуш лаьттачо.

Дагарийн татанаш, херхийн цIийзарш, аьчгийн декарш, адамийн аьзнаш — уьш дерриге а ца соцуш кхузахь хьоькхучу мохо генна хьуьнах дlакхоьхьура.

Цlеххьана Килбседехьара схьахьоькху мох кхузахь да хилла чlагlбелира; тlех оьгlаздахана Енисей, макх а делла, экха санна карзахдолуш, бердан йистера кегийра жагlа а тlехь айбина тlовгlа еш гlаьттира. Цхьа юькъа мархаш санна айелла, нах четаршна кlел а ца буьтуш, хьийзина чуьркийн ардангаш а тlепаза яйра. Цул тlаьхьа, дукха хан ялалий, мох лагI а белла, серий санна раздаьлла кхоьссина догlа деара.

Нах, ца бевлла, болх а битина, четарш кlел бахара.

Догlа сецча, вуьшта а тlуьначу арахь хи чохь санна дара; тахана а, кхана а кху арахь болх бойла дацара.

Балхара паргIат бевлла нах. Енисейн бердан йистехь яккхий цIераш а латийна, чIерий дохуш бара; хIуъу дина а четарийн гIалахь ца тоьу жижиг а, даьтта а метта хIотто дезара.

3. ПХЬАЛГIА

Завод ян йолийнчу майдана юххехь, уй а, хьокхий а вовшахтоьхна, тароне хьаьжжина динчу ргIу кIел чехкка етташ жIаьвнаш яра — сторпалш вовшахтосчохь оьшу даккхий мIерий, винташца аьчган гIорашший, кIомсаршший, уьш санна гIишлошна оьшу кхин гIирсашший беш бара аьчгапхьераш. Цу пхьерех шиъ рельсех яьккхинчу цхьана юьхка тIехь болх беш вара.

— Дакъаза бовла и вайна гIирсаш латтораш, тахана мосалгIа де ду цара нуьйжа ца луш вайша лиэло, — аьлла, эккхийтира аьчгапхьерех оьгIазвахана цхьаммо, ведйинчу рельсан юьхкан меттина кхин схьа а оьцуш.

— Завод еш ду вай, ткъа ур-атталла и пайдабоцу нуьйжа а яц,— аьлла, цул а ца вешаш, жоп делира шозлагIчо, хьекхийна, тиша фуражка а тиллина Iаьржачу аматахь волчу, кIеззиг йиш халарна гIоргIачу озаца.

— ХIара-м хиъча нах кхарддал хIума ду,— аьлла, юха а юккъе дош кхоьссира хьалхарчо.

— ХIун ду кхузахь ткъа хIинца вай кхарддал? ГIуллакх сиха ду, дерриге а цхьанаметте нис ца ло, — элира шен дуткъа цкъоцкъамаш кIеззиг мерадукъ тIе а узуш, ханна воккхо волчу, пхьалгIахь яхчийна юьхь а йолуш волчу аьчгапхьеро. Цуьнан цIе Иван Пахомович Ходков яра.

— Муха тарлур ду ткъа, Пахомич, пхьалгIа нуьйжа а йоцуш хила?

— Иштта тарло, гой хьуна, иштта тарлур ду, — дош хадош элира къеначу пхьеро, буйнарчу морзахана юккъехь йоллу цIиййина винт а хьовзош.

— Кхаа баттахь завод йина яла еза! И саннарг хьанна хезна? Вай кхолха болх бичи а, кхаа баттахь завод йина муха девр ду? — бохуш, тIе-кIел хеттарш деш ца къарлора Iаьржачу аматехь верг.

— Хезна, иза а хезна, Степан, и цкъа а ца хезнарг дина аьлла хазийтар дай доккхачу гIуллакхан коьрта дерг-м. Иза а ца дича-м вай лиэлош дерг пайдабоцург дарийца,— элира, шайн декхарх кхеташ, къеначу пхьеро.

— Мехалниг-м дера дара иза, амма муха далур ду оццул доккха гIуллакх кхаа баттахь?

— Дукха дика далур ду, — аьлла, юха а Iаьржачунна реза воцуш, вистхилира Пахомич. — Хьайга хьажал хьо! МосалгIа де ду ахь дийнахь бан беза болх шалха кхочушбе?

Степан вист а ца хилира. Иза ша дика белхало вара, кхузахь болх бан волавелчхьана дуьйна хIор денна шен белхан ши норма кхочушйора цо. Цунна Ходковначул а чIогIа лаьара шаьш йолийна гIишло йиллинчу хенахь йинайолийла, амма даима сиха а, синтем байна а волчу Степанна, мухха делахь а, шаьш болх меллаша беш санна хетара, цундела оццул кIезгачу хенахь дойра дуй техьа тхо завод йина, бохучух чIогIа шек вара.

ПхьалгIи чу веара, белхалочун сийна бедар а юьйхина, лохочу дегIахь волу цхьа къуона стаг.

— Иван Пахомич,— элира цо Ходковга,— лакха-

ра охьа керла баржа деана гІирсаш а бахьаш, цу тІехь пхьалгІина оьшу гІирсаш а бу, вола шайна оьшург харжа.

— Баркалла хьуна. Тхо хІинцца цу хьокъехь къамелаш деш дара, — элира Пахомича, Степане а хьожуш.

Къена пхьар беза, такхийна ког а боккхуш рагІу кІелхьара аравелира, аьчгапхьерашка болх чекхбаккха а олуш.

Ходков Степанца цхьаьна, технически склада юхехула, кемана тІера схьадогІу машшаш дІатаса йоьгІна керла утармаш а гуш, гІирсаш бахьаш деана баржа долчу бердан йисте воьдуш вара. Аьтту агІорхьа боьду некъ гІишлош ечу майданахь Іохкучу коьчалшна юккъехь дІабовш бара.

— ДІахьажал хьо,—аьлла, муьшка йира Степанна Ходковс.—И хьаладевлла пІендарш муха хета хьуна?

Ах дуьне а къагийна схьакхеттачу суьйренан маьлхан зІаьнаршна хьалха инзаре хаза гуш яра заводан пенийн лекха чарх, хІинца а ца совцуш, хІайтъаьлла цигахь болх беш болу нах.

Степан дагахь воккхавеш хьаьжира заводан гІишлон ах сов йина яьллачу чархе. Кхин хІумма а ца олуш шен дагахь ойла йира Степана: «ХІара-м дика дара... Дахар сингаттаме ду-кха, банехь а кІезга лийчар хуьлу, цамгарш лелхарх а кхоьру... Кестта тІедогІуш Іа ду. Эйт мажа-яІ! Халонаш-м, хьо ваха, кхин а тийсалур йолуш ма ю».

— Атта гІуллакх дац хІара, Степан, — аьлла, цуьнан дагахь долчушна жоп луш санна, вуха а вистхилира Иван Пахомич. — Цкъа а адам ца даьхначу а даьхкина даха хевшина вай, тІаьхьарчу тІахьа-

лонна а аьлла кхузахь гIирсаш беш ду вай, Степан. Цкъа цхьаммо дуьйцур долуш даккхий гIуллакхаш ду хIорш, Степан,— элира къеначу пхьеро, шел' хьалха баржи тIе ваьллачу Iаьржачу пхьере, хьала вала, куьг а кховдош.

4. ДАЙМАХКО—ИГАРКИНА

Бердан йисте дIахIоттийначу «ЕП 17-5» баржи тIехь яккхий яьшканаш яра, тIехь яздина: «Игарка, Севенстрой 1929 год» а долуш.

Сакъералуш, гIовгIанца дуккха а нах баьхкира баржа яссо, шайца дечиган туьппалгаш а, лоьмаш а, машшаш а дохьуш.

— ХIей, вежарий, хьовсийша, Москвас яийтина вайна, Москвас, — бохуш, верриг вела а къежна, воккхавеш мохьбеттара лохочу дегIахь волчу зоьрталчу къуоначу стага, цхьана яьшке тIехь яздина: «Москва, з-д «Красный пролетарий», — шена дайча.

— Ткъа кхуза хьовсийша: «Ленинград», «Одесса», «Красноярск», — бохуш маьхьарий деттара вукхара.

— Кхуза хьовсийша, кхуза, вай-м массанхьа а девзаш хилла, — бохуш, дозалла а деш, баккхийбера къуона игаркахой.

Ма дарра аьлча баржина тIехь дан а дара мел оьшург: нуьцкъалчу цIеран яйна тIера, аннаш дохучу херхийн раманашна тIера, ханнаш керчочу лебедкаш тIера, кегийчу хьостамашна, уьш дIатухучу жIаьвнашна тIекхаччалц, вайн боккхачу Даймехкан массо а маьIIера гулбина гIирсаш бахкийтинера кхуза.

Баккхий беш, дозал дойла дан а дара нахе кхаьчнарг дог лозуш, дас санна гулбина бара гIирсаш.

Енисейн атагIачуьра хIара акха а, еса а Заполярье, кху лаьтта хIонсах мехкан бахамна пайда а оьцуш, пролетариатан центр ян еза — иштта декхар дара ккуза баха баьхкинчарна хьалха хIоттийнарг, цундела махко мел оьшург хьежадора ккуза.

— Иван Похомич, алахьа, хIара муха карчор бу кху тIера охьа? — хоьттура Ходковга Бочаровс, ойла йоьхна цIера ена гондахьа а хьийзаш.

— Охьа-м карчалур бара хIара,— элира къеначу пхьеро. — Халаниг-м хIара дIа тIе баккха дезар деца,— ойла еш, лекхачу берда тIе дIахьаьжира Ходков.

...Буьйса юкъал тIехъяьлла хан яра. Къеначу пхьеран бригадо къепалга тIера схьа а еана зIарзакъ берда тIе а яьккхина, йисте дIахIоттийнчу хенахь, малхо хи тIера нилхачу дахкаран кескаш аййина дIакхоьхьуш яра. Баржи тIера, и цхьа цIера яй боцург, дерриге а кира бердан йисте хьаладаьккхина даьллера.

Яй а баржи тIера охьа а баьккхина, цхьана, дехачу гIош тIе а биллина, маххьаш уьйбучу зIарзакъца хьалаоза дIатесна лаьттара.

— ХIа-хIан, кIентий, цхьабосса схьалацалаш, — аьлла, мохь туьйхира Никита Бочаровс, массарел хьалха зIарзакъан милка тIерачу цергах а тасалуш.

— Цхьаъ-шиъ, озабе! Кхин цкъа а, озабе! — бохуш, тийначу хи тIера шийла хIаваъ дегош, хезаш дара аьзнаш.

Ена тIаьхьабевлла нах, баккхибеш, хьомечу динан гоъ тIе санна цунна тIе куьйгаш а детташ, шайн кхнамех хастамаш беш бара.

Яй бердах хьалабала цхьа метр сов йисинчу хе-

нахь, мІерах тесначуьра дІа а иккхина, муш, лаьхьа санна, юханехьа кхоссабелира, ткъа и инзаре боккха яй, цхьа тамашийна бегийна бердах чу а кхозабелла, меллаша буханехьа чутекхира.

— КІентий, сацабелаш! — аьлла, мохь туьйхира тІаьрсиган тужурка а юьйхина, ондачу дегІахь волчу стага, и йоккха аьчган чарх сацо уггаре е хьалха ша кІел а эккхаш. Иза вара Виктор Семенович Лопатин — «Севенстройн» парткоман секретарь.

Массо а, цхьаъ санна, парткоман секретарна тІаьхьа а хІоьттина, чубожжа боллу яй сацо шайн догІмех дуьхьало а йина дІахІиттира.

ТІекхиинчу кхечара гІоьнна кІел пурх дукъо а тесна дІачІагІбира наха сациЙна яй.

— Охьаховша, кІентий, цигаьркаш узур вай. Жимма хІара чуьркаш юхакхета а мега вай кІур эккхийтича, — элира Лопатина, чІоггІа чуьркашна шен буйнара тІуьна йовлакх а ластош.

Виктор Семенович шен кисанара схьадаьккхина томка чуьра доккха гІутакх нахана хьалха охьа а дуьллуш, охьахиира. Массара а цхьана гулбелла охьа а хевшина, буькъа кІур а хІоттош цигаьркаш уьйзира, цхьана къеначу пхьеро хІинца, ша гуттар а олуш долу «мегар ду», элира.

Іаьржа марха санна кхоьлина Ходков, хІинца а берда тІе баькхина Іуьллучу ена хьалха хьийзаш вара. Шена тІехь жІуга йина чуьркаш къахко гІерташ, оьгІаз а вахана, хьаж тІе а, вортан тІе а тІара деттара цо.

— Пахомич, хьо хьанна оьгІазвахана? — аьлла, хаьттира цуьнга Лопатина шен екъачу юьхь тІехь хаадаллал велакъажарца.

Ходковс корта а ластийна, вайвелла садаькхира.

— Дика ду-кха гІуллакх кхин зен доцуш дІадирзина, — элира цо, жимма вист ца хуьлуш а лаьттина. — ХІинцца хьаьжича кхийти-кха со, вайна тешнабехк бинарг муьшах во бина шед хиларх.

— Бакъ луьй хьо, Пахомич, — аьлла, реза хилира Лопатин. — Мегар а дац аьчган муьшана шед кІомалан муьшана санна бан.

Парткоман секретарна хаьара адамийн дог-ойла ир-кара хІотто. Белхан дахарехь мел жима хІума а ца дуьсура цуьнан тидам тІе ца кхочуш. Цул совнаха, леррина йолу технически образовани шен йоццушехь, Виктор Семеновича вуно чехка а, дика а кхетадора боккхачу бахаман технически гІуллакхаш, цундела баккхий инженераш а цуьнгара Іемаш меттигаш хуьлура.

«Адамашна хаа деза шайн гІуллакх, шайн декхарш, кхана шайна хьалха хІутту дерг», — олура Лопатина. Цундела дуьйцура Виктор Семеновича кест-кеста белхалойн собранешкахь докладашца а, лекцешца а хьалхарчу пхеашеран планан декхарийн хьокъехь а, Къилбседе караерзорах лаьцна а, цунах хинйолчу тІаьхьалонан хьокъехь а.

— Дуьйшу хан хилла, кІентий,— элира Лопатина, сохьта тІе а хьаьжина.

Стигал, цІен-сийна лиэпаш, сов чІогІа екхна хаза яра. Адамаш четарш чу а дахана дІадийшича а арахь лаьттарг сирла-сийна полярни аьхкенан буьйса яра.

Хин йистехь, дукъош берда тІе дохучохь, буьйсанна болх бан керла баьхкина нах бисира.

5. ЛАЬТТА ТІЕХЬ ДІАЙИЙНАРГ ХИР Ю...

Вуно готта а болуш, луьстачу хьуьна юккъехь халла гуш, когаш кІел, тІуналлийна, назбар санна сетта а сетташ некъ бара Науменко Бочаровца цхьана хин йистехула хьуьнца дІавоьдуш берг. Хих вала хІума нислахь Ширачу Игарке а гІор вайша, цига ца вахалахь, хьуьнхахь карийначу экханна топ а тоьхна — жижигана амал а бер вайшимма, — аьлла, ойла йина араваьллера и шиъ.

Сов инзаре хаза яра оцу сохьта хьун а, гондахьара Іалам а. Стигал сирла-сийна яра. ТаьІна-сийначу басахь долу хи наб озийначу инзаре доккхачу экханах тера дара; цуьнан таьІано-баьццара бердаш дІо генахь хин доза доцуш санна йоккхачу аренца дІадовш дара. ХІаваъ тийна дара, и дукха тийна хиларна, цхьанхьара-м шера схьахезаш яра жимачу татолан гІийла гІовгІа.

— Мел дика а, акха а ю-кха кхузахь хІара меттигаш, — элира Бочаровс, хьуьна чу а хьаьжина. — Адамо-м ца биллина хьуна хІара некъ.

— Ткъа хьан биллина хІара? Алахьа, — хаттар дира Науменкос.

— Акхароша, — аьлла, кхин ойла а ца еш, жоп делира Никитас.

— Хьуна стенах хаьа иза?

— Кхуза, схьахьажал, — элира Никитас, охьа а таьІина, некъа тІе пІелг а хьажош.

Новкъахь ян а яра экханан керла лар.

— Андрюша, дІахьажал,— аьлла, къоро вистхилира Бочаров, сихонца пхьарс лаьцна шен накъост дІа а озош.

— Черчий яц уьш? — элира, халла са а доккхуш, Андрейс.

Черчий яра хи тІера тогІий чухула хьуьнца хьалайоьлхуш. Хьалхаевлла, качъелла техкаш, ловзуш дІаоьхуш шаре йоьвлла хила мегаш чан кІорнеш яра, царна тІаьхьа хІоьттина дІа-схьа а хьоьжуш, паргІат боларца йоьдуш къена ча-нана яра.

Черчий дикка генахь яра, делахь а Бочаровс шен белшах кхозу топ чехкка схъаийцира. Топ елира. Къена ча-нана тІаьхьарчу когаш тІе а хІоьттина, шен месала корта а ластийна, хІумма а кхераялар доцуш дехо угІар а эккхийтина, оцču боларца шен кІорнешца луьстачу хьуьна чохь къайлаелира.

Дерриге а дицдина, черчийн шек ца йовларх тамаш беш акъ а ваьлла лаьттара Бочаров.

— Царна хаьа хьуна шаьш кхузахь шайн меттахь юйла, — элира цо, черчий къайлаевлича, реза воцуш шен накъостехьа а вирзина.

— Шайн майра бералла духа а оьзна, кІеззиг вайна кхузахь меттиг яла-м дезар ду хьуна церан,— аьлла, жоп делира Андрейс. — Амма иштта топ кхийсарх-м уьш шек а евр яц.

— Кхин хІу дан дезара ас?

— Хьажийна тухур яр-кха.

— ХІорш а ду новкъагІерташ,— аьлла, тоьпан юьхьигца шена хьалхара хьуьнан генаш дІа-схьа теттира Никитас.

— Бахьна-м таллархочунна карор дара,— элира Андрейс цунах ца вешаш.

— Бахьна каро-м дера ца гІертара со, Андрюша. Кхин алахьа соьга: масала, вай завод йина девлачул тІаьхьа кхузахь Іен ойла ю хьан, я яц?

— Заводехь болх хьан бийр бу ткъа вай дерриге а дІа-схьа дахача? Іийр ву дера-кх вайшиъ-м ккхузахь,— аьлла, хадош шаьшшиннех а жоп делира Науменкос.

Бочаровс цунна дуьхьал хІумма а ца элира. Иза ша а вара цунах иштта кхеташ: ткъа болх хьан бийр бу берриге а дІа-схьа бахача? Делахь а цхьаннахьа а ца соцуш лиэла Іемина Никита керлачу меттехь бен сакъералуш вацара. Цундела цхьа тІишло йина йоллушехь вукхунна тІе боьду некъ лохура Бочаровс, ткъа хІинца Андрейх къаста а ца лаьара.

— Кхузахь меттигаш вон хета хьуна? — хаттар дира цуьнга Андрейс. — ДІахьажал, мел паргІат ю хІара йист а, чаккхе а йоцу ареш, хиш, хьаннаш,— аьлла, шена гонах шуьйрра куьйгаш дІа-схьа тесира Науменкос.

— ГІум-сацкъар вовшах а ийна чорда латта дукха хьаьжича гуш дерг. Йист йоцчу арахь дІатесна шортта корсам а ю, юкъ-юккъехь баккхий бІаьргаш санна Іаьмнаш а лаьтташ,— бохура Бочаровс, реза воцуш. Хьун юьззина хІара наьІалт хилларш а ю,— аьлла, оьгІазе куьг ластийра цо тІехьийзачу чуьркийн мархашна.

Хьаьжина малх а боцуш таьІинчу арахь, кхеккийна схьабаькхинчу ена тІехь санна, цхьа хала тІуьна йовхо лаьттара. ТІе а лиэташ хьащар дуьйлу дегІ вон къийзадора, хІетте а чуьркашна кІелхьара вала цаІ бен молха ца хиларна:

— ЦІе латае вайша,— элира Андрейс шен накъосте.

— ХІан-хІа, кхунах некъ хир бац, вуха воьрзур ву вайшиъ. Схьавало суна тІаьхьа, — аьлла, дІаозийра

Никитас Андрей, шайн некъ бухъхьа баларна бехке ерг шен дІа ца кхетта топ йолуш санна.

— Ой, собарде, хьо ма хьалхе дохковели некъана. Схьавало, схьавало. ДІа гуш долчу базанашна кІел гІур ву вайшиъ. Ас айса ялта дийна йоккха аре гойтур ю хьуна. — Мохо еттина, Іаьржачу аматахь йолу Никитин юьхь кІорггерачу ойлане хилира.

Бочаровна тІаьххье дІа а вирзина луьстачу синтаршна юккъехула, сункашна тІехула, цхьана а некъан лар йоцчухула дІаволавелира Андрей.

— ХІара ю и хьан ялта дийна шуьйра аре? — аьлла, хаьттира цецваьллачу Науменкос, йиъ сажа хиллал йолчу еакІов Іаьржачу майдане а хьаьжина.

— Ткъа хьуна хІун моьттура? Шуьйра ца хета хьуна хІара? Ас чул хьалха кху махкахь ялта цхьамма а ца дийнийла хаьи хьуна? ХІара-м сан хІара латта зен дагахь долийна гІуллакх ду,— аьлла, дийцира Никитас. — Схьахьажал хьайна,— аьлла, меллиша сийначу зІийдигана тІе куьг дахийтира цо.

— ХІара-м буц ю хьуна,— элира Андрейс, шен Іеминчу бІаьргашца чхьоран зІийдиг а евзина.

Никитас деха къийсира Андрейца иза картолан зІийдиг ю бохуш, ткъа, и цунах ца тешча баьццара зІийдиг схьа а яьккхина, цуьнга а хьаьжина, халахетарца яр дІаккхоьссира Никитас.

— Ас нийса бохуш хиллий хьоьга? — хаьттира Андрейс.

Бочаров вист а ца хилира. Цунна новкъа хетара ша сатийсинарг кхочуш ца хилар, шен лаам Іехабалар, ткъа уггаре новкъаниг — доттагІчунна хьалха

юьхьIаьржа хIоттор дара, иза а стенна: картолан ярах чхьора ца къасталуш.

— Маца кхиъна хьо хIара латта ахка? — хаьттира цуьнга Андрейс.

— ХIара аьхкинарг-м со вацара, Маня яра хIара болх бинарг-м. Хьовсур вай хIун хуьлу, хила а мегий кхузахь-м картолаш, бохуш чугIерташ яра и,— аьлла, дийцира Никитас.— Амма кхузахь лаьттаца бечу балхах дош хир ду аьлла хеташ вац со,— тIетуьйхира цо шен салтин эткан буьхьигца лаьттах мийра а тухуш.

Охьа а таьIна Андрейс куьйга тIе жимма латта схьаийцира.

— ХIан-хIа, кхузахь а дош хир ду хьуна ахь къахьегахь,— элира цо, шен букардаханчу пIелгашца тIуьна латта схьа а эцна. — Амма кхин цаI ду, къахьега деза кхуьнца, хьанда деза хIара.

Цуьнан дешнаш бакъда санна, дIахьаьвсинчу доттагIашна гира тIеяла схьа а къедда лаьтта картолан зIийдиг.

6. ПАРТИЙИН СОБРАНИ

ГIишлоян ехкина хенаш кIезга яра. Наркоматера кхаьчначу зIено тIедуьллура: 7-чу ноябрехь завод болх бан йолаялийта еза, аннаш дахаран программа тIе догIучу шеран 15-чу августехь кхочушъярхьама». Ткъа кхузахь тахана хи чуьра дукъош хьаладохучара программа кхочуш а ца йина,— берда тIе ца даькхина ши бIе дукъо, планаца даккха догIуш долу. Оцу гIуллакхаша сагатдина метгахбаьхнера «Севенстройн» коммунисташ.

Виктор Семенович Лопатина собрани дIа а йил-

лина, «Севенстройн» урхалча волчу Лавровна дош делира.

Меллашчу боларца веана, тІе цІен шаршо а тесна йолчу йоккхачу стоьлан маьІІе дІахІоьттира Борис Васильевич Лавров. Цуьнан керахь «топ» еш хьарчийна кІайн кегІат дара, цуьнан кегийра Іаьржа бІаьргаш жимочу зала чухула чехкка кхерсташ дара хІетта чубаьхкинарш охьаховшаре хьоьжуш.

— ТІеман кхеташонехь санна дІадоладер вай,— аьлла, хІинцца кху чу хІоьттина тиэра дохийра Лавровс. Цо кехатан кІайн «топ» яржийна, пхьаьрсан голанца саца а еш, шена тІера баганан дечиган сегІазан хьожа дІа а ялаза болчу пена тІе туьйхира. ТІаккха шен хьалхарачу доккхачу кисанара схьабаьккхина кІолам схеми тІерачу стомма яздинчу сийначу сиза тІехула дІабихьира урхалчо. — Кхузара, хІокху берда тІе кхузткъа эзар кубометр дукъош хьаладаха декхарелахь ду вай,— аьлла, юха а сиза тІехула къолам шаршийра цо,— болх машенашка баьккхина йоцчу вайн гІишлоечохь и гІуллакх чІогІа хала хиларна къера хила а деза вай.— Цхьа кІеззиг шен Іаьржа цІоцкъамаш а пулдина, ойла еш сецира урхалча. — И болх,— элира цо тІаккха а,— август бутт дІаболуш чекхбаьккхина хила декхарелахь бу вайн,— аьлла, хІора дош цхьацца-даьккхина, къастош олуш, шен къамел дина велира Лавров.

Цхьана минотана тийна лаьттира зала чохь.

— Ткъа белхалой, белхалой ма бац вайн тоьъарг, — элира цхьаммо-м ша Іеччуьра схьа.

— Кхузахь вайн болуш болчоьрца кхочушба беза, и болх,— жоп делира цунна Лавровс, дукъош берда

тІе дохуш болчу белхалошна юккъехь шена бевзаш болучеран бІаьра а хьожуш.

ТІаккха ша Іечуьра хьала а гІаьттина, къамел дира дукъош берда тІе дохучу бригадир волчу, тохара белхалой кІезиг бу, аьлла юкъаиккхинчу Муринкина. — Цо тахана балхахь хилла халонаш дагахь а йолуш, сихвелла, дохийна дийцира. Муринкинна дика хаьара, хІара гІуллакх боккха тІалам болуш дуйла а, шен хенахь кхочушдан дезийла а, хІетте а, и мел чІогІа гІертарх тахана а цуьнан бригадо норма кхочуш ца йира.

— Иштта йоккха гІишло еш хилча, дукъош берда тІе дохуш болчу белхалойн барам алсамбаккха беза...

— Белхан дикаллийца гІуллакх тода а хьажал хьо! — аьлла, мохь туьйхира цуьнга, ша Іеччуьра дІа Ходковс.

— Тхо иза дан гІерташ а ду, тхешан ницкъ ма кхоччу белхан хан Іалашъеш, болх эвсаре бан гІерташ а ду,— дуьйцура бригадиро. — Амма, белхалочуьнан цхьа километр гергга стомма дукъо куьйгашца керчо дезаш хилча, белхан эвсаралла лаккхаяккхар кІезиг хир ду, хьо мухха хьаьжча а.

— Хьуна хІун оьшу ткъа? — аьлла, тІетаьІина хаьттира цуьнга Лопатина.

— Белхалой.

— ХІинца мичхьара балор бу вай уьш?

— И хаац суна.

— Ткъа, хьанна хаа деза и?

— Дерриге а цхьана метта дІадоло дезаш ца хиллера,— аьлла, дохийна жоп делира бригадиро.

— Делахь хІета, завод ян еза, бани ца оьшу, бел-

халюшна клуб а ца оьшу, хьан доьзална чохь Іен хІусам а оьшуш яц. Алал, ишттa дуй иза? — Хаьттира цуьнга юха а парткоман секретаро.

Муринкин, кхин ала хІума а ца карийна, охьахира.

Зала чохь цхьана минотехь юха а тийна лаьттира, юххехь болчарна Муринкина хала садеІар а хезаш.

Зал чуьра шега схьахьоьжучара шега: «Хьо стенна воьхна? Вистхила, хьо-х бакъ луьйш ву»,— бохуш санна хетара бригадирна. Делахь а, ишттачу меттехь къийсаме валан шех ца хІутташ волчу Муринкина шен дагахь долу бакъдерг кІелдитира. Шен ирахь лаьтта хьаьрса цкъоцкъамаш мера тІе а оьзна, зал чухула дІа-схьа а хьаьжна, юха а Лопатинна тІехь совцийра цо шен бІаьргаш: «Хьо бакълуьш хилан а мега, накъост секретарь. Со кІеззиг воьхна хилан а тарло. ТІехІоьттича адамаша ца деш хІун ду... Ишттa дина далан тарло хІара а»,— ойла йора Муринкина.

Дош а эцна, къамел деш верг Иван Пахомович Ходков вара:

— Ма дарра аьлча аІта гІуллакх дац хІара,— бохура къеначу пхьеро, сих а ца луш. — Делахь, хІун дан деза вай, накъост Муринкин? Куьйгаш охьа а хецна хьоьжуш латта деза вай? Стенга? Ша билларей? Цуьнгара-м дера доккхур дац ахь тІамций бен цхьа дукъо. ХІан-хІа, накъостий, хьоьжуш латта мегар дац. Вай тахана бечу тайпана болх бан а мегар дац,— аьлла, аз а ойуш шен деза куьг ластийра пхьеро.— ЗІарзакъаш хІиттийна оха. Ткъа хІун пайда бу аш зІарзакъаш хьовха, варбазаш хІиттийча а, болх алсам болуш ца хилча? — аьлла, духа а хаьт-

тира цо. — ХIора белхалочо шен рожехь пхийтта дукъо даккха деза берда тIе, ткъа дуккхаболчара бархI-итт бен ца доккху. Цу балхаца-м, хьо ваха дац шен хенахь болх бина девр. Вай, коммунисташ декхарелахь ду гIуллакх вешан кера схьаэца а, хьалхелоша дIадаха а, Муринкина санна: «иза далур дац а», — ца бохуш. Дича далур доцуш хIумма а дац. Дерриг а далур ду.

— Вай ваьшкара дика некъ гойтуш хила декхарелахь ду,— элира, собрани чекхйолуш къамел дина чу парткоман секретаро. — Уггара коьртаниг гIишлошъечуьра белхалой декхар кхочушдарна юкъаозор ду. Нахана халахетар ду, нагахь дерриге а ваьшна тIе а эцна, вай дIагIертахь. Вай долийнарг доккха гIуллакх ду,—бохуш къамел деш вара Лопатин.— Тахана вайх кхузахь волчо мацца а цкъа дозаллийца эр ду: тхан хьоме гIала! Оха тхешан куьйгашца йина хIара, — аьлла. И вайна деза ду, вешан балхах тешна хила деза вай.

Собрани ях ца елира.

— Цу тIехь чекхдевр ду вай, накъостий! ХIинца бердан йисте гIор вай, цигахь болх беш болчарна кIеззиг гIо дер вай, доггаха хьаьвсича, царна цхьа пайдехь хIума гайта а тарло вай, — элира Лопатина собранехь болчаьрга.

Массо а коммунисташ, хьун хи чуьра хьалайоккхуш наха болх бечу — бердан йисте бахара.

* * *

...Хала а, чолхе а бу хьун хи чуьра хьалайохучийн болх, бохуш, ойла йора Лопатина, даш санна деза и тIеда дукъош, нищкъ ма кхоччу гIоьртина, хи чуьра

берда тIе дохуш бохку белхалой шена гича. — «Делахьа цхьа бахьана дича говрашца такхалур дацара техьа уьш?» — аьлла, дага тесча, массо а санна гасавелла, дIа хин йистехь дукъо текхош воллучу пхьере:

— Пахомич! — мохь туьйхира цо.

ЦIаста диллича санна, пхьалгIахь къагош шарйинчу шен Iаьржачу тужуркин пхьуьйшаца юьхь тIера хьацар дIа а доккхуш, букур ваханчуьра хьала айвелира пхьар...

— Делахьа, говраш а южуш, цхьа зерзакъ санна бахьана йича муха хира дара техьа, Пахомич, кхузахь?.. Цуьнан ойла ехьа,— аьлла, хаьттира Лопатина, пхьерана герга а воьдуш.

Цхьана минотехь Ходков тийна, ойла еш лаьттира.

— Иза а бакъахьа хила ма мега, Виктор Семенович,— аьлла, шен кочара муш охьа а кхоьссина, пхьалгIе чу вахара Пахомич.

7. ТИШАЧУ КЕМАНА КIЕЛ

Шийла а, сов сиха а кхузахь тIедеанчу Iаьна кIелбисина нах хала бохкура хIусамашца; четарш чохь а, сихха йинчу шина-кхаа барака чохь а массарна а меттиг ца тоьара.

Иштта, цхьа цIеххьана тIехIоьттинчу халонна кIел а висна, йиш йоьхча йинера латта охкучу бригадан бригадир волчу Науменкос шен доьзална хIара тамашена хIусам. Цундела марш санна еха бригадиран хIусам, маьнгийна хьалха тIорказ хIоттийчахь цу шиннa юккъехула стаг чекх ца валалуш готта яра.

— Мел лиэлар ю со хIара бала эцна? ДIа-схьа

хьовза меттиг бац, хьаланислахь, корта борна кхерам бу. Хlокху чохь муха ехар ю со, Андрюша? — бохуш, дов дора цунна хlусамнанас. Андрейн зуда Валентина Степановна, шен ткъей кхаа шарна дегlехь дукха зоьртала а йолуш, хьаьрсачу месашца къеггана сийна даккхий бlаьргаш а долуш стаг яра. И дог щlена долуш мел оьгlазъяхча а дашана кхин тlех ца йолу дела Андрейна дукха а езара. — Хlара хlу ду? Кху чохь шиъ дуьхь-дуьхьал кхетахь, вовшашна нацкъар а валалур вац,— олий, ша гlаддайна кlелйисча йоьдий тlорказ тlе охьахоура Валя.

— Дика ду-кх, вайша хlунда долу вавшашна нацкъар? Дала ма дохьийла,— олура, вела а къежий, Андрейс.

— Хьуна и бегаш бен кхи хlумма а ца хаьа, ас кху апарий кlел бала хьоьгу; хlара готта каш дечул, ахь хаза шуьйра тоьла а яькхина, тхов тиллинехьара гlоли хир дара.

— Собар де, сих ма ло, сан хьомениг. Цкъа хало ца лайча, ца йогlий атто-м. Цlеношш дина довлуш дохку, тlаккха вайна пагlат хlусам хир ю...

— Хир ю, хир ю. Ладугlуш lелахь. Хилахь хьо иза а йитина, со а такхийна кхечухьа гlур ву-кха,— аьлла, жимча кора хьалха лаьтта хlусамнана ара а хьаьжина дlатийра.

Тlе-кlал тоьхначу тишчу кеманна кlел дина марш санна деха уото дан а дара сиппа санна готта; маьнга хlоттийча стол хlоттойойла яцара, стол хlоттийча маьнга бахьа меттиг яцара. Цундела, маьнгийна хьалха лаьттачу лекхачу тlорказа тlехь йоура хlума а, цу тlе йижайора кхо шо кхаьчна Тамара а.

— Ма делахь, Валюша, дов,— аьлла, тIе а вахана, хьаьстира Андрейс шен хIусамнана. — Дицделла хьуна, айхьа сийсара йоккхаеш полярни буьйса хестаяр? Дагалацал цуьнан кIай хьаса боккхуш жовхIаршца егина кIужалш санна стигал лепош лаьттина зIаьнарш. Цкъа а гIорийнчуьра ца ясталуш, диллина ло ца хедаш хIара меттигаш елахь а, дагадогIий хьуна аьхка кху арахь вайша лехьийна и хаза зезагаш?

— Уьш хаза дац цо боху аса-м,— аьлла, шен майрачуьнгахьа дIайирзинчу Валин, тIорказан маьIигах кор а тасабелла, Iенира гIаймакхаш дан пеша тIе хьон бошхепара чорпа. — ХIара дай ас бохуш дерг-м,—аьлла, ша лаьттачохь тIорказа тIе охьаяхара Валя.

Валя кхин йистхилале, арара цхьаммо-м неI туьйхира.

— Мила ву? Схьа чу вола! — элира хIусамдас, шен буйнара горгам зудчуьнга а луш.

ТIеда ши у вовшах а тесна йина йолу готта, гома неI, цхьамма лазийча санна, цIовза а цIевзина еллаелира.

— Суьйре дика хуьлда шун.

— Марша вогIийла, Степан.

— Кор сихо ца баккхахь, ност-м дера кагйийр ю цу неIаро,— элира Валяс, елаелла хьеше а хьаьжна.

— Иза-м хIума дацара, Валя. Готтехь мега барт болчохь. Кестта керлачу хIусамаш чу кхелхар ду вай. ХIара шун тамашийна хIусам, туьйранца йийцийта, музей чу дIахIоттор ю вай,— аьлла, Валин дагахь долчух кхетта, вист а хилла, пеша юххехь лаьттачу гIанта охьахиира Степан.

— ХІара музейхь латтале-м къемата шо дагІахьара, цкъа чуьра арайьлла елара, — элира Валяс. — ХІума охьайилла меттиг яц, Степан, цхьанахьа таса ца луш ког баккха таро яц.

— Хир ю, Валюша, хир ю. Сих ма лохьа,— аьлла, шен зудчун хьажа тІе барт баькккхира, кетар тІеюьйхина ваьллачу Андрейс. — Тхойша Іемачуьра ваьлча вуха вайга вогІур ву хьуна,— аьлла, тІетуьйхира цо ша араволуш.

— Собердел, шу хІун Іамош ду? — аьлла, кетар тІам а лаьцна сацийнчу Степане хаьттира Валяс.

— Уй дохурш а, херх нисбийрш а, слесарш а, токарш а, ишшта кхин говзанчаш а кечбеш курсаш ма ю вайн. Цигахь тхойшиъ ву-кх цхьацца говзалла Іамош,— аьлла, жоп делира Степана.

— Хьо хІун Іамош ву? — хаьттира цо шен майрачуьнга.

— Уй дахан,— жоп а делла, шен накъостца аравелира Андрей.

ГІел а велла сарахь балхара чувеана Андрей йовха хІума а ца оуш вуха вахарна дагахь вас хилла охьахиира Валентина Степановна. Юха дагадеара цуьна, шен складера и пайда боцу болх а битина, болх бан Андрейца цхьана заводе яха. «Иза а, Андрюша реза хилахь, дер-кха», — аьлла, дитира цо.

Ша мел хала яллахь а, шена оьшург шорта делахь а, цхьана а хІуманна мало ца еш, халоно ойла ца йохош, доьзал, хІусам даггара дезаш, шен хьоме Андрюша хиларна шел ирс дерг кхин ца хетара Валентина Степановнина.

8. ГІАЛИН УРАМ

Кху, цкъа а адам ца даьхначу, Игаркин татолан бердан йисте бел а тоьхна, худар санна коча латта хьала айдеш. Бочаров Никитас таьІано-сийна ша гучабаькхичахьана дуьйна схьа тахана кхо бутт хан бен ца яьллера. ХІетахь, оцу Къилбседан шийлачу мохо нахера дІа а ийзош, дуьххьара доьгІначу кІайчу четарна гондахьа гулъелла хІинца алсам гІишлош яра.

Оцу дІабаханчу кхаа баттахь дуккха а хийцамаш хиллера кхузахь. Цу хийцамех кхузахь коьрта дерг: кхо эзар кубометр сов латта хьалаайдина нацкъар а доккхуш, кхо бІе кубометр аьчга-бетон кегийна охьа а юттуш, ши эзар кубометр хьун, хьаькхна охьаюьллуш гІирсаш бар а дацара. Коьрта дерг — кхузахь болчу нехан хийцабалар дара; хІинца нахана хам боцуш, майрра халонна дуьхьал бовла Іеминера, шайна керла говзаллаш Іамийнера, вовшашца барт болуш, нах цхьа доьзал хилла дІахІиттинера. Иштта бертахь кхиинчу кху боккхачу доьзална хІинца цхьана а хІуманах кхерам бацара.

Ноябрь беттан Іуьйренна хІоьттинчу сийно-сирачу дахкарлахь лаьтта завод хІинца, гІишлошъярхоша гондахьа йоьгІначу тангІалкхаш юккъехь яцара; заводан чарх йина а яьлла, тангІалкхаш вовшахъяьхнера.

Кхузахь цхьа завод йина ца Іара; заводан чархана гондахьа лаьттина четарийн гІала хІинца евзар а яцара.

Худар санна кочачу сацкъарца кхузахь ийна лаьттина уьшалш хІинца хаъал дІахиллера. Кху гІалин

цаI бен боцу у тоьхна шера урам-некъ хьуьна чу а кхочуш бара.

Тахана къинхьегаман исбаьхьалло кхелинчу оцу урамехь синкъераме дара. Йоккхачу туькан чохь катоьххана беш мах бара, белхалойн керлачу клубехь гойтуш киносурташ дара, хаза йина, селхана схьайиллинчу столовера мерзачу даарийн хьожа ет-талора. Урам чекхболлучохь лаьттара, хIинца, дина, белхалойн чохь бехаш долу дика цIенош, царна тIехьа, ша кIегар яккхарна оьгIазъяхача санна доккхачу лай кIел генаш а сеттина, буьрса, тийна лаьтташ йист йоцу хьун а яра.

Заводехь монтажни белхаш чекхбовлуш лаьттара. Бурош санна хьийзина, шен дечигех тера ваьлнашший, пха санна юлуш тIеийзина асанаш йолу дуккха а чкъургашший ехха конвеер а хилла лаьтташ яра.

Шатунан пIелгашна тIера тIаьххьара винт гIоддаха оьзна дIа а чIагIйина, Андрей Науменко херхан рамин лахарчу стойки тIера веза охьаиккхира. Шен Iемина йолу белш а ластийна, спецовкин деха пхьош охьа а оьзна, хьаж тIера хьацар дIа а даьккхина, ойлане ваьлла велакъежира Андрей.

— Схьахетарехь хIинца массо а шен меттехь-м ду, амма болх беш муха хир хаац-кх,— элира цо Никите.

— Хьовса вай, муха хуьлу?

— Хьовса дера-кха.

— ТIетаIаел рубильник,— элира Бочаровс Андрейга, рамин лахарчу станинах куьг гIортийна ша дIа а хIуттуш.

Науменкос рубильник тIетаIийра.

Уй дохучу чархо, барамехь тата а деш, шен болх дIаболийра. Берриге а баккхийбеш лаьттара рамин цхьанаэшшара дуьйлучу татанах. «Хьовсийша, мел сиха доьду дахар, — бохуш ойланаш йора цара. — Селхана дацара хIара ерриге а чалх яьшкий чохь Iуьллуш? Ткъа тахана айелла дIа а хIоьттина болх беш ю».

— ЦIена вовшахтесна болх бу,— элира Никитас, уй дохучу чорха тIе куьг а тоьхна.

— Дуьло, кIентий, собране кхуьур дац вай... хIума яа деза,— аьлла, массарел хьалха а ваьлла, завода чуьра ара волавелира Андрей.

Сарахь хийла хан яллалц дижанза дара гIалин урам; бохуш иллеш дара, дIо генара схьахезаш пондар а бара.

Собранера цIа веана Андрей, дика кхерзанчу чIераца, чай а мелла, сен цIоканех бинчу кIедачу метта ког хецца дIавижира, Валига кхана Iуьйранна ша хьалхе самаваккха а аьлла.

9. ХЬАЛХАРА У

ХIинцале йочанаша макх а бина, лач тиллина, аннийн цхьалха тхов а болуш цхьа кегийн, лоха цIенош дара заводан кетIахь, некъал дехьахь. Кху чохь вехаш вара Борис Васильевич Лавров.

Хийла хенахь дуьйна, сийсара дуьххьара шинакхаа сохьтехь совнаха наб а йина, тахана дегI дика долуш, паргIат кху чуьра аравелира Лавров.

Заводан кевна тIехула дIатоьхначу: «Диканца догIийла шу!» — аьлла, язйинчу плакатана кIелхула а ваьлла, заводан кертахь цхьацца белхаш беш бох-

кучу нахана тIевахана маршалла а хоттуш, шен белхан кабинета чу вахара Борис Васильевич.

Кху Енисейн Заполярьехь завод а, гIала а ечу урхаллин массо а тай чудогIучу хIокху жимачу кабинета чохь берг къен гIирс бара: пхиъ-ялх табуретка а дара, книгаша сатта а йина лаьтташ, сийна басар хьаькхина этажерка а яра, пенаца деха дIахIоттийна лаьтташ декъа гIант а дара. ДIанехьа маьIехь, кора кIел лаьтташ Лавровн стол а яра, тIехьа хIоттийна букъ болу гIант а долуш.

Стоьлана хьалха, пенах кхозучу Ленинан сурте хьаьжира Лавров, кIорггера ойла а еш; даимна а шен дагахь лаьтташ долу тхьамданан хьекъале хьажар хIинца кхуза — шайга Къилбседе хьаьжна долуш санна хетара цунна. «Дика кIентий бу, накъостий. Боккха болх бина аш, варий, ледарло ма елаш, майрра гIолаш керлачу кхиамашка!» — бохуш, Ленин шайга хьоьжуш санна хетара цунна.

Йистехьара стоьлан гIутакх схьа а оьзна, цу чуьра кIайчу кегIатан лист ийцира Борис Васильевича.

«Москва, ВКП(б)-н ЦК-га, Халкъан Комиссарийн Совете.

Севъенстройн гIишлошъярхойн коллективо, сийлахьчу Коммунистически партин лаамна муьтIахь хилла кхочуш а беш...» — аьлла, яздинера Лавровс парткоман секретарь Виктор Лопатин и волчу чуволучу хенахь.

Стоьла тIера хьала а гIеттина, накъостан чIогIа куьг а лоцуш, сакъераделла маршалла хаьттира Лавровс Лопатине.

— Борис Васильевич, нах схьагулбелла, митинг дIайоьллу хан кхаьчна хьуна, цига дIагIо вайша, — элира Лопатина, кхин охьа а ца хууш.

Завода чу воьдучу хьалха лаьтташ жима трибуна яра, гонаха тоьхначу цIечу кIади тIехь: «Даймахкана лаккхара дикалла йолу аннаш лур ду вай!» — аьлла, яздина а долуш.

Тахана кхуза ца вогIуш хIокху керлачу гIали чохь вехаш волчух кIезга стаг висинера; жима а воккха а — массо а кхузахь вара, сакъералуш, гIовгIанца баьхкина кегийрхой, школехь доьшуш долу бераш. Ширачу Игаркера чIерийлиэцархой, гондахьарчу тундрера сешлиэлорхой дукха чIогIа сакъераделла бара тахана.

Мангизей-Iам тIера дуьйна лерина кху гIалига хьажа веана таллархо Панкагир къуьйсуш воллура шена юххерчуьнца, Игаркел йоккха гIала хIокху дуьненахь яц, бохуш.

— Ткъа, шу долчохь, тундрехь евзий хIара гIала? — шега хаьттича:

— Дукха нахана йовзац хIара. Тхан нахана Дудинка евза, иза а ю Iаламат йоккха гIала; ялхийтта чум[1] ю цигахь. Амма кхузахь ерш ягарйина-м цхьа а вер вац,— элира таллархочо.

Массанхьара а схьахезаш гIовгIа, адамийн къамелаш, вовшашка детта маьхьарий дара.

— Валя, Валентина! Митинг чекхъяьлча тхоьга чIерийн пирог яа йолахьа Андрейца цхьана,—бохуш, мохь беттара, ела а къежна цхьа иро юьхь-сибат а долуш йолчу зудчо.

---

[1] Ч у м — цIеношш.

— Ткъа ниха хир дуй шуьгахь, ниха? — аьлла, мохь туьйхира Андрейс.

— Ниха а шорта хир ду. Варий, дуьйлалаш, Андрей.

— Со ван мегар дуй? — аьлла, дIанехьара схьа мохь а тоьхна, хаьттира аьчгпхьеро Степана.

— Дика мегар ду. Хьуна дийца керла хIума а ду хьуна сан, Степан, воьллахь.

Кегийрхоша синкъераме илли долийра, ткъа дIанехьа маьIехь, пондар а лоькхуш, хелхабуьйлуш бара. Iуьйренан боданца кхузахь хIоьттина дохк а, ца даьлла даьржина, дIадовш лаьттара, стигала а сакъераделлачу адамца кечлуш серлайолуш яра.

— Накъостий!..

Нехан гIовгIанаш сиха дIатийра, хьалха а таьIна схьахьоьжуш Виктор Семенович Лопатин волчу трибунехьа дIавирзира массо а.

Цо, гIишлошъярхойн коллектив хьалхарчу толамца декъала а йина, Борис Васильевичана дош делира.

Лавровс доцца дийцира, амма хIора дош а чIогIа къастош олура къамел дечо. Цо бохура, номер цаI йолу уй доху завод тахана болх бан йолаялар а, кху Iинехь летта Ильичан лампа а советски Заполярьян даккхий гIуллакхаш дIадолош яькхина хьалхара гIулч ю.

Къамел дечуьнан дешнаш а къардеш, ноябран дийнан шийла хIаваъ а датIош, заводан сиренан йоьзачу шакаре нуьцкъала аз делира. Кху арахь тахана дуьххьара даьлла и аз дехха айделла генна дIадахара, хIара йист йоцу аренаш, хьаннаш самаяха...

Хьалхарчу могIарехь цхьаммо-м ондачу озаца, цу сиренан маьхьарца къовсавала дагахь волуш санна, массара а тIаьхьара а олуш, илли элира:

Белха-лойн, а-хар-хойн —
Вай къуо-на гвар-дин ю...

Оццул дукха цхьа барт болуш вовшахкхеттачу аьзнашка ладоьгIча хьуьн чуьра массо а дечиг екаш ю а, мотталора, набарх а даьлла, ша кIелхьара айделла хи а техкаш хетара.

Хаъал ешаш дIаяйра мархаш а, ткъа цIеххьана гуш йоццчу херона юккъехула маьлхан зIаьнарш кхийтира сакъоьруш долчу адамийн кортошна а, заводан лекхачу цIеношна а тIехула.

Лавровс, заводан неIарера деха цIен лента а хадийна, хьалха чувахийтинчу Бочаров Никитас рубильник охьатаIийра. Болиндеро дукъо схьаоьцучу коре а яхана, хьаладаьккхина лаьттачуьра деши санна можа, тIуьна дукъо схьа а эцна, даккхийчу мIаранашна юкъаIаьвдира. ТIаккха Бочаровс шозлагIа тIам дIа а хецна юха ялийнчу болиндера тIера стомма дукъо уй дохучу чорхан рами хьалха — Андрей Науменко лаьттачу дIадахийтира.

Болиндер юха а дукъош лаьттачу коре яхара.

...Са озийча санна, боьлхуш дуткъа-деха аз делира херха, баганан дечиган муттан хаза хьожа а яржош, охьаяхара дечиган можа жираш.

«...Карскин экспедицина кечдечу киранах, уй дохучу заводан конвейера тIера тахана дуьххьарлера у схьаэцна», — аьлла, яздина чекхдаьккхира Ловравс Севъенстройн» коллективо Москох дохьуйтуш долу рапорт.

ЧУЛАЦАМ

Дийцарш.

Цхьана буса 3
Шеда-кхаж 13
ЦIена дог 26
Баппа 38
Хазачу йоьIан тIулг 45
Къайле 53
Месийн кIайн моха 67
ХIетахь дуьйна 74
Татол тIехь 78
Полярни буьйса 84
Ша меттахбаьлла 91

Очеркаш.

Даймехкан некъаш 127
Юьртахь 141
ЧIерий лецар 151
Хьуьнхахь 157
Хьалхара у 172

МАГОМЕД МАМАКАЕВ

ДОРОГИ РОДИНЫ

На чеченском языке

Редактор *Мусаев М.*
Художник *Дорохов А.*
Худож. редактор *Евменова Н. И.*
Техн. редактор *Кузьменкова Н. Т.*
Корректор *Джамалханов Д. З.*

*

Сдано в набор 10.V 1960 г. Подписано к печати 25.VIII 1960 г.
Формат 70x108$_{32}$. Объем 6,5(8,9)п. л. Уч.-изд. л. 7,38.
Тираж 2000. СФ02719
Чечено-Ингушское книжное издательство,
Грозный, 21, улица Ленина, 14.

*

Заказ № 3496
Типография имени 11 августа 1918 года,
Грозный, проспект Революции, 30|3.
Цена 3 р. 20 к.

С 1. 1 1961 г. цена 32 коп.

3

Мах 3 с. 20 к.
1.I 1961 ш. Мах 32 к.

ДОРОГИ РОДИНЫ
(на чеченском языке)